

НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

Главный редактор
Оксана ХЕТАГУРОВА

Редакция
Ответственный секретарь – Асланбек КАСАЕВ
Редактор отдела прозы – Борис ГУСАЛОВ
Редактор отдела поэзии и драматургии – Батрадз КАСАЕВ
Редактор отдела критики и публицистики – Зара АЙЛАРОВА

Редакционный совет
Гастан АГНАЕВ, Руслан БЗАРОВ,
Зелим ВАТАЕВ, Клавдия ДЖУСОЕВА,
Станислав КАДЗАЕВ, Елизавета КОЧИЕВА,
Анатолий КУСРАЕВ, Анжела КУДЗОЕВА, Камал ХОДОВ

Владикавказ, 2019

МАХ ДУГ

8
2019

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал мыхуыры цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

Сæйраг редактор
ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ

Редакци
Бæрнон секретарь – КАСАТЫ Аслæнбег
Прозæйы хайады редактор – ГУСАЛТЫ Барис
Поэзи æмæ драматургийы хайады редактор – КАСАТЫ Батрадз
Критикæ æмæ публицистикæйы хайады редактор – АЙЛАРТЫ Зарæ

Редакцион совет
АГЪНАТЫ Гæстæн, БЗАРТЫ Руслан,
УАТАТЫ Зелим, ДЖУСОЙТЫ Клавæ,
КЪАДЗАТЫ Станислав, КОСТЫ Лизæ,
КЪУСРАТЫ Анатоли, КУЫДЗОЙТЫ Анжелæ, ХОДЫ Камал

Дзæуджыхъæу, 2019

НОМЫРЫ ИС:

ПРОЗÆ ÆМÆ ПОЭЗИ
МАМСЫРАТЫ ДÆБЕ: 110 АЗЫ.
МАМСЫРАТЫ Дæбе. Мæ царды таурæгъ. *Мысинæгтæ* 5
АЙЛАРТЫ ИЗМАИЛ: 95 АЗЫ.
АЙЛАРТЫ Измаил. *Æмдзæвгæтæ, хъуыдытæ* 19
БУЛКЪАТЫ Игорь. *Прозæйæ фыст æмдзæвгæтæ* 29
КАРЗ ХÆСТЫ ФÆНДÆГТЫЛ – УÆЛАХИЗМÆ 35
НÆ КАД, НÆ НАМЫС
СУАНТЫ СТАНИСЛАВ: 70 АЗЫ
СУАНТЫ Станислав: «Фыццаджыдæр дæн ирон лæг, уый фæстæ та – инæлар». *Интервью* 40
ИКЪАТЫ СЕРАФИН: 110 АЗЫ
ХЪУЫЛАТЫ Зирæ. Йæ царды нысан 60
«МАХ ДУГ»-Ы РАВДЫСТ 65
ÆРЫГÆТТЫ ÆРМДЗÆФ
ГАСАНТЫ Валери. *Æмдзæвгæтæ* 81
ПУБЛИЦИСТИКÆ
ЦÆЛЛАГТЫ ВЛАДИМИР: 80 АЗЫ
ЦÆЛЛАГТЫ Владимир. Хетæгкаты Къостайы публицистикæ. *Уацæ* 85
ХУССАР ИРЫСТОН – 08.08.2008.
ГÆБÆРАТЫ Юри. Хæст, уæлахиз æмæ гуманитарон æххуыс 95
НОГ ТÆЛМАЦТÆ
ТАДТАТЫ Тамерлан. Зынгимæ хъазт. *Радзырд* 99
ДРАМАТУРГИ
ТЕМЫРАТЫ ДАУЫТ: 95 АЗЫ
ТЕМЫРАТЫ Дауыт. Хъазтизæры чегъретæ. *Интермеди* 108
ЛИТЕРАТУРÆЙЫ ФАРСТАТÆ
ГУÆЗДÆРТЫ Азæ, ДЗЕБОЙТЫ Азæ. Коцойты Арсен – радзырды дæсны. *Уацæ* 120
ИРОН ПРОЗÆЙЫ АНТОЛОГИ
ГАДАТЫ Лазæр. *Радзырдтæ* 126
ФЫСДЖЫТÆ ХУДЫНЦ 137
МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ 142

МАМСЫРАТЫ ДÆБЕ: 110 АЗЫ

(1909 – 1966)

МАМСЫРАТЫ Дæбе

МÆ ЦАРДЫ ТАУРÆГЪ

(Скъуыддзаг)

I

Мæ мад Гæба (Госæхъуыз)-иу афтæ дзырдта:

– Аст сывæллонæй мын амæй æнцондæр дарæн ничи уыдис. Дунемæ куыддæр фæзынд, афтæ иунæг хъыллист фæкодта æмæ ныхъхъус. Уымæй фæстæмæ кæугæ дæр никуы скодта... Æвæццæгæн, мæгуыр, бамбæрста, цы дунемæ рацыд, уый йæ рæвдауæг кæй нæу, уый

Цæугæ та хорз дунемæ нæ ракодтон – мæгуыр æмæ гæвзыкк уыдис.

Фыд амард. Ныууагъта авд сидзæры мадæн, æз – æстæймаг сидзæр та ма гуыбыны уыдтæн – цæвиттон, дунемæ сидзæрæй рацыдтæн.

Райгуырдтæн фыды амардæй 3 мæйы фæстæдæр – 1907 азы сентябры (чи фесæфт, уыцы метрикæмæ гæсгæ, мæ гæххæттытæ та арæзт æрцыдысты 1909 азыл, уымæн æмæ мæ Æрыдоны пансионатмæ бахауыны тыххæй мæ азтæ фæкъаддæр кæнын хъуыд).

Мæ райгуырыны фыццаг бон дæр мын дуне хорз æгасцуай нæ загъта: мадмæ æхсыр нæ уыд нæ фыды амарды мæстыты æмæ тыхстыты фæстæ. «Дæ фæхъхъау фæуон, царды дæ мады дзидзийы хъæстæ дæр нæ фæдæ», – дзырдта-иу мад. Хаста мæ мад сывæллонджын устытæм радыгай, æмæ мын уыдон дардтой дзидзи. Уалынмæ не ‘рвадæлтæй Лизайæн (Дзарасаты Дадойы ус уыдис) райгуырди лæппу. Сывæллон дзидзитæ æвдæлон кæнын нæ фæрæзта, æмæ уæд мæ мады нал хъуыдис мæнимæ хæдзари-хæдзар зилын.

Куыдæй ныууагъта фыд хæдзар? Хъæздыг уыдыстæм æхцайæ – 1000 сомы ныууагъта, æмæ уыйбæрц æхца хъæуы хъæздыгдæртæм дæр нæ уыдис.

Афтид армæй рахицæн кодта Хабийы йæ фыд Буци, зæгъгæ, ды амалтæ кæндзынæ, мæн та дæ кæстæрты дарын хъæуы (æфсымæрты хистæр уыдис Хаби). Зæхх нæ уыд. Хæдзар – иннæ ахæм. Æмæ уыдон самал кæныны тыххæй бинонты хурхыл ныххæцыд нæ фыд, дардта

сæ бызгъуырты, ма амæлайы комдзагæй æмæ, капекк капеккыл æфтаугæйæ, æхца æмбырд кодта зæхх æлхæнынæн, фæлæ дзы зæхх дæр нæ балхæдта, хæдзæрттæ дæр дзы нæ сарæзта, афтæмæй амард.

Фæлæ æхцайæ уæддæр ницы бафтыд бинонтыл. Нæ фыды амарды фæстæ фыды æфсымæртæ нæ мадæй домын райдыдтой, «се ‘фсымæры фæллой кæй сты», уымæ гæсгæ сын сæ куыд ратта æфстауы хуызы. Æмæ йын куы ныкъкъаппа-къуппа уой, куы йын фесæфой, уымæй тæрсгæйæ сæ пайдайыл радта нæ хъæуккаг Хъантемыраты Саламджерийæн. Уый дукани сарæзта, йæхи схъæздыг кодта. Афтæмæй нæ æрæййæфта революци, æмæ æхца зыбыты сæфт фæкодтой, махыл дзы капекк дæр нæ бахæцыдис, афтæмæй. Мæгуыр æмæ гæвзыккæй æрæййæфтон хæдзар.

II

Бинонтæ цæуынц тынг раджы куыстмæ. Мах мæ хистæр хо Милуанимæ (ууыл цыдис 4-5 азы, мæныл – 2-3 азы) баззайæм æвæгæсæгæй хæдзары. Мад нын ныууадзы кæрдзыны къæбæртæ æмæ цыхты муртæ. Æххормаг нын у, фæлæ сæм не ‘валæм, уыдон нæ сихор сты, æмæ банхъæлмæ кæсын хъæуы. Фæлæ фылдæр хатт нæхи нæ бауромæм æмæ уый фæстæ изæрмæ æххормагæй баззайæм.

Сывæллоны та цæй дарæс хъæуы? Хæдоны хæррæгъ ыл уæд, æндæр уымæй дæлæмæ гом цы у, уымæй не ‘фсæрмы кæны. Фæлæ хæринаг! Уый афтæ æнцой нæ уадзы сывæллоны, йæ хъуагæн зын фæразæн у. Æмæ хæринаг ссарынæн амæлттæ кæнæм нæ сывæллоны хъаруйæ. Дзыццайы стыр æрхуы тас кæрты астæу дæлгоммæ æрæвæр. Сис æй иуырдыгæй æмæ йæм саджилæг сараз. Саджилæгмæ даргъ бæттæн бабæтт. Тасы бын холлаг æркæн, стæй æнхъæлмæ кæс æмæ, куыддæр цъиутæ тасы бын фæзыной, афтæ бæндæн фелвас, тас æрхаудзæн, æмæ цъиутæ ам сты. Ам сты, фæлæ дæу нæма сты. Тасы бынæй сæ райсын зын у. Фæлæ тасыл хъæццул æрæмбæрз æмæ сæ хъавгæ ахс. Æмæ сæ-иу ахсгæ æркодтам, фæлæ сæ йе тонын нæ зыдтам, йе – фыцын.

Афтæ бонтæ цыдысты. Рацыдис мыл 7-8 азы. Хæдзары куыстытæн фæбæззыдтæн: хызтон фос, хастон дард мусæй хъæмпы æргъæмттæ æмæ æндæр лыстæг куыстытæ кодтон. Сæрибар рæстæг та? Хъæды, быдырты зылдтæн мæ «бандæимæ» – æмгæрттимæ –

нæхи Гадзатц, Уртаты Гаврел, Хъодзаты Махар, Дзарасаты Солтан, Хъодзаты Порка æмæ æндæртæ. Куыд диссаг рæсугъд у Дæргъæвсы æрдз. Арвыл лæууы æдзæрæг тæрсхъæд. Тæрсытæ – фадхъултæм. Ныллæгдæр хъæд. Голладжы дзаг дæр дзы тон.

Фæлæ йæ хъæддаг дыргътæ, йæ хæринаг кæрдæджытæ – æнæхъæн хъæды къохтæ уыдысты уыдон. Хъæддаг сæнæфсир-иу зæу-зæу кодта «Фæскъахыры» æмæ æппæтæй дæр нæхи бар уыди. Сæдæгай гектарты хъæды кæм цыхуызон фæткъуы кæнæ кæрдо зади, кæмæн дзы цы хуызæн ад ис æмæ цы афон сцæттæ вæййы, уыдон ма бæлвырд зонын абон дæр, кæд ма дзы исчи æгас у, уæд. Уæд мугæтæ, мыртгæтæ, цымтæ, тыртытæ æмæ æндæр ахæм дыргътæ дæр æлæмытæй задысты нæ хъæды æмæ нæ быдыры.

Диссаджы уыгæрдæнтæ уыди Быдыры Дæргъæвсы – алыхуызон дидинджытæй æрттывтой æмæ уагътой диссаджы алыхуызон адджын тæф. Æмæ уый зынаргъ куыд нæ уыдис, фæлæ ма сæ бын сырх-сырхид адджын тæфгæнаг æрыскъæфтæй сырх кæй дардта кæрæй-кæронмæ, уымæй та нын зынаргъдæр уыдысты.

Уалдзæг – давон, мæкæрæз, гæнгæлы, кæрог, лæджирттæг, дзындзалæг – æмæ сæ чи фæуыдзæн нымад. Сабитæ – æдзух æфсæст æрдзы лæвар лæвæрттæй. Зæрдæ хъæлдзæг, цæуы зарын. Кæддаг дарæс бызгъуыр кæй у, йæ гæмттæй буар алырдыгæй кæй зыны, уый та чи хъуыды кæны? Чи дæ уыны хъæды. Зараæм нæхи мысгæ ныхæстæй. Мотив арæзта Дзыбылаты Барис – ме ‘мгар, ныхæстæ мысыдтæн æз, æмæ, цыма нæ зарджытæм адæм хъуыстой, афтæ зынд. Хистæртæ нæм сæ хъус æрдардтой. Æмæ уый фæстæ, махыл 12 азтæ куы цыдис, уæд хистæртæ зарæг кæнын сфæнд кодтой, йæ кæнгæ ‘фсымæрæй йæхи чи фæхудинаг кодта, ахæм чызгыл. Акодтой æнæус æмæ усджын læппуты се ‘хсæнмæ æмæ мын бамбарын кодтой, цавæр зарæджы ныхæстæ сæ хъæуы, уый. Дыккаг бон мыл Сасиаты Геро куы сæмбæлд, уæд радзырдтон уымæн фыццаг куплет:

Ой, сусхъæдæй сыфтæрджын, гъей,
Уæд халон бадæн.
Ой, абон мыл цы худут, Дæргъæвсы
фæсивæд, гъей,
Сусæгæй сывæрджын
æз фарон бадæн.

Геро фыссын нæ зыдта, æмæ йын æй иу-цалдæр хатты радзырдтон, цалынмæ йæ йæ зæрдыл дзæбæх бадардта, уæдмæ. Уыцы изæр зарджыты къордæй Токаты Батырбегæн радзырдтон:

Ой, сæ фæрвæй сæ бандон, гъей,
Бадгæ дæр ыл нал кæнынц.
Ой, сæ мæрдæй фæбадон, гъей,
Батæ дæр мын нал кæнынц.

Æмæ афтæ лæгъз ацыдис зарæг. Мотив ссарынæн та сын тынг феххуыс ис Джыбылаты Барис. Бузныг нæ уыдысты.

Фæлæ уыцы хабар æрæджиау уыдис. Нæ хабæрттæ та нæ фæдфæдыл дзурын хъæуы.

Зарын уарзтам, æмæ нæ уымæ, чи зоны, разæнгард кодтой, Æрæфы фаллаг фарс цады алфамблай чи зарыдис, уыцы мингай цъиутæ. Уыдон зарын райдайынц боныцъæхтыл уалдзæджы, æмæ се ‘ппæты зардæй рауайы иу тыхджын зарæг – гимн уалдзæгæн. Æз Ирыстоны бирæ рæтты ацардтæн æмæ æндæр никуы фехъуыстон ахæм цъиуты зарын. Уæлдайдæр никуы фехъуыстон булæмæргъы зарæг, æмæ, цыма уыцы «притон» йеддæмæ никуы зары, афтæ мæм кæсы. Æмæ йæ «притон» мæхи пыхæстæй нæ хонын.

Райсомы-иу тынг раджы æрæмбырд сты адæм аргъуаны къуыбырмæ, уæлдайдæр та – хъæнджынтæ (санаторийы бынат у Дæргъæвс, æмæ йæм уый тыххæй æрцæуынц сæдæгай тархъæнджынтæ, бадынц бæлæсты бын доны былыл, уырдæм сын хæссынц хуынтæ æмæ сæфы сæ низ, нард кæнын райдайынц). Æз ахæм дыууæ хабары дæр ма зонын, æмæ бричкæты афтид стджытæ æрластой Æрæфы былмæ, улæфт сын нал фаг кодта. Стæй сæрды кæронмæ хъазты къах-къухтыл кафын байдыдтой, афтæмæй-иу сæ хæдзæрттæм афардæг сты. Дæргъæвсы чехоткæйæ рынчын чи у, ахæмтæ дзы искуы-иу йеддæмæ нæй (æмæ уый, æвæццæгæи, Æрæф кæны), æмæ уыцы къуыбырæй хъуыстой цъиуты зарæгмæ, улæфыдысты, сæкæрау дзыхы чи тайы, уыцы уæлдæф. Уыцы адæмимæ-иу уыдис стыр ахуыргонд æмæ бирæ фенæг Баймæтаты Петя, æмæ уый загъта:

– Уæрæсейы (кæд Кавказы загъта, уæддæр æй нал хъуыды кæнын) ис зараг цъиуты притонтæ æхсæз æмæ, мæнмæ гæсгæ, ай у æвдæм притон. Иу хатт фæдзурын хъæудзæнис, чи зоны, ахæм адæймагмæ. Уæдæй фæстæмæ бадардтон мæ зæрдыл «притон», зæгъгæ, уыцы

дзырд, кæд ын йæ хъуыды не ‘мбæрстон, уæддæр. Петя та цавæр æхсæз притоны кой кодта, уыдоны хабæрæн абон дæр ма ницы зонын.

III

Хъæлдзæг æмæ хъæздыг хъæу уыдис, иумæ райсгæйæ, Дæргъæвс. Дыууæ-æртæ хъазты дзы кæд нæ уыдис, ахæм бон нæ ивгъуыдта сæрд дæр, зымæг дæр. Махæн нæхи дуармæ, стæм хаттæй фæстæмæ, уыди хъазт. Цагъта сын диссаджы фæндырдзæгъдæг – нæхи Былой (йæ ном Хатæхцыхъо хуыйны, фæлæ «тæрхъусы былимæ» райгуырдис, æмæ йæ афтæ рахуыдтой чысылæй. Ныр йæхæдæг дæр йæхи ном афтæ фыссы). Диссаджы уæздан дардтой сæхи фæсивæд. Æнæ уæлдай хъæр, æнæ уæлдай змæлдæй цалхы æрдæгау рæнхъ læууыдысты æмæ уарзоны зарджытæ кодтой фæндыры цагъдмæ, æмбарын кодтой сæ уарзондзинады сагъæстæ чызджытæн. Æрбацыдис-иу ног фæсивæд. Сæ кармæ гæсгæ сын læвæрдтой бынат, æмæ уыцы уæзданæй сæ кафты кой кодтой дарддæр.

Арахъхъ æмæ-иу чъиритæ куы фæзындысты хъазты, уæд-иу læппутæ чызджытау ныссырх сты æмæ нуазын нæ куымдтой. Раздæр чи æрбацыдис, уыдон-иу сæхи ракуырдтой æмæ-иу ацыдысты иннæ хъазтмæ.

Мæ амондыл нымайын, Дæргъæвсы æртæ фæндырдзæгъдæджы кæй уыдис, уый. Уый фæстæ мын фыссынæн кæй феххуыс сты, уый тыххæй нæ, фæлæ мын мæ сабийы мæгуыр бонтæ кæй барухс кодтой, уый.

Æртæ фæндырдзæгъдæгæй иу иннæйы хуызæн нæ цагъта. Нæхи Былой кодта æрмæст кафыны цæгъдтытæ, уарзæтты зарджытæ æмæ сæм йæхæдæг хъырныдта. Хъантемыраты Адзе, удæй дæр æмæ æгъдауæй дæр уæздан Адзе, кодта æрмæст кадджытæ æмæ сын рæсугъд, бæзджын хъæлæсæй дзырдта сæ ныхæстæ. Адæм сæм хъуыстой æдзæмæй. Уый фæстæ йын йæ кадджытæй ныффыстон цалдæр æмæ дзы сарæзтон, мæхимæ гæсгæ, кадæг. Йæ рæстæджы йын рецензи ныффыста Нигер.

Мæ фыды æмсиахс Токаты Бæбу кодта æнæфсарм худинаджы зарджытæ, зарæгæй дзырд не ‘ппæрста, афтæмæй. Уыдонмæ дæр адæм хъуыстой зæрдиагæй. Кæм-иу сæмбырд сты сæ алыфарс адæм, уый уыдис «Бердиаты ныхас», стыр сарайы къулрæбын. Сарайы

хуынчъытæй кастысты æмæ хъуыстой сыхы сылгоймæгтæ. Уынджы иннæ фарс та-иу сылгоймæгтæ кауы ауон ныггуппæрттæ сты, цыма сæ ничи уыны, афтæ кастысты æмæ хъуыстой.

Диссаджы хуызæн-иу сарæзтой фæндырдзæгъдджытæ сæ «концерт». Райдыдта-иу Хъантемыраты Адзе Нарты æмæ æндæр хъæбатырты кадджытæй. Сылгоймæгтæ куыдтой хæкъуырццæгæй, лæгтæй дæр иуæй-иутæ сæ цæссыг нæ урæдтой, кæронмæ-иу «Æфхæрдты Хæсанæ»-йы кадæг куы кодта, уæд. Йæ ныхæстæ Къубалты Алыксандрæй ист нæ уыдысты.

Банцадис-иу Адзе. Адæм æдзæмæй лæууыдысты дзæвгар рæстæг. Стæй-иу Бæбуйы фæндыр фæхъист кодта. Кæуыны цæссыгтæ-иу худыны цæссыгтæм рахызтысты. Изæр-иу фæцис хъазтæй Былойы фæндыры цагъдмæ.

Мæнмæ афтæ кæсы, уыцы фæндырдзæгъдджытæ хъæуы амонд уыдысты. Уæлдайдæр – Адзе. Æз куы ралæг дæн, уæд фæстæмæ байхъуыстон Ирыстоны кадæггæнджытæм, æмæ сæ цыма Адзейæ рæсугъддæр æмæ бæлвырддæр ничи кодта, афтæ мæм кæсы. Цыма сæ нæ номдзыд Цопанаты Арсæмæгæй дæр бирæ хуыздæр кодта. Чи зоны, Адзейæн зæрдæмæдзæуагдæр зæллангæнаг хъæлæс уыдис, æмæ уымæн. Чи зоны, уæд ма гыццыл уыдтæн, æмæ мæм кадджытæ арфдæр хъардтой. Цы у, уæддæр Адзейæ тыхджындæр кадæггæнæгыл нал сæмбæлдтæн.

Кадджыты фæстæ нын-иу нæ даргъ æхсæв цыбыр кодтой нæхи Бебийы аргъæуттæ. Хадыхъаты Болаты хуызæн уый дæр сыгъдæг уыдис цæсгомæй дæр, зæрдæйæ дæр. Уарзта сывæллæтты æмæ нæ-иу тохынайы раз зæххыл сбадын кодта æмæ-иу райдыдта йæ диссаджы таурæгътæ, аргъæуттæ æмæ æмбисæндтæ дзурын.

Цал æмæ дзы цал мины зыдта! Куыд лæууыдысты йæ зæрдыл! Амардис 131-аздзыдæй, хъæуы хистæрæй, æмæ цал фæлтæрæн ракодта йæ аргъæуттæ, таурæгътæ, æмбисæндтæ!

IV

Æхсæрдæсæмаздзыд –
Лæджы бындзæфхад,
Æгæр дæр фæхъазыд,
Æгæр дæр фæбадт...

Мæныл æхсæрдæсæймаг аз нæ рацыд, ралæууыд мæ фарæстæм, æмæ мæ хос кæрдыныл дæр не ‘фтыдтой. Скодтой мæ скъоламæ. Ахуыргæнæг Акъоты Хаджумар, диссаджы сабыр æмæ хæларзæрдæ ахуыргæнæг (афтæ мæм кæсы, æмæ мæ ахуыргæнджытæй кæддæриддæр амонд уыдис), нымайын мæ кæны. Кæд «æвддæс, нудæс» анымадтон, уæддæр мæ раппæлыдис æмæ мын къласы бынат скодта. Ахуыр цыди хорз. Фæлæ иу хъуыддагæй тыхстæн: партæты фæстæ къуымы Мадымайрæмы ныв уыдис, æмæ йæм алы бон дæр кувын хъуыди, партæты бандæттыл зонгуытыл лæугæйæ. Цалынмæ-иу «Достойно есть Якова истина» кастыстæм, уæдмæ-иу уæрджытæ дудын байдыдтой. Аргъуанмæ цæуын та тынг бирæ уарзтон. Нывтæ мæ ластой. Нæмгæ нæ кодта, нæ цæсгом къулырдæм, афтæмæй, стæй нæ лæууын кодта хоры нæмгуытыл нæ уæрджытыл Æбаты Шамил дæр (уæд махмæ ахуыргæнæгæй куыста).

Ахуыр хорз цыди, фæлæ дард нæ ацыд. 1917 азы уалдзæджырдæм не ‘ппæты хистæр Сандройы Турчы фронтмæ акодтой, йæ кар нæма уыдис, афтæмæй кæйдæр бæсты (хъæуыхицау Дзарасаты Абацийы æфсымæр Никойы бæсты). Хæдзар æнæ сæр æмæ æнæ дарæгæй баззади. Мады хъæстытæй æмæ мæстытæй ницыуал рауадис.

Хæдзар дæр кусæгкъух хъуаг фæцис, æмæ хæдзары тыхтыл сывæллоны тыхтæ дæр æнæ сбæтгæ нæ уыд. Дзыцца мæ разы тъæпæн бадтис (æз зæххыл хуыссыдтæн) æмæ мын дзырдта:

– Дæ фæхъхъау фæуон, хъазыны бонтæ дæр дын нæ фæци... Сидзæрæй куы райгуырдтæ, уæд рахастæй демæ, цы амонд дæм каст, уый,– æмæ йæ цæссыгтæ йæ хурсыгъд æнцъылдтæ къухы уæлфадæй сæрфта. Æз æй сабыр кодтон.

Райдыдтой мæ фæллойы фыццаг бонтæ. Не ‘мцег Дреты Даттеимæ, кæд нæ рæдийын, уæд ацыдтæн уалдзыгæнд кæнынмæ Змейкæйы зæххытæм (зæххытæ нын дзы æххуырст уыдис).

Æз фынæйæ тардтон бæхты, æмæ мын-иу хаххæй фæиуварс сты. Уæд-иу стыр хус къуыбар кæнæ чысыл дур сæмбæлдис мæ фæсонтыл, æмæ мæ-иу уый райхъал кодта. Ехх, кæм фесæфти уыцы хуыссæг. Мæ фырфынæйæ ма мыл фæззæджы ахæм хабар дæр æрцыдис: фæззæджы уыдыстæм Сосланимæ нартхор тонынмæ, æз хъуамæ бæхмæ кастаин – ахуыræн тынг кад нæ уыдис нæ хъæуы, æмæ-иу цы сахат бахъуыд куысты, уыцы сахат-иу æй фæцух

кодтой йæ ахуыræй. Сослан скъæрдта бæх уæззау сæпп-сæппæй. Æз бадтæн гуыффæйы хъæмпыл æмæ бафынæй дæн. Гуыффæйы дзыртт-дзырттæй уæрдоны кау фæстæмæ рабырыд, æмæ фæсте стыр хуынкъ рауадис. Уыцы хуынкъæй рахаудтон æмæ хъал дæр нæ радæн, мæ хъæмпыл фынæйæ баззадтæн. Мигъджын уазал фæззыгон райсом уыдис, æмæ мæ-иу уазал райхъал кодта, фæлæ фын уæддæр тыхджындæр уыдис. Акъуыбылой-иу дæн æмæ та-иу афынæй дæн.

Сослан дард куы ацыд, æрмæст уæд бафиппайдта, уæрдоны кæй нал дæн, уый. Фæстæмæ фездæхта æмæ мæм тæхгæ æрхæццæ. Рахъил мæ кодта. Уигъы мæ æмæ мæ тарст хъæлæсæй фæрсы:

– Кæм ныццавтай дæхи? Цы ныццавтай? Кæм дын риссы?

Фынæй кæнын мæ куы бауагътаид, æндæр мæ цæфы мæт дæр æмæ рысты мæт дæр бæргæ нæ уыдис. Уыгъта мæ, афтæмæй-иу афынæй дæн. Хъусын йæ ныхас:

– Æнхъæлдæн, йæхи ныппырх кодта æмæ уадзыг у. Ласын æй хъæуы нæхимæ, – уыцы ныхæстæ йæхицæн кодта, фæлæ сæ æз фехъуыстон. Мæхи тынгдæр ауагътон – амонд у, хъæумæ мæ куы аласа æмæ æнæхъæн бон хуыссæгæй куы бафсæдон, уæд.

Æцæг афтæ рауадис.

Фæлæ нæ хуымгæныны таурæгъ кæнæм. Хуым кодтам не ‘мцегæн. Сыхаг раздæр хуым кодта æмæ йæ дуртæ иууылдæр не ‘мцеджы хуыммæ фæкалдта. Рауадис дзы загъд æмæ над. Ме ‘мцегæн йæ фындзы туг калд, йæ сыхагæн та йæ бæрзæйы туг – æгæр æй ныццавта не ‘мцег дзомсы цыргъæй. Баиргъæвтой сæ. Хуым кæнæм. Куыд ма загътон, афтæ æз æрдæгфынæйæ тардтон бæхты, æмæ мыл уадис дурты æмæ къуыбæртты цæфтæ.

Зæнгтæ уæрагæй дæлæмæ – зыбыты бæгънæг, къæхтыл – ныллæгхъус аразгæ дзабыртæ. Тыхсынц къæхтыл сындзджын дзедырджытæ æмæ стигъынц зæнгты буар. Фæраст сæм вæййынц фароны нартхоры хæтæлтæ æмæ буар сфадынц. Туг кæлы, фæлæ йæ чи хъуыды кæны. «Хъæдгæмттæ сцъæйтæ уыдзысты, фæлæ хуымтæн æнæ бакæнгæ нæй, уæд стонг аз скæндзæн». (Ард йæ хæдзары бацæуа, ныр пъолыл куы ‘рлæууын, уæд простуд куы фæкæнын, мæ буар гыццыл фæцъæрræмыхст, зæгъгæ, уæд мын столбнячы уколтæ куы кæнынц, уæд мын уыцы æнæниздзинад цы фæцис? Уæвгæ мын æцæг столбнячы ныхмæ укол кæнын кæд хъуыд, уыцы цау дæр æрымысдзынæн.)

Зынтæн дæр фæразын, æмæ мæ зæрдæ хъæлдзæг у – тагъд хуымгонд фæуыдзыстæм, æмæ та æз зилдзынæн хъæдтыл, найдзынæн Æрæфы сатæг уылæнты мæхи æмæ, цард, кæд мæгуыр у, уæддæр хъæлдзæг æмæ амондджын уыдзæн. Фæлæ афтæ нæ рауад.

V

Уæрæсейæ цыдæр змæстыты хъæр хъуысын байдыдта. Паддзахы, дам, раппæрстой.

– Афтæ йын хъæуы уыцы куыдзæн...

– Йæ бынаты æндæр паддзахы æрæвæрдзысты, æмæ уый дæр махæн ницы хуыздæр уыдзæнис.

– Паддзах, дам, æппындæр нал уыдзæни,– дзуры мæгуыр лæг Хъодзаты Дзыццо.

– Гъи! Куыд нал уыдзæнис паддзах? Уæдæ дзы дæу сæвæрдзысты? – хынджылæг дзы кæны хъæздыг Фидараты Михал.

– Æмæ йыл худгæ та цæмæн кæныс? – фæрсы Михалы мæстыйæ гуылæвзагæй Æлбораты Бечмырзæ (уый хъæздыг хæдзарæй уыдис, фæлæ ахуыргонд уыдис æмæ кæронмæ революцийы æрлæууыдис. Фæмард 1924 азы, хъæусоветы сæрдар уæвгæйæ). – Революци уымæн ралæууыдис, Михал, æмæ хъуамæ паддзах мауал уа, фæлæ адæм сæхицæн хицау уой.

Уымæ фæстæмæ дзурын нæ уæндыд Михал, стæй йын йæ зæрдæ скъаха, уый дæр æй нæ фæндыд. Фæлæ ма æнæрвæссон худт кæнгæйæ загъта:

– Уæдæ Дзыццо дæр паддзæхтæй иу уыдзæни, нæ? Гъæ, йæ тæригъæд фæхæссат, йе, – йæ къухтæ фæсонтырдыгæй йæ уæлдзарм кæрцы дысты батъыста æмæ иуфарс ацыдис.

Хъæу куыддæр æнæнцой змæлд кæнын райдыдта, адæм цæмæйдæр тарстысты, цæмæдæр æнхъæлмæ кастысты, афтæмæй сыл цыдысты бонтæ.

Уалдзæджы хæстæй сыздæхт Баймæтаты Агуыбечыр. Уый хæстмæ ацыди нæ хистæр хо Бæдимæты фыццаг лæг Фидараты Доттиимæ. Дотти, æнæхæдзар уæвгæйæ, кадджын лæппу уыд, уый тыххæй йын бакуымдта Бæдимæт дæр. Нæма йæ ахастой, афтæ йын Æрæфы был сахъари хæдзар кæнын райдыдтой. Æппæты тынгдæр архайдта Бæдимæт йæхæдæг, æфсæрмы нæ кодта.

Йæ фыд Дзиккуыры амарды фæстæ Дотти фыццаг хатт æрцардис йæхи хæрзæфснайд, сыгъдæг, ног хъæмпæй æмбæрзт хæдзары. Рæстæгмæ хæдзар æй хуыдтой. Хъуамæ тагъд скæной фæхсæй дурæмбæрзт хæдзар. Ныр уал ацы хæдзары дæр амонджын уыдысты. Хъуыды ма кæнын, кæсæджы зæххы рувынмæ уыдысты, æз та сын бæхмæ кæсæг уыдтæн. Изæры мæй йæ цалхыдзагæй касти. Æз бæхтæрæг уыдтæн æмæ Доттийы ныхасæй бæхы тардтон, куыд уайын йæ бон уыдис, афтæ тагъд. Бæдимæт йæ дзыхæй цагъта, Дотти та фыццаг гуыффæйы быныл кафыдис, стæй гуыффæйы фарсхъæдтæм фæгæпп кодта æмæ уым кафын райдыдта.

Амонджын уыдысты, фæлæ сæ амонд дард нæ ахаста – æрмæст æртæ мæйы ацардысты (Бæдимæт та куырдуаты аст мæйы фæбадтис), афтæ йæ Баймæтаты Агуыбечыримæ æфсадмæ акодтой. Цас рæстæг рацыд, уымæн ницы хъуыды кæнын, афтæ Воздвиженскæй æрбайхъуыст, ирон хæстонтæ, дам, цухъхъатæ йеддæмæ салдаты цинелтæ скæнын нæ бакуымдтой, афицертимæ (хъазахъхъаг полкъимæ) схæцыдысты, æмæ афицертæй дæр бирæ фæмард, ирæттæй дæр. Уыдонимæ фæмард Дотти дæр.

Æз Бæдимæтæн хъахъхъæнæгæй баззадтæн йæ мæгуыр хæдзары, цалынмæ идæдзы æгъдæуттæ конд фæцис æмæ нæхимæ æрбаздæхт, уæдмæ. Цæй бирæ хъарджытæ разынди Бæдимæтмæ! Цæй диссаджы фæлмæн ныхæстæй сидтис йæхимæ æхсæвæй-бонмæ Доттимæ:

–Уæ мæ зæрдæдарæн! Уæ мæ царды цин! Уæ мæ лæугæ хох æмæ мæ цæугæ мæсыг! Æз дæр сидзæр куы дæн, уæд мæ иунæгæй цæмæн уадзыс? «Бирæ дæ уарзын», куы дзырдтай, æмæ дæ æз дæр куы уарзтон, уæд мæ цæмæн фæсайдтай? – куыдта æхсæвты суанг бонмæ, æмæ æз дæр куыдтон йемæ.

Фæлæ ныхас Агуыбечырыл цæуы. Сыздæхт уый æфсадæй, йæ алыварс æрбакъорд кодта, хъæуы мæгуыртæй удыхъæдæй сæрæндæр чи уыдис, уыдоны. Ныхæсты-иу арæх зынын байдыдтой æмæ адæмы æхсæн «змæнтæн» ныхас кæнын райдыдтой. Агуыбечыры хуыдтой «большевик», стæй йын уыцы номæй рахуыдтой иннæ æмбæлтты дæр, фæлæ «большевик» цы ныхас уыдис, уый æз нæма зыдтон.

Нæ уæле Сечеры революцион къорды разамонæг уыдис Хайты Батырбег, йæ къорды та уыдысты нæ чындз Олинкайы хистæр æфсымæр Баситы Алимырза, Гæтæгонты Хадзырæт, Мецъиты Абади

æмæ ма æндæртæ. Сиу сты мах хъæуы къордимæ æмæ цавæрдæр хъуыддæгтæм цæттæ кодтой сæхи.

Дарддæр революцион цаутæ Дæргъæвсы куыд æрымысыдтæн, афтæ равдыстон роман «Хъæбатырты кадæджы» 2-аг æмæ 3-аг чингуыты Æрæфыхъæуы цаутæ æвдисгæйæ. Фæлæ ма хæрз цыбырæй ахæм дыууæ цауы æрхъуыды кæнынмæ хъавын:

1. Алимырзайы Дзыцца æрхуыдта, ирон æгъдаумæ гæсгæ, нæхимæ – йемæ уыдысты Батырбег æмæ Абади. Се ‘ппæтыл дæр уыди фæрсмæ фæлдæхт хъазахъхъаг топпытæ, астæуыл æмæ уæхсчытыл – цæхгæр æвæрд хъатаратæ æмæ нагантæ сæракæй хуымпъырты. Æгасцуай зæгъынмæ сæм кæй æрбахуыдта Дзыцца, уыдонимæ уыдысты Агуыбечыр æмæ Бечмырзæ дæр – уыдон дæр афтæ ифтонг уыдысты хæцæнгæрзтæй. Мидæмæ сæ хæдзармæ куы кодтой, уæд мын Агуыбечыр мæ хъусы æрбадзырдта:

– Цу, аргъуаны къуыбырæй кæс æмæ, ардæм барджытæ кæнæ фистæг адæм къордæй куы цæуой, уæд нын æвæстиатæй хъусын кæн. Хъусын кæнын дæ къухы нал бафтыдис, зæгъгæ, уæд та-иу дыууæ æхситты ныккæн.

Уымæй бамбæрстон, сæ бадт тæссаг кæй уыдис, уый. Æхсызгон мын уыдис, ахæм хæс мæм кæй æрхаудта, уый. Ме ‘мгар æмæ сыхаджы, Уртаты Гаврелы, мемæ айстон, дыууæйæ хуыздæр хъахъхъæндзыстæм, зæгъгæ, уый æфсонæй, фæлæ уымæн дæр æхсызгон уыдис, ахæм хъуыддагæн æй кæй бацагуырдтон, уый.

Æхсæв уыд мæйрухс. Хъахъхъæнæм, хъахъхъæнæм, фæлæ никуы æмæ ницы. Дзæгъæлы тæрсынц, зæгъгæ, афтæ банымадтам æмæ зæххы кардсадзынтæй хъазын райдыдтам. Уалынмæ мын Гаврел мæ уæхскыл фæхæцыд æмæ йæ иннæ къухæй Æрæфы фаллаг фарсмæ амыдта. Бирæ барджытæ фæуырдыг кодтой Æрæфмæ. Æз ныхситт кодтон. Стæй нæхимæ разгъордтам. Уазджытæ бадтысты сæ бæхтыл, Агуыбечыритæ дæр уæдмæ сæ бæхтыл бадтысты – бæхтыл уыдысты, уый нæ бафиппайдтон уазджыты бæхты æхсæн.

– Федтон сæ мæхæдæг. Бирæ барджытæ сты, – дзырдта мæ бацыдмæ Агуыбечыр, стæй мæм уæлбæхæй йæ сæр æривæзта та мын мæ хъусы загъта:

Гæбайæн[1] зæгъ, æмæ нын-иу райсом хæринаг Цæвæджыхъомæ

[1] Дæбейы мад Дзыццайы дыккаг ном, – (Редакци.)

рахæсс. Уым уыдзыстæм. Æрмæст искæмæн...– йæ былтæ ангом кодта æмæ сæ йæ амонæн æнгуылдзæй балхъывта.

– Уанцон нæу.

Уымæй фæстæмæ сын сусæгæй хæринаг хæссын райдыдтон. Алыхатт дæр сæ бынат ивтой, æмæ сын ног бынатмæ хастон хæринаг. Æрмæст сæхæдæг æмæ æз зыдтам ног бынат.

Фæлæ ууыл нæ цæуы ныхас. Бинонтæ æнкъардæй ныххуыссыдысты – Сандро йæ бинойнагимæ уæладзыджы, мах – æрдæгпъадвалы. Фæсахсæвæрты нæм фæзындысты фондз гæрзифтонг хъазахъхъаджы. Сæ амонджытæ уыдысты нæ сыхаг Баймæтаты Коля æмæ Цырыхаты Мырзахъул. (Уый хæдразмæ нæ хæдзары хуынд уазджытимæ бадтысты, Мырзахъул та уыд Олинкайы æмдзуарджын).

Уæззау цырыхъхъытæй асинтыл гыбар-гыбурмæ фехъал стæм иууылдæр æмæ кæртмæ ракалдыстæм. Уæдмæ хъазахъхъæгтæ «джигул кодтой» ног чындзы æмæ йæ мойы уаты. Дæргъæвсы фатеры давд никуы уыдис, æмæ уый тыххæй сæ дуæрттыл æхгæнæнтæ нæ уыдис æмæ сыл гуыдыр никуы æвæрдтой. (Афтæ у ныр дæр ма, 1958 азы, бирæ хæдзæртты).

Гом дуарыл, æнæ бадзургæйæ, бамидæг сты ног чындзы уаты. Ног чындз ма фæтæррæтт кодта афтид мидæггæгты æмæ нымæты йæхи батыхта. Фæлæ йæ хъазахъхъаг райхалын кодта, æрмæст рæсугъд у æви нæ, уый фены тыххæй.

Сандройы æрцахстой. Хæдзары – кæуын æмæ цъæхахст. Фæлæ дыккаг бон æрцыд нæхимæ.

– Мах ын куы нæ уыдаиккам, уæд ын æнæ фехсгæ нæ уыд, – æппæлыдысты Коля æмæ Мырзахъул.

Æз сусæгæй хæринаг хæссын кæнæ та, растдæр зæгъгæйæ, галуæрдоны гуыффæмæ бастæй ласын байдыдтон. Хъæуыхицау Сугъараты Дзадза мыл (уæды хъæуыхицау, кæддæр Уæрæсейы дæр стражник уыдис, æмæ уымæй налатдæр лæгæн скæнæн ницы ис) дызæрдыг кæнын райдыдта, дызæрдыг каст дам-иу кодта мæ фæстæ. Фæлæ æхсæзæм бон сæ бынаты нал сæййæфтон партизанты, Асыйы хæхтæм, дам, аивтой.

2. Хъæугæрон æрлæууыдис сырх тырысаджын стыр бæхджын къорд гыццыл сармадзанимæ. Дреты Дзабо – контрреволюцион

элемент – кæд зæронд уыдис, уæддæр згъордта хæдзарæй-хæдзармæ æмæ хъæр кодта:

– Цы ма кусут, Дæргъæвсы лæгтæ? Сырх тырыса нæм куы сдардтой æмæ нæ хæст куы агурынц, уæд сын мах та цы дзуапп дæттæм? Цомут, гормæттæ, хæстмæ, нæхи бахъахъхъæнæм. (Сырх тырыса, дам, хæст сидыны нысан уыди).

Хъæуы адæм хæст нæ расидтысты, фæлæ минæвæрттæ арвыстой къордмæ.

Минæвæрттæ хъæумæ æрбахуыдтой къорды æмæ сæ хæдзæрттыл байуæрстой. Уый уыди Тауаситы Сослæнбеджы (ныры номдзыд скульпторы) революцион къорд æмæ тагъд кодта кæсгон номдзыд революционер Назир Катхановæн æххуыс кæнынмæ.

Куывдтытæ, хъæзтытæ...

АЙЛАРТЫ ИЗМАИЛ: 95 АЗЫ



(1924 – 2019)

ЗÆРОНДЫ КЪУХТÆ

Кæсын зæронды бон мæ къухтæм,
Цыма сæ абон федтон æз!
Æнцъылдтæ – адаргæ æрмкъухтау,
Кæнынц фæллад уæхсчытыл уæз.

Бынтондæр дис кæнын мæхиуыл,–
Цыма кæйдæр ысты, кæйдæр!
Фæлмæн сæ аваæрын мæ риуыл,
Уæззау сæ адауын мæ сæр.

Фæцыдтæн хæтæнты рыст къæхтæй,
Цы бæстыл нал æрхæцыд цæст.
Фæлæ ма армвæндаг нæ хæхтæй
Бæркадджын быдыртæм æххæст.

Дзæбуг, цæвæг æмæ хъæсдарæг,
Дзывыр, æхсырф æмæ фæрæт
Уыдысты адæмæн сæ дарæг,–
Мæ къухтыл та ныууагътой фæд!

Хъæд-дурæй арæзтон хæдзæрттæ,
Цы кæмтты не ‘рхызтон мæ фос.
Сæрд халсар фæхастон æргъæмттæй.
Зымæг та – хуссайраг цъæх хос.

Мæ хуымгæнд никуы сси зæрæстон,
Уым фаджыс – митвæндагыл ласт.
Æлутон ехсы фындзæй ‘взæрстон,
Мæ хортæ – дзаг æфсирæн карст...

Кæсын уæм рохст лæгау: уырынгтæ,
Фæлæ куыствæлладæй – сыгъдæг.
Ныуарджын дурвæткъуы тæбынгтау,–
Æлвæст, уæззау æмæ дæрзæг.

Æмæ ныр райгæ ут уæ куыстæй,
Фылдæр уæ бузныг дæн – цæмæй?!.
Фæхастат сидзæрты æдыхстæй,
Сæ фынгыл давæггаг хор нæй.

Мæнгардæй никуы сластат хъама,
Дзæгъæлы никуы калдтат туг.
Нымд фæллойæ фæкодтат «а-ма»,
Æмæ уæ хуртæм систа дуг.

Кæсут! Зæронд сты мæ къухтæ,
Фæлæ куыствæлладæй – сыгъдæг.
Нæ дарын тинтычъи æрмкъухтæ,–
Цæмæн уа агъуды бын лæг?!

МÆ СЫХАГ

Цымæ, цæмæй вæййы æнгæстæ?
Æз – арф комы, ды 'рцахстай рындз,
Мæнæн – нæ сабитæ мæ фæстæ,
Дæуæн – дзидзафсæстæй дæ куыдз.

Мæнæн уæрдон дæр нæй мæ кæрты,
Дæуæн дзы хæдтулгæтæй – хал.
Ды фурды был улæфыс сæрды,
Мæнæн мæ цыргъ цæвæг – æмбал.

Дæумæ æддæгуæлæ хæдзæртты –
Æнахуыр уазджытæ æдзух.
Лæвархортæй кæныс хæлæрттæ,
Нæ исыс кусæгæн йæ къух.

Мæнæн мæ фыд æдзух фæдзæхста:
– Мæгуыræй дæр-иу у рæстаг!
Дæуæн дæ фыд фыдвæтк ныууагъта:
– Мæгуыр у адæмы фæстаг!..

Уæдæ цæмæй вæййæм æнгæстæ,
Цы ´гъдауæй дæ лæгæн æмбал?!
Дæ туг у марг, æлгъыст – дæ хъæстæ,
Тыхтона – де стырдæр амал…

МÆ АДÆМ

Мæ адæм у сæдæбæстон,
Сæдæхъусон, сæдæцæстон.
Цы сæ зæгъдзынæ ды?

Æхсæны хаст – нæ сидзæртæ,
Хъæузиутæй карст– уыгæрдæнтæ.
Цы сæ зæгъдзынæ ды?

Хæхбæсты фарн – фынгты æвæрд,
Зæрдæты хъарм – кæрдзыны хæрд.
Цы нæ зæгъдзынæ ды?

Сылгоймагæн йæ кæлмæрзæн –
Фыдракæндты тыхæмбæрзæн.
Цы дзы зæгъдзынæ ды?

Йæ алы змæлд у алы ‘гъдау,
Æууæнчы хæлд – цыфыддæр фау.
Цы ма зæгъдзынæ ды?

Сæрбахъуыды – хæстæгарæх,
Нæ тæхуды – нæ фыдызæхх.
Цы ма зæгъдзынæ ды?

Мæ адæм у сæдæкуыстон,
Сæдæныфсон, сæдæрыстон.
Цы сæ зæгъдзынæ ды?!

ГУЫЛМÆ, ГУЫЛМÆ, ЛÆППУТÆ!

Сау æндонæй – нæ хъæсдарæг,
Нарæг фæлахс – цыргъ цæвджытæ.
Æрфæллади нæ хæсныдарæг, –
Къултыл цудынц йæ уæрджытæ.
Асурæм æй, лæппутæ!

Нæ уыгæрдæн дæлвæз-уæлвæз,
Хъæдабæйау – цъæх сынчытæ.
Рог хъæлæба – куыстæн фæрæз,
Бæстæ фестад æхсинджытæ.
Аййафæм æй, лæппутæ!

Æхсæны нын цæвæгцæгъдæг,
Цæвæгдауæг – Куырдалæгон.
Дымгæгæнæг, фæндырдзæгъдæг –
Сыгъдæг улæфт цырд Галæгон.
Размæ, размæ, лæппутæ!

Ысхæссынц нын хъæрмаходæн,
Йæ сæрыл ис лæппуйы гуыл!
Кæм дзы скувæм, кæм саходæм
Цыты ‘гъдауæй фæтчы уагыл!
Цырддæр, цырддæр, лæппутæ!

Сагсур лæппу йæ риуыгъдæй
Хосдзауты ‘хсæн бæрæг дары.
Цы баззадтæ, цæй, ауыгъдæй,
Хæсныдар «Гуылмæ» дæуæн зары.
Гуылмæ, гуылмæ, лæппутæ!

ХÆХТЫ ХЪÆБЫСЫ

Боны ‘мбисæй зæрдæ райы, –
Хур гыццыл фæкъултæ.
Цъитидон хъæлфгæйæ уайы
‘Хсырæмхæццæ култæй.
Пирæнгæмттæй мигъты арвыл
Рог Галæгон фасы.
Комбæстæ ыстылди царвы, –
Мондæгтæ æлвасы.
Хъæу дæлиау баззад комы,
Фосы дзугтæ – ривæд.
Цин йæ монцы дуæрттæ тоны,
Уарзт тæры йæхи фæнд.
Цæстæнгас кæдæм не ‘ххæссы,
Уымæй хъуыды – дарддæр.
Дунейы фарн фынгмæ ‘рхæссы
Хæхты бæркад тагъддæр...
Ногахст цыхтау цъити фаркгай
Айнæг-кæхцы фехæлд...
Галдзæбидыр рындзыл скатай,
Дзугæн зын – сæ фезмæлд...
Хицæн цæу фæлгæсы тигъæй:
Сычъиты къорд – таджы.
Цъиуджын зым та баззад джихæй,
Тас хæстæг нæ уадзы.
Хуыргæрчытæн – фугæ бадæн,
Къæхты бынæй стæхынц.
Цæргæстæн сæ улæфт – адæн,
Тугдзыхтæй æххæлынц...

АЙЛАРТЫ ИЗМАИЛЫ ХЪУЫДЫТÆЙ

❁ Адæймаджы цардвæндаг азтæ, бонтæй нымаинаг куыннæ вæйиы, фæлæ йæ цæрæнбонты адæмæн цы хæрзты бацæуы, цы лæггæдтæ сын бакæны, уыдоны мидæг ис йæ царды ахсджиагдæр мидис.

❁ Ирон æвзаг у æнæниз буары нуæрттау æлвæст, хæххон сыгъдæг арвау – ирд æмæ æгæрон, ныйиарæг мады зæрдæйау – фæлмæн æмæ цæстуарзон, схæссæг фыды домаг фæдзæхстау – кад æмæ радыл дзурæг, ног чындзау – къуызгæ, уайсæст æмæ æнкъарæнджын, чындздзон чызджы зæрдæхсайгæ æнгæсау – цардбæллон, усгур лæппуйы сагъæстæн та цæрынæй-хæрынмæ басгуыхт æмбисонды хъисфæндыр.

❁ Бирæвæрсыг у царды æцæгдзинад, йæ иу фæзындмæ дæр алыхуызон бахизæнтæ ис, йæ равдисынæн – æнæкæрон фæлгонцтæ æмæ ахорæнтæ.

❁ Хъæуы сыгъдæгзæрдæ, рæстæй цæрæг æмæ рæстыл кусæг адæймаг куыд æрдзон, афтæ æхсæнадон уагæй дæр…

❁ Адæймагмæ хицæнæй, адæммæ æмткæй цы вæйиы раппæлинаг, бафæзминаг миниуджытæй, уыдоны ´хсæн сæйрагдæртæ сты намыс æмæ æфсарм, рæстад æмæ æууæнк. Уыдонæй цух адæймаг æмæ адæм сты æдзыт æмæ æгад, мæгуыр æмæ æлгъыст куыд хицæн адæмты, афтæ дунейы фарны раз дæр…

❁ Мæхи уды фыдæбонæй уæлдай æз никуы ницы домдтон мæхи æнцонæн, кадæн, арæзтæн нæдæр бинонты астæу, нæдæр адæмы æхсæн, афтæмæй алы куыстмæ дæр цыдтæн разæй. Кад тыхфæлгъуыдæй нæу, чи мæ цæмæй æрхъуыды кæна, уымæй Хуыцауы раз – бузныг, æндæр курæггаджы хорзæхты нæдæр кад и, нæдæр – рад.

❁ Цæрынæн бирæ цыдæртæ хъæуы: æрдзон æмæ æхсæнадон фадæттимæ – тых æмæ хъару, зонд æмæ æрхъуыды, ныфс æмæ æууæнк, куыстарæхст æмæ дæсныйад, нымд æмæ быхсынад,

цæстуарзон æмæ хæрзудыбæстæ. Адæймагæн æрдз цы радта, уыдонæй, фæстауæрц кæнгæйæ, арæхсы кайын, уæд 100 азæй фылдæр цæрид, фæлæ нæ зоны йæхи дарын æмæ мæлы рæстæгæй раздæр.

❁ Сывæллон зынхæссæн, хъомылгæнæн вæййы, фæлæ мад æмæ фыд сæхи хъуагæй, сæхи удты фыдæбонæй фæцархайынц цоты сæрвæлтау, æмæ уыдæттæ æрыгæттæн рох кæнинаг не сты. Зæронды бонмæ алчидæр фæцæрæд, фæлæ, дæ ныййарджытæм цы цæстæй акæсай сæ фæкæсынхъуаджы бонты, уымæй дæм кæсдзысты дæхи цот дæр. Æз дæр мæ 80 азы сæрæй акастæн, æмæ Хуыцау æвдисæн мæ цардвæндагæн. Рæдыдтæ æруагътон кæмдæрты, æмæ уыдон дæр, мæхицæн æнцондæр уа, уый тыххæй нæ – архайдтон иугæндзонæй бинонтæн, хæстæджытæн, зонгæтæн, алыварс адæмæн хуыздæрыл куыд армæй, афтæ зæрдиаджы раст ныхасæй дæр.

❁ Æппæт фæндæттæн, хъуыдытæн, бæллицтæн зæгъыны фадат нæй: иунæг цард ис лæгæн, дыууæ хатты ничи цæры, æмæ зæры бон бæркад бафтауын фембæлы, науæд фæлтæрты бастдзинад æнцонæй скъуыны, хæлы…

❁ Мæ цардвæндаджы сæйрагдæр нысæнттæ-бæллицтæ, сагъæстæ-хъуыдытæ баст уыдысты фыды уæзæг, фыды къонайыл, райгуырæн зæхх – Ирыстоныл, – стыр нымадæй: хохæй быдырмæ, æмæ йыл æнæзивæгæй фæцыдтæн хурæй-къæвдайæ, сæрдæй-зымæгæй. Нæ мæ хъуыдысты æндæр бæстætæ уæвынæн, цæрынæн, кусынæн Ирыстоны раз, афтæмæй сыхаг адæмты зæххытыл дæр дзæвгар ауадтæн… Федтон æмæ бамбæрстон адæмты цардыуаджы хуызивæнтæ куыд æрдзон, афтæ æхсæнадон уагæй дæр, æмæ рæстæджы нымад афæдзæй-афæдзмæ уыди æвдисæн адæмы цардæн æнусты ахæсты.

❁ Стыр уацмыс ныффыссынæн стыр курдиат хъæуы, стыр курдиатæн – сыгъдæг зæрдæ, адæмы цин æмæ маст цæджджинагау кæм фыцой.

ИЗМАИЛЫ ТЫХХÆЙ ЗÆГЪЫНЦ:

СОТТИТЫ Риммæ: Ис ахæм адæймæгтæ, кæцытæ, æдде бакæсгæйæ, иннæтæй ницæмæй хицæн кæнынц. Фæлæ дзурын куы байдайынц, уæд сæ алыварс никæйуал уындзынæ – æрмæст хъус æмæ хъус.

Ирон царды фæтк, æгъдау æмæ фарнæй цыдæриддæр ис, уыдон йæ ныхæсты райхъал вæййынц, сæхимæ ælвасынц адæймаджы. Чи сæм хъуса, уыдонæн сатæг хæххон суадоны донау æхсызгонæй удæй-удмæ дзурынц фыдæлтыккон хæзна-æгъдæуттæ æмæ фарны фæтк. Уыдонæй у Айларты Измаил. Мадзура, хæдæфсарм. Уæлдай ныхас дзы нæ фехъусдзынæ. Йе сныхас – бæрцбарст. Фæлæ цас æмæ цас хæзнатæ дары йæ зонд æмæ йæ хъаруйы æвæрæнты!

Измаил у абоны бон æппæт Иры дзыллæтæн сæ фидæны царды фæтк æмæ рæсугъд æгъдæутты æргъæу хæзнадон. Йæ чингуытæ, йæ раныхасы цæры Иры æппæты зынаргъдæр хæзна – Фарн. Æвæццæгæн, алы хатт дæр, Измаилы дардмæ ауынгæйæ дæр, ме ‘ппæт удысконд йæхи уымæн æрбамбырдтæ кæны, мæ удæн хуыздæр цы ис, уыцы тæваг уымæн банкъарын. Мæхæдæг дæр æй нæ бамбарын, сæрæй бынмæ куыд сраст вæййын, цыма мæм æнæхъæн дзыллæ фæкæсы, уыйау. Уый, æвæццæгæн, Измаилы уды цы ирон фарн цæры кувинагау сыгъдæгæй, уый тыхджын тæваджы «аххос» у. Нæ абоны царды йæ ис рахонæн ирон фарны, цардыуаг æмæ табуйаг æгъдæутты фæстаг могикан. Ахæмæн та йæ алы къахдзæф, йæ алы сныхасмæ дæр læмбынæг æмæ къæрцхъус зæрдæйы хицау хъæуы. Ахæм адæймæгтæ алы нациты дæр сты йе стырдæр хæзнатæй...

ХОЗИТЫ Барис: Цæмæй адæймагæй фыссæг рауайа, уый тыххæй хъуамæ æнусты сагъæс йæ зæрдæйы æрцæра. Æнусты сагъæс цадæггай куы райхалæм, уæд ма ссардзыстæм æнусты хъыг, цин, хъынцъым, фарн, намыс, кад æмæ рад. Бæрзонд уазнысантæ кæй риуы сабухынц, кæй зонд ныррухс кæнынц, кæй зæрдæ схъарм кæнынц, уымæн та йæ миддунейы æрдзон хуызы равзæры сфæлдыстадон уавæр. Сфæлдыстадон уавæр та уæлтæмæнадæн

бацæттæ кæны æрбадæн бынат. Тæхудиаг куыд нæ вæййы, уæлтæмæнад кæй зæрдæйы дуæрттæ бахойы, уый. Хуыцауы фæндæй йын лæвæрд æрцæуы курдиат. Зæххон удыл æрвон хорзæх куы сæмбæлы, уæд æй цæстыгагуыйау хъахъхъæнын хъæуы. Авгау ын æрхауынæй тæрсын хъæуы, сау фæрдыгау Хуыцауы хуызæн ын табу кæнын хъæуы. Уыцы домæнты аккаг алчи нæ разыны, æмæ уыйадыл йæ курдиат уардийы сыфтау нæ райхæлы, афтæмæй бахус вæййы. Нæ фыдæлтæ-иу ахæмæй хуымæтæджы нæ загътой: курдиат æм уыд, æмæ йæ æвæрын нæ базыдта. Ныхас, кæй зæгъын æй хъæуы, айдагъ дзырдаивадыл нæ цыд, фæлæ алыхуызон дæсныйæдтыл дæр. Æцæг дзы алы ран дæр йæ сæйраг хъуыды баст уыдис курдиатимæ. Æмæ уый хъахъхъæнын чи базоны, ахæм удыхъæдæй фæзæгъынц: Хуыцауæй арфæгонд, цардæй разы, зæрдæйæ бæрзонд. Æнусты сагъæс рагæй-æрæгмæ дæр кæй риуы æрцард, уыцы ирон фысджытæй иу у – поэт, прозаик, публицист æмæ фольклорист Айларты Измаил.

ДЗУГАЕВА-МУРАШЕВА Римма: Этнограф, писатель, публицист, автор уникальной книги по этнографии «ИРОН ФАРН» – Айларов Измаил Харитонович – человек, которому небезразлична судьба будущего родной Осетии, человек, который собрал и собирает по крупицам традиции и обычаи предков. Он патриот Осетии, человек, который борется за сохранение осетинского языка.

Айларов Измаил Харитонович – человек-легенда, ходячая энциклопедия, постоянный консультант по всем вопросам в области литературы и этнографии.

Выдержки из его произведений и публицистических статей стали цитатами. Встречи с Айларовым И.Х. – живой пример для подражания и любви к удивительно сказочным уголкам Осетии, к историческим памятникам, традициям и культуре осетинского народа.

БУЛКЪАТЫ ИГОРЬ

(1960)

БУЛКЪАТЫ Игорь

ПРОЗÆЙÆ ФЫСТ ÆМДЗÆВГÆТÆ

* * *

...æддæмæ ахиздзынæн тæккæ дымгæйы æмæ, мæ бон цас бауа, уыйбæрц æрцауындздзынæн хъеллаугæнгæ телыл хуылыдз кæрдæнтау мæ рис мæ джитæнтимæ, иу гыццыл дзы алæудзынæн æмæ байхъусдзынæн, донтæдзгæ четæн дымгæмæ куыд фæртт-фæртт кæны, уымæ, мæ зæнгтæй мын куыд суры æдыхуаг æмæ фæндыры амонæнтæ куыд хъыс-хъыс кæнынц ме ‘нгуылдзты бын; æз бадын асинты схизæныл æмæ зарын, ныртæккæ цы æнкъард зарæг æрхъуыды кодтон, уый; зæронд ус – Досыр – хæдзары йæхи æмбæхсы, тарæрфыг у – йæ бон нæу бамбарын, цæуыл у зарæг, фæлæ йæ зæрдæ уынгæг кæны, æппынфæстаг йæ къух тилы, æвæццæгæн, сывæллонæн йæ тæвд æгæр схызтис уæлæмæ; дымгæ тынгдæр кæны, тæгæры бур сыфтæртæ дыууæрдæм скъæфы; «Банцай, лæппу, науæд Хъуынджын Лæгмæ фæдзурдзынæн!» – хъæр кæны Досыр, – æз нал зарын æмæ, дисгæнгæйæ, кæсын зæрондмæ: йæ кæлмæрзæны хъуырбаст суагъта, урс дадалитæ æрттивынц, йæ кæнгæ комарынджы дзæхст-дзæхст цæуы, фæндыр иуырдæм айсын, сындæггай сыстын æмæ мæхи уатмæ цæуын æгæроны æмæ æдзæмады хъæбысмæ...

БЕДЗАН

...йæ кæрц, райсомраджы цы ‘хсызгон хъарм хъæуккаг хæдзарæй рахызтæ, уый тæф чи кæны, – æрæппæрста зæхмæ æмæ айсæфти вагзалы даргъ фæзæй, цыма никуы лæууыди мæ разы æмæ йе ‘нкъард цæстытæ никуы ныццарæзта бетоны æрдæгпырх къæйтæм, цыма рагæй, бæстæ ма бынтон афтид куы уыдис, – æрмæст цоппайаг уд зилдух кодта нæ сæрмæ, – уыцы мылазон заманæй фæстæмæ лæууыдтæн уым, æхсæвы схъызыди, телтыл халас æрзæбул, сау гогызæн уалдзыгон кæфтыты рæстæджы йæ дæллагхъуыр куыд æрзæбул вæйиы, афтæ, райсомсарæй дымгæ атыдта телты, æмæ хъеллау кодтой ехсы къæдзилтау, нæхимæ

бацыдтæн, пецы ахъаззаг арт скодтон, тулдзы паркетæй цы баззад, уыцы сугæй, Досыр сæ гыццыл фæрæтæй тыххæйты саста, стæй-иу куы бафæллади, уæд-иу йæ сæр радардта кæрты дуарæй æмæ хъæр кодта: «Бедза-а-а-н!», йæ кæрц, райсомраджы цы адджын хъæуккаг хæдзарæй рахызтæ, цыма ахæм тæф кæны, уый æрæппæрста зæхмæ æмæ айсæфти даргъ фæзæй, «Бедза-а-а-н!» – бафæзмыдтон зæронд усы, æмæ мæ хъæлæс айзæлди зæйрацыды нæрынау, æмæ та ноджы ныффæзмыдтон Досыры æмæ та ногæй, цыма зæй рацыдис, æмæ афтæ ноджы æмæ ноджы зæлыдис: «Бедз-а-а-а-н! – цалынмæ 36-æм æвæстиаты поезд не ‘рбахæццæ ис æмæ йæ дæнгæлтæ фыд Гивийы цъупп худ нæ разынди вагзалы тигъæй, уæдмæ... йæ къухты цы къафеттæй дзаг дзæкъултæ уыдис, уыдон равдæлон кодта худгæ-худгæйæ æмæ хъæр кæны: «Мæнæ уын адджинæгтæ, мæ хъæбултæ!», æмæ мах, кæрæдзи расхой-басхой кæнгæйæ, уидзæм æрттивагцъарджын къафеттæ, тепловоз дæр уасы... Уалдзæджы Бедзан æнæнхъæлæджы фæрынчын æмæ æвиппайды амард...

ГАБО

...кæнын цыллæ æндахыл халбаст æнгузы хъаппытæ, мæ уды сæнæфсирау адджын фыхдоны тылд, æмæ фæстаг æртах – уæларвæй зæхмæлвæст Меропæйау æрттиваг, асатæг, хъæу Хвелиандройæн цы фидыц рабарстой, уый кæроныл, æз рацыдтæн цæугæдон Саукъабайы былмæ, райсомы арты тæф калдис, мæ цæнгтæ аивæзтытæ кодтон, стджыты хъыс-хъыс ссыдис, мæ ныхыл андзæвдис уæрæх тыгъдады арф улæфт, æмæ йæ фæстæ фæхъус уæззау æфсирджын цъой, дуне – цъус тæссаг, фæлæ уæддæр хион, æмæ мæ сонт уарзт уыдис алкæй фаг дæр – афтæ стыр уыдис, афтæ, æмæ мын мигъ банорста мæ бæгъæввад къæхтæ, æмæ цъæх кæрдæг ссыди мæ къах-къухты ‘хсæнты, Габо растад йæ уатæй: «Хурыскастмæ ма иу цалдæр цæстфæныкъуылды баззади, фæлæ уыцы рæстæг фаг уыдзæн, цæмæй къамбецты аскъæрай хизынмæ», – загъта уый, æз атындзыдтон скъæтырдæм æмæ фехъуыстон, аргъонахъ куыд бадзæгъ-дзæгъ кодта йæ рæхыс. «Садул, – бадзырдтон æм, – Садул, нæ мæ базыдтай, уый æз дæн, æз», – куыдз

йæхи ацагъта æмæ æнцад кастис мæнмæ, æмæ уæд фæзылдтæн фæстæмæ æмæ хуры фыццаг тынтæм ауыдтон, Габойы рихитыл куыд андзыг йæ мидбылхудт, цыдæр æнæкæрон æмæ таппузгонд анæрсти мæ буары мидæг, цыма мыл тæфсæг бахæцыди, фæлæ мын фæтæрсыны рæстæг нал аззад, Габо мæ афарста, циу, цы хабар у, зæгъгæ, фæлæ уæдмæ хур скастис, стъалытæ афæлурс, фенуд сты...

НИНУЦА

...æрлæуу æмæ змæлгæ мауал кæн, дæ бæгъæввад фадæй – дæ къах кæйонг адаргъ уа – дæхимæ æрбассив хæррæгътæ, æрбахаф сæ æмæ ма ауæрд дæ хурхуадындзтыл – цалынмæ Генрих Шютцы лæгъзгонд зæлтæ не ‘рбацæвой кæрæдзиуыл сæ дыууæ литаврæйы, дихтæгонд дынджыр моллюскау, æмæ ма ахгæной бынтон дæ хъуыртæ, цалынмæ уæлмæрды дæ куырм фыдыхо Нинуца нæ аныгъуылди хæмпус сыджыты мидæг: «Бауадзут мæ, æмæ мæ арм уæддæр аваæрон мæ мæгуыр æфсымæры ныхыл», – хъарæг кæны, æмæ йе ‘рдиаг райсомы мигъау атайы уæлдæфы, чидæр ын ныххæцыд йæ къухыл, йæ фæдыл æй хоны, фæлæ куырм сылгоймаг йæ зонгуытыл æрхауы æмæ та æрхауы, уæд йæ кæстæр læппу Тамази, Донбассы шахтæйы чи куыста, уый, схæцыди чырыныл нывæрзæнырдыгæй æмæ йæ ласы йæ мадырдæм, æмæ мард йæ урс сæр тилы, цæвиттон æй нæ фæнды, цæмæй йын йæ куырм хо Нинуца йæ арм аваæра йæ ныхыл, уыцы къуыхтæ рисы мидæг нал бацæудзæн нæдæр дæ тъизын, нæдæр, цы фесæфтай, уый аргъ, уæлмæрдмæ бацæуæны фæндаггæрон фос хизы – цæстытæн æмæ удæн улæфты ныв, экзистенциалон мидтухи, ссивыс æй армыдзаггай, доны схуыпп-схуыппытау, фæлæ уый дард æндæр цард у...

СФÆЛДЫСТАДЫ БÆРЦБАРÆНТÆ

...дæ дæргъ – дæ уæрх æрыскъуыди, цыма цæстырухсы сæмæнæй бæндæныл кафæгау йæ фæстæ аскъæфта, йæ цуры цы дзаумæттæ уыдис, уыдон, æмæ фидыцы æнхъизгæ фурд дæр айсæфт æдзæрæг хус быдыры мираж цæстсайæнау, дæумæ афтæ фæкасти – фæллады азым у – худгæ дæр бакодтай дæхинымæр æмæ

дæ сæр батылдтай, фæлæ дын дæ фæллад кæцæй бацамондзæн, дæ риу æвиппайды цæмæн сафтид ис хоры гонау, иунæг дзырд агурыс, æнхъæлмæ кæсыс, кæд æрхаудзæн Исахъ Ньютоны фæткъуыйау, нæ йæ арыс никуы, æмæ уæд дуне ныхæстæ кæлынц дæ сæрыл ихдзагъдау æмæ сын фаджысимæ змæнтынц дæ тых – дæ хъомыс, худинаг мæм кæсы, – дзурыс, – цæвиттон, зæронд лæджы кæнæ сывæллоны фæсайдтон, дæ дæргъ – дæ уæрх куы æрыскъуыди цæстырухсы сæмæнæй бæндæныл кафæгау, æмæ дуне нал кæсы дæ коммæ, ацу ‘мæ равдис гъеныр искæмæ дæ курдиат, дæ риуæй, дугъыуайæг куыд атæхы финишыл, афтæ дæуæн дæр, дæ сæр хæрдмæ ныхъхъил æмæ дæ цæстытæ бацъынд кодтай, цæмæй дын уæлахизы стъалытæ ма акъахой дæ гагуытæ – æвæццæгæн, æрмæст намыс нæ тыхсын кæны йæхи де сфæлдыстады арфæй, уæлдай йын нæу, стъалытæ дын къахынц дæ цæстыгагуытæ æви дойнагдуртæ, æрмæст дæ уый бахиздзæн цæстырухсы сæмæнæй æрхауынæй, фæлæ дæ сæрибарæй цы зæгъыс, дæ сæрибарæй, бар дын æрмæст уый куы дæтты, цæмæй стъалыты стъалытæ хонай, дойнагдурты та – дойнагдуртæ, æмæ дæм уæд катай бадзырдта, æхсыруæйгæнæг дæм куыд дзырдта дæ сабийы бонты уæ сахары – райсомæй раджы, дымгæ рудзынгæмбæрзæнæй хъазы, æхсыруæйгæнæг æрхызт йæ уæрдонæй æмæ ныллæг хъæлæсæй дзуры: уе ‘хсыр ахæссут, цалынмæ не стуаг ис, уæдмæ, – уый у химерæ, сабийы бонтæм фæндаг кæнæн ис, сбар æй цæссыгтæй кæнæ сулæфтытæй, дæ сагъæс дын тыххæй ничи дих кæны, ды фæстæмæ ракастæ, цæвиттон, уæрагсаст фæдæ æмæ фыццаг хатт банкъардтай дæ былалгъæй бур зсмисы цæхджын ад...

* * *

...фæндаг дæр куынæ уа, æмæ кæд уа – фæстæмæ – æмæ уымæй тæссагдæр ницы ис, дæ дуар гом у, æмæ йын дымгæ йæ хъыс-хъысæй не ‘фсæды, – уæддæр дæм бацæудзынæн, дуне хостæй мæ тары Хвелиандройы райсомы сулæфты йеддæмæ куы ницы уа, уæддæр, æмæ адджын ныхæсты бæсты Озорайы фæткъуытæ куы бахæссон, уæд дæ уат фæззыгон хæрздæфтæ æмæ бæлæсты æрдæгфынæй сыф-сыфæй байдзаг уыдзæн, – æз

дæм бацæудзынæн, мæ зынаргъ, мæ развæндагыл мæ ныхмæ æгас дунетæ куы слæууой, уæддæр, мæ цæстытæ – хурмæ дæвдæг хус æдзæрæг быдыры цъайтæ, дæ бон у, ныггæпп дзы кæнай, цæмæй ауынай уырдыгæй, дард стъалытæ куыд æрттивынц – се ‘рттиваг дон дын бапырх кæндзысты дæ цæсгомыл, цæмæй дæ цæстырухс æрбаног уа, мæ хъусты æхсæвыгæтты æрцæры æнæнымæц фос – бæхтæ, фыстæ æмæ къамбецты æмбу æмæ уынæргъын, фыййæуттæ арт кæнынц, æмæ азæлд атындзы дыууæрдæм – хæхтæ дын балæвар кæндзысты сæ хуыздæр зæлтæ, мæ узæлд та дын æмбæрзæн уыдзæн, цæмæй ма суазал уай, мæ зынаргъ, æз радавдзынæн Авд хойæн сæ хуыздæр алолай, цæмæй дæ фын уа сабыр æмæ рухсдзыд, æмæ мæ дунейы райдайæнмæ куы хъæуа цæуын, уæддæр дæм уайдзынæн, мæ зынаргъ...

КАРЗ ХÆСТЫ ФÆНДÆГТЫЛ – УÆЛАХИЗМÆ

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты тугæвзаræн бонты хæстхъом адæм сыстадысты знаджы ныхмæ, уыдонимæ 90 минæй фылдæр ирыстойнаг læппутæ æмæ чызджытæ. Уыдонæй алы дыккаг дæр хъæбатырæй фæмард фашизмы ныхмæ тохы. 79-æй систы Советон Цæдисы Хъæбатыртæ, 11 – Намысы ордены кавалертæ, 60 мин ирыстойнаг хæстонæй фылдæræн лæвæрд æрцыд паддзахадон хæрзиуджытæ.

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты Советон Цæдисы Хъæбатыры ном чи райста, уыдоны æхсæн ис 8160 уырыссаджы, 2064 украинаджы, 309 беларусаджы, 161 тæтæйраджы, 108 дзуттаджы, 96 казахаджы, 90 гуырдзиаджы, 90 сомихаджы, 30 ироны… Цæрджыты нымæцмæ гæсгæ нæ чысыл Ирыстон Хъæбатырты нымæцмæ гæсгæ ис фыццаг бынаты.

Ирæттæй Советон Цæдисы Хъæбатыры ном фыццаг лæвæрд æрцыд тæхæг Остъаты Алексейæн, дыккаг уыдис артиллерист Карсанаты Хъазыбег. Уыдон фесгуыхтысты финнæгтимæ хæсты. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты фыццаг Хъæбатыр-ирон уыд Милдзыхты Хадзымырзæ (1942 аз, мартъи). Уымæй æртæ мæйы фæстæдæр фесгуыхт Балтийы намысджын цæргæс Цоколаты Геннади, фæстæдæр – Тогъуызты Хъазыбег.

Советон Цæдисы Дыууæ хатты Хъæбатыртæ систы: æфсады инæлар Плиты Иссæ æмæ инæлар-майор Иван Фесин. Советон Цæдисы Хъæбатыртæ – инæлæрттæ Мамсыраты Хаджумар, Билаонты Павел, Дзусаты Ибрагим, Александр Мнацаканов æмæ иннæтæ. Сæ мæлæты фæстæ Хъæбатыры кадджын ном саккаг кодтой Гагкайты Алиханæн, Николай Гончароваен, Сергей Григорьянæн, Дойаты Давидæн æмæ Калоты Алыксандræн, дивизийы командир Василий Матронинæн, полкъты командиртæ Æхсараты Энвер æмæ Бзарты Георгийæн[1]. Адæм нæ ферох кодтой сæ хъæбатырты: скодтой сыл хъайтарон зарджытæ.

[1] Къаболаты Солтан // Рæстдзинад, 2005, 7 май.

ПЛИТЫ ИССÆ

Советон Цæдисы Дыууæ хатты Хъæбатыр, Манголы Адæмон Республикæйы Хъæбатыр, æфсады инæлар. Каст фæци Ленинграды кавалерион скъола (1926 аз), М.В.Фрунзейы номыл Хæстон академи (1933 аз), Генштабы Хæстон академи (1941 аз). Фыдыбæстæйы Стыр хæсты райдайæны командæ кодта 5-æм бæхджын дивизийæн, фæстæдæр – бæхджын корпустæн, 1944 азы – 1-æм бæхджын механизацигонд æфсадæн. Маньчжуры операцийы 1945 азы йæ бæхджын механизацигонд къорд равдыста стыр хъæбатырдзинад, хæххон уавæрты архайгæйæ. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты рæстæг Плиты Иссæ цы сгуыхтдзинæдтæ равдыста фашистты ныхмæ тохы, уый нæ ферох йæ адæмæй. Йе ‘гасæй йыл скодтой хъæбатырон зарджытæ, ахæм зарджытæ йыл скодтой суанг Дон æмæ Кубаны дæр. Алы зарæджы дæр æвдыст цæуы Иссæйы хъæбатырдзинад, йæ карз тох фашистон æрдонгтимæ; пайдагонд сæ цæуы адæмон ныхæстæй, сты рагон хъæбатырон зарджыты æнгæс сæ арæзтмæ гæсгæ.

ПЛИТЫ ИССÆЙЫ ЗАРÆГ

Дæргъæвсы комы Бытъæты зæххытæ.
Плиты Иссæ бадзуры:
Мах, дам, никæмæн ратдзыстæм фыдæлты зæххытæ.

Хъобаны хид нæзы хъæдæй конд.
Æрбамбырд мыл ут, Сырх Æфсад.
Хъобаны хуссары сæ тулдз ныккалди.
Немыцы налаттæн Майрæмададжы, дам, сæ туг ныккалди.
Куырттаты комы, дам, Цæлыккаты кæсгон.
Мах, дам, не сыгад кæндзыстæм нæ фыдæлты цæсгом!

Радзырдта йæ Уыртаты Ахмæт Дударыхъойы фырт, 68-аздзыд. Ныффыста йæ Хæмыцаты Тамарæ, 1959 аз, 28 июль, Хъахъхъæдур. ЦИГСИИ–йы архив.

ПЛИТЫ ИССÆЙЫ ЗАРÆГ

Фæндаггон йæхицæн кæттæгтæй арынгтæ кодта,
Плийы-фырт знæгтæн сæ лидзæн фæндæгтæ алыгтæ кодта, ой,
Сæ лидзæн фæндæгтæ алыгтæ кодта.
Тох, Хуырийы-фырт, дардæй кæсгæйæ,
Фæндаджы уæрдæттæ сбæрæг кодта.
Ой, ой, Плийы-фырт, кардæй хæцгæйæ,
Знаджы æфсæдтæ стæнæг кодта.
Ацы хосдзау, уарынæй тæрсгæйæ, куысты йæ цатырты синæгтæ раздыхта,
О, ой, Плийы-фырт, кардæй хæцгæйæ,
Стыр хъæбатырдзинæдтæ равдыста.
Ой, тох, дардмæ уынаг сгуыхт лæг куы дæ, ой,
Ой, бирæ нын фæцæрай, Плиты хорз Иссæ!
Ацы хъæддзау даргъ тагæй сардзинтæ Хъæссæйы суджы лыг кодтой.
Ой, Хъæссæйы суджы лæг кодтой.
Ой, ой, знæгтæ Кавказæй Берлинмæ тæссæй хъуджы лыгъд кодтой.
Ой, ой, Плийы-фырт æгас Иры номæн кад æмæ намыс скодта, ой, тох!
Хæххон гуырд, хæстон сгуыхт лæг, бирæ нын фæцæрай, Плиты хорз Иссæ.
Фрийы-фырт йе ’ннæ тæлы хуыскъаг
Бæрз уисæйттимæ базайраг скодта.
Ой, базайраг скодта.
Ой, ой, Плийы-фырт не знæгтæй æнæхъæн штаб
Сæ хицæуттимæ уацайраг скодта, ой, тох!
Ой, тох, зондджын, æрхъуыдыджын, æхсарджын Иссæ,
Ой, ой, бирæ нын фæцæрай, Плиты хорз Иссæ.
Сæ хизæн сæрвæттыл сæ дзуджы лæзгъæртæ,
Дæлæ не знæгтæн сæ лидзæн фæндæгтыл
Ой, сæ туджы фæзгъæртæ,
Ой, ой, бирæ нын фæцæрай, Плиты хорз Иссæ.
Ой, тох, хæххон æххæст гуырд, ой, сгуыхт хъæбатыр,

Ой, ой, цардæй бафсæдай, Плиты хорз Иссæ.
Ацы бæхгæс æнæ бæндæны таг, афтид телтимæ
Ой, æмæ сау байрæгтæ æркодта, ой, сау байрæгтæ æркодта.
Плийы-фырт æнæхъæн къазармайы дзаг сæ афицертимæ
Уацайрæгтæ æркодта, ой, тох!
Тох, хуымгæс, дæ сау галтæ куы нæ расурай,
Уæд дын сæ сæ таухизæнмæ арвитдзынæн, –
Ой, уацайраг, дæ хабæрттæ куы нæ радзурай,
Уæд дæ æз дæ сау ингæнмæ арвитдзынæн.

Цæгат Ирыстоны адæмон сфæлдыстады
Хæдзары фольклоры æрмæгæй.

ÆРТХУТÆГДОН

ПЛИТЫ Грис

Æрыгон нæу, нæма дæр у зæронд
Ирон инæлар, йе стъолы цур бады,
Йæ разы та – бæхы сæфтæгæй конд
Хуымæтæджы æртхутæгдон цæфхадыл.

Æдзард сæфтæгмæ инæлар ныккаст,
Цыма дзы ивгъуыд тохы мыртæм хъуыста...
Кæсы, æмæ йæм фæздæгæй æваст,
Мырмыргæнгæ, йæ саулохаг бæх сыстад.

Уæд саулохагыл инæлар ысбадт,
Йæ дадзинты хæстон туг ногæй схъазыд, –
Цыма йын уыд хæцæн быдыр йæ уат
Æмæ фæбырсы йе ‘фсæдтæн сæ разæй.

Зæй нæ ракалди уæлвæзтæй,
Уымæй не змæлынц а бæстæ, –
Уый фæхоны йæ цæргæсты
Иры инæлар сау хæстмæ.

Нымæт дымгæмæ спака и,
Уæнтыл фестади базыртæ:
Уый фæтæхынц атакæйы
Иры сагсур бæгъатыртæ.

– Размæ, размæ, мæхи ‘мгæрттæ! –
Хъусынц йе ‘фсæдтæ Плионæй,
Æмæ се ‘лвæст фæринк кæрдтæ
Хурмæ судзынц сырх пиллонæй...

Æваст... фæцæф и саулохаг... Æваст
Йæ саргъæй атахт балхонæг хъæбатыр;
Фæстаг хатт бæх йæ барæгмæ фæкаст.
Ныууасыди, æрхауд, ныррызт, ныссабыр.

«Бæх мын! – фæдзырдта инæлар, – бæх, тагъд!»
Æмæ та судзгæ хæцæны фæтæхы...
Куы фæци хæст, ингæн æрцыд уæд къахт,
Сæфтæгцухæй дзы баныгæдтой бæхы...

Æрыгон – нал, нæма дæр у зæронд
Ирон инæлар, йе стъолы цур бады,
Йæ разы та – бæхы сæфтæгæй конд
Хуымæтæджы æртхутæгдон цæфхадыл.

СУАНТЫ СТАНИСЛАВ: 70 АЗЫ

(1949)

ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ

НÆ КАД, НÆ НАМЫС

Суанты Станислав райгуырд 1949 азы 21 августы. Æфсадæй куы æрцыд, уæд æнтыстджынæй каст фæцис, 1990 азæй 2002 азмæ Дзæуджыхъæуы йæхæдæг разамынд цы уæлдæр командыгæнæн æфсæддон училищейæн лæвæрдта, уый. Уырдыгæй йæ арвыстой Киевы М.В.Фрунзейы номыл æфсæддон училищемæ курсантты взводæн командирæй. Дарддæр ахуыр кодта Мæскуыйы М.В. Фрунзейы номыл Æфсæддон Академийы. Дыууæ азы дæргъы уыд командæгæнæг Суворов æмæ Кутузовы номыл Сырх тырысайы орденхæссæг Гæрзифтонг тыхты 69-æм механикон топпæйæхсæг полкъæн. 1989 азы Суаны-фыртæн рагагъоммæ радтой инæлары цин, горæт Кривой Рогы разамынд лæвæрдта танкты дивизийæн. Уæдмæ дивизи банымадтой æфсæддон зылды хуыздæрыл æмæ йæ схорзæхджын кодтой Æфсæддон советы Сырх тырысайæ.

1989 азы каст фæцис Генштабы Академи æмæ йæ снысан кодтой Ереваны 7-æм гвардион æфсады командæгæнæджы фыццаг хæдивæгæй. Афæдзы фæстæ та ссис штабы хицау.

1990 азы сентябры барвæндонæй æрыздæхт Ирыстонмæ æмæ ссис И.Е. Еременкойы номыл уæлдæр иумæйагæфсæддон училищейы разамонæг Дзæуджыхъæуы. Уый фæстæ та уыд иумæйагæфсæддон командон уæлдæр училищейы разамонæг Дзæуджыхъæуы.

1992 азы сси Цæгат Ирыстоны Сæйраг Советы депутат æмæ республикæйы Хихъахъхъæнынады комитеты уæнг. Уæд ын бахæс кодтой Хуссар Ирыстоны гæрзифтонг бархионты бацæттæ кæнын. Уыцы аз æй Сæйраг Советы æнæрадон сессийы снысан кодтой республикæйы Æдасдзинады Советы сæрдары хæдивæгæй. Суаны-фыртæн бахæсгонд уыд, цæмæй бацæттæ кæна Иумæйаг тыхтæ æмæ сæ ахона быцæуы бынатмæ – Хуссар Ирыстонмæ. Цыбыр рæстæгмæ, барвæндонæй чи ‘рбацыд, уыдонæй сырæзт полкъ, æмæ Станиславы разамындæй 1992 азы 14 июлы уый æххæст кодта йæ размæвæрд хæстæ. Уымæй бирæ рæстæг нæ рацыд, афтæмæй Ирыстоныл тугуарæн ныккодта нæ иннæ сыхæгтæй. Октябры фæстаг бонæй цыппæрæм ноябрьмæ Суаны-фырт разамынд

лæвæрдта республикæйы æфсæддон тыхтæн – адæмæй бархионæй йæ фыдызæхх хъахъхъæнынмæ чи рацыд, уыцы къордтæн æмæ республикон гвардийæн.

1992 – 1994 азты уыд РЦИ-Аланийы Сæйраг Советы сæрдары хæдивæг. 1995 азы барвæндонæй рацыд Уæрæсейы Гæрзифтонг тыхтæй æфсæддоны уæлæдарæс дарыны баримæ. Дарддæр службæ кодта Æнæнхъæлæджы уавæрты министрады.

1997 азы УФ-йы Президенты бардзырдæй нысангонд æрцыд Æнæнхъæлæджы уавæрты министрады граждайнаг хъахъхъæнынады æфсæдты департамент æмæ ирвæзынгæнæг къордты разамонæгæй.

1999 азы Хæдбар Паддзахæдты Æмхæларады бæстæты сæргъæуджыты фæндонмæ гæсгæ Суанты Станиславы сæвæрдтой Æмхæларады дунеон корпусы тыхты разамонæгæй æнæнхъæлæджы уавæртæй сæ хизыны фæдыл. Суаны-фырт инæлары цин райста, 38 азы йыл куы сæххæст, уæд. Кæуылты у уыцы æнтыст!

2000 азы фæлтæрдджын æфсæддон ссис УФ-йы Æнæнхъæлæджы уавæрты министры хæдивæг.

УФ-йы Президент Борис Ельцины уынаффæмæ гæсгæ Станиславæн 1997 азы радтой инæлар-лейтенанты цин. 2001 азы та УФ-йы Президент Владимир Путины бардзырдмæ гæсгæ райста инæлар-булкъоны цин.

Сæрбæрзондæй æрымысынц Суаны-фырты хæлæрттæ иу ахæм хъуыддаг. Республикæйы Парламенты сессийы ныхас цыд, цæмæй Станислав баззадаид Ирыстоны. Цæгат Кавказы зылды æфсæдтæн командыгæнæг, инæлар-булкъон Лев Шустко сын загъта, цы кусут, уый æрыгон инæлар куы у, йæ карьерæ йын кæдæм халут, зæгъгæ, ауадзут æй фæстæмæ Мæскуымæ. Уæд Станислав сыстад æмæ загъта: «Æз, фыццаджыдæр, дæн ирон лæг, уый фæстæ та – инæлар. Æмæ кæд мæ Ирыстоны, мæ адæмы абон мæ сæр бахъуыд, уæд æз ацы тæккæ сахатыл дæр цæттæ дæн хъуыддаджы балæууынмæ».

Куысты мидæг йæ къухы цы стыр æнтыстытæ бафтыд, уый тыххæй алы рæстæджыты хорзæхгонд æрцыд Лæгдзинады орденæй, Сырх Стъалыйы орденæй, Орден «За службу Родине в Вооруженных Силах СССР»-ы III къæпхæнæй; майдантæй «300 лет Российскому флоту», «В память 850-летия Москвы», «Советон Цæдисы Гæрзифтонг Тыхты 50, 60 æмæ 70 азы» майдантæй, «За воинскую доблесть»-ы I, II къæпхæнтæй, «За безупречную службу»-йы I, II, III къæпхæнтæй,

номылдаргæ Макаровы дамбацайæ. 1992 азы Гуырдзыйы агрессийы бонты йæ зонындзинæдтæ æмæ хъарутæ кæй нæ бавгъау кодта, уый тыххæй Суанты Станиславы 2007 азы схорзæхджын кодтой Хуссар Ирыстоны паддзахадон хæрзиуæг – Хæлардзинады Орденæй.

Йе стыр цинтæ, бæрнон бынæттæ, йæ алы хорзæхтæ Станиславæн афтæ тæхудиаг не сты, адæмы сыгъдæгзæрдæ æмæ хъарм ахаст ын цас æхсызгон у.

***

Йæ 70 азы юбилеймæ Суанты Станиславы РЦИ-Аланийы Сæргъæуæг Битарты Вячеслав схорзæхджын кодта орден «Ирыстоны Намысæн»-æй.

Суанты Станислав: «Фыццаджыдæр дæн ирон лæг, уый фæстæ та – инæлар»

Фондз æмæ ссæдз азы размæ Ирыстоны сæрмæ сыхаг руспубликæйы ‘рдыгæй дымгæ цы сау мигътæ æрбамбырд кодта, уыдон 1992 азы 30 октябры æхсæв тугуарæн тæрккъæвда расайдтой, æмæ фондз боны дæргъы йæ уарынæй не ‘рынцад.

Арвыкомы фæндаг кæм райдайы, уым, Намысы мемориалы уæле, ис хицæн уæлмæрд. Дыууæ рæнхъæй дзы – Иры сахъгуырд цæргæсты уазал ингæнтæ. Сæ уæлæ кæддæриддæр – дидинджытæ. Стæм хатт дзы нæ баййафы адæймаг сæ разы сæркъулæй læуджыты. Октябры кæрон та ардæм сарæх вæййы адæймаджы къахвæд. Зæрдыл æрлæууынц 1992 азы цаутæ. Цæстытыл фæуайы, фондз æмæ ссæдз азы размæ, сæ райгуырæн Ирыстон, тыхгæнæгæй хъахъхъæнгæйæ, ацы бынаты æнустæм чи æрæнцад, уыцы цæрынхъуаг сахъгуырдты хъæбатырдзинад. Рох не сты сæ рухс нæмттæ. Уыцы цаутæн канд ирд æвдисæн нæ, фæлæ дзы йæхæдæг, æфсадæн разамынд дæтгæйæ, раззагдæртимæ чи архайдта, уый у УФ-йы æфсæддон интеллигенцийы минæвар, инæлар-булкъон Суанты Никъалайы фырт Станислав. Кæд а фæстаг рæстæг Станислав Мæскуыйы цæры æмæ кусы, уæддæр йæ зæрдæ æппынæдзух ис, йæ удæй йын зынаргъдæр чи у, уыцы

райгуыræн Ирыстоны. Адæм никуы ферох кæндзысты инæлары хъæбатырдзинад æмæ йæ лæггæдтæ. Фарон фæззæджы дæр та цалдæр бонмæ æрцыд Ирыстонмæ, цæмæй, фондз æмæ ссæдз азы размæ йæ фыдæлты зæхх знаджы цæхæрæй кæимæ хъахъхъæдта, уыдонимæ æрымыса, уыцы бонты се ‘хсæнæй чи фæхъуыд, уыдоны рухс нæмттæ æмæ сын сæ ингæнтыл сæвæрой дидинджытæ.

– Станислав, 1992 азы сыхаг экстремистты къухæй Ирыстоныл тугуарæн куы ныккодта, уæдæй рацыд 25 азы. Зæрдæйы хъæдгæмттæ нæма бадзæбæх сты, уым чи фæмард, нæ уыцы хуыздæрты мысгæйæ. Ды уæд разамынд лæвæрдтай республикæйы хæдæфсадæн. Цы цæстæй кæсыс ацы историон цаумæ уал азы фæстæ та? Дæ зæрдыл дзы арæхдæр цы æрлæууы?

– Мæ ныхас мæ райдайын фæнды нæ республикæйы Сæргъæлæууæг Битарты Вячеслав æмæ Хуссар Ирыстоны Парламенты Сæрдар Гасситы Петрæн арфæйы ныхæстæ зæгъынæй. Уыдон 5 ноябры æрбалæууыдысты нæ фарсмæ æмæ, уыцы уæззау бонты Ирыстон тыхгæнæгæй чи бахъахъхъæдта, уыдонимæ иумæ сæвæрдтой дидинджытæ æдзард лæппуты ингæнтыл. Хъуыддаг цæмæдæр гæсгæ афтæ рауад, æмæ уыцы уæззау цауты бон официалон æгъдауæй Ирыстоны бæрæг кæнынц 31 октябры, ома, куы нæм æрбабырстой, уыцы бон. Хæцгæ дзы чи кодта, уыцы хæдæфсады уæнгтæ та йæ фæбæрæг кæнынц 5 ноябры – не знаджы куы атардтам, уыцы бон. Уæдæй абонмæ дыууæ республикæйы Хицауады минæвæрттæ фыццаг хатт иумæ æрбалæууыдысты нæ фарсмæ, æмæ сын се ‘ппæты номæй зæгъын стыр бузныг.

1992 азы цаутæ зæрдæйы куы сног вæййынц, уæд бирæ цæуылдæрты фæхъуыды кæны адæймаг. Абон мæ бон æргомæй зæгъын у, æмæ мын бар дæр ис, дыууæ республикæйы цæрджыты ныхмæлæуд Уæрæсейы уæды хицауады иуæй-иу минæвæрттæй кæмæндæрты кæй уыд пайдайаг æмæ уый аххосæй Ирыстоны зæххыл дыууæ сыхаг адæмыхатты туг кæй ныккалд. Нæ сыхæгтæ, æхсæнгарзæй ифтонг, афтæмæй æрбабырстой, æмæ æнаххос цæрджытæ кæрæдзимæ акастысты топпы кæсæнæй. Уыцы гæрзифтонг быцæуæн бындур сæвæрдта, репресситы цы адæмыхæттытæ бахауд, уыдоны реабилитацийы тыххæй Мæскуыйы 1991 азы 26 апрелы цы закъон сфидар кодтой, уый. Иннæ хъуыддаг та уыд, нæ бæстæйы фыццаг Президент (1991-1999 азты) Борис Ельцин 1992 азы 4 июны кæй

бафыста закъон, цæмæй Уæрæсейы Федерацийы сконды фидаргонд æрцæуа Мæхъæлы республикæ. Уыцы республикæйæн йæ арæнтæ не сбæрæг кодтой, афтæмæй закъоны гæххæттыты сæ къух бафыстой. Уыцы уаваæр дыууæ адæмы ахастдзинæдтыл хорзырдæм нæ фæзынд. Нæ сыхæгтæ се ‘ппæт бæллæхты аххосджын кодтой ирæтты æмæ сын 1991 азæй 1992 азмæ арæзтой провокацион амидингæнæн хъуыддæгтæ. Æнаххос дзы нæ уыдысты нæ сыхæгты национал-экстремизмы лидертæ. Уыдон ныззыгъуыммæтæ кодтой сæ фыдæлты истори, æмæ хуымæтæг адæмы зондахасты мигъ сбадт. Нæ сыхæгты фидарæй уырнытта, Ирыстонимæ куы фæбыцæу уой, уæд Уæрæсейы Хицауад сæ сæрыл кæй рахæцдзæн, уый. Сæхи рагацау цæттæ кодтой, ифтонг уыдысты хæцæнгарзæй. Уыцы быцæу уыд æгъатыр, фæлæ, табу Хуыцауæн, бирæ нæ ахаста. Дыууæрдыгæй дæр фæмард адæм. Нæ сыхæгтæй – фылдæр. Хуыздæр уаид, алы хæст æмæ быцæу дæр-иу разамонджыты цæлхæмбырдæй куы ахицæн уаид. Уымæн æмæ уæддæр фæстагмæ хабар æрцæуы уымæ.

– Цы мадзæлттæ арæзт цыд, цæмæй ацы быцæу ма ‘рцыдаид, уый тыххæй?

– Цæгат Ирыстоны уæды Сæргъæлæууæг **Галазты Æхсарбег**, республикæйы Хицауады Сæрдар **Хетæгкаты Сергей**, республикæйы Сæйраг Советы сæрдары фыццаг хæдивæг **Бирæгъты Юри** æмæ республикæйы разамынды иннæ бæрнон адæм иу æмæ дыууæ хатты нæ фембæлдысты сыхаг республикæйы Хицауадимæ, цæмæй сын сæ цæрджыты цы хæстмондæгтæ цырен кæнынц, уыдоны æрсабыр кæной, цæмæй хъуыддаг тугкалдмæ ма ‘рцæуа, уый тыххæй саразой æнæмæнгхъæугæ мадзæлттæ. Фæлæ цы ‘рцыд, уый æрцыд. Ам зæрдыл дарын хъæуы иу бæлвырд хъуыддаг: быцæу ирон адæмы ныббырстæй нæ райдыдта.

Иу хъуыддаг та ма дзы уый уыд, æмæ Мæскуыйы бæрзондбадæг æлхæд политиктæй цалдæрæй æнхъæлмæ кастысты, быцæуы кæй архайдзæн Цæцæны республикæ дæр. Уыцы рæстæг уыдон сæхи нымадтой хæдбар республикæйыл. Фæлæ уыцы «хæрзгæнджытæ» фыдæнхъæл фесты.

Къуыри раздæр æз æмæ **Козаты Георги** хæдтæхæгыл атахтыстæм Цæцæны республикæмæ. Грознайы мын уыд фембæлд инæлар **Джохар Дудаевимæ**. Дыууæ сахаты иумæ фæныхас кодтам куыд инæлар инæларимæ, æмæ йæ комкоммæ бафарстон, нæ сыхæгтæ

нæ ныхмæ куы схæцой, уæд сын се ‘фсæдтæ æххуыс кæндзысты, уымæй. Джохар мын фидарæй загъта, кæй нæ архайдзысты ацы быцæуы. Ныхасæй цы загътой, хъуыддагæй дæр уый бакодтой. Чи зоны, æмæ сæ адæмæй барвæндонæй чидæртæ экстремистты фарсмæ балæууыд, фæлæ сæ гæрзифтонг æфсæдтæ – нæ.

Змæстытæ райдыдтой, 30–31 октябры ‘хсæн æхсæвы Черменыхъæуы мидхъуыддæгты хайадмæ куы æрбабырстой æмæ милицæйы кусджытæн фыдмитæ куы бакодтой, уымæй.

Ацы быцæуы тыххæй бирæ фыст уыд æрмæджытæ. Ногæй, чи зоны, ницыуал зæгъдзынæн. Фæлæ ацы быцæу хъуамæ ма æрцыдаид. Куыд алы хæст æмæ æфсæддон быцæу, афтæ ацы быцæу дæр фондз боны фæстæ банцад дыууæ республикæйы Сæргъæуджыты фембæлд æмæ æрныхасы фæстæ.

Хæстæй хъæбул нæ гуыры, зæгъгæ, фæзæгъынц. Политикон архайджыты, æфсæддонты, уæлдайдæр та кæстæрты зæрдыл дарын хъæуы царды ацы карз дæнцæг, цæмæй йæ макуыуал бафæзмой, ацы цæлхдурыл сæ къах дæр макуыуал скъуырой. Æз æфсæддон дæн, æфсæддонтæ та сæ дæсныйадмæ гæсгæ пацифисттæ стæм хатт вæййынц, фæлæ ныхасæй саразæн цы хъуыддæгтæн ис, уыдон хынцгæйæ, нæ къухмæ æхсæнгарз хъуамæ макуы райсæм.

– Ныхкъуырд раттынмæ цæттæ уыдыстут?

– Нæхимидæг æмбæрстам, сæ амидингæнæг хъуыддæгтæ фыдбылыз кæй хæсдзысты. Уымæй хызтам нæ адæмы. Цæмæй бахъуыды сахат нæ бон нæ адæмы бахъахъхъæнын уа, уый фæдыл æмбырд кæнын райдыдтам хæдбар æфсæддон къордтæ республикæйы цæрджытæй. Хæдæфсад арæзт æрцыд Ирыстоны иузæрдион хъæбулты руаджы. Уыдон сты: **Отарты Хъазыбег, Уататы Зелим, Мырыкаты Чермен, Хъæдохты Аркади, Рæмонты Дмитри, Дзуццаты Рамазан, Æгкацаты Юри, Дзебойты Станислав, Едзиты Харитон, Хъалæгаты Зелим, Дауыраты Хъазыбег, Гуырцъыты Гамид, Гусаты Олег** æ. инн. Сæ куысты æдас нæ уыдысты, уымæн æмæ къордтæ аразыны хъуыддаг закъонæй фидаргонд нæ уыд. Фæлæ æндæр гæнæн нæ уыд, æмæ уыцы хæс сæхимæ райстой, сæ риуымбæрц Ирыстоны хъахъхъæнынмæ размæ чи лæгæрста, уыцы уæлдæр ранымад лæппутæ æмæ ма уыдоны хуызæн бирæ хъæбатыртæ. Тæссаг уыд, уый тыххæй сæ ахæстоны куы сбадын кодтаиккой,

уымæй дæр. Фæлæ сæ цы баурæдтаид, цард йæхæдæг куыд сбæрæг кодта, афтæмæй Ирыстонмæ уарзондзинад сæ риуы разынд тыхджындæр. Афон куы æрцыд, уæд сæ архайд стыр ахъаз æрхаста хъуыддагæн.

Фæстæдæр хæдæфсады къордтæн разамынд лæвæрдта **Дзуццаты Бибо**. Бибоимæ мах кæрæдзи рагæй зыдтам. Æфсæддон училищейы курсант куы уыдтæн, уæд Бибо дæр училищейы æххæст кодта йæ службæ. Уæд уыд хистæр лейтенант.

Цæгат Ирыстоны Сæйраг Советы сæрдары хæдивæгæй мæ куы равзæрстой, уæд кусын райдыдтам закъонæвæрынадон базæйыл. Мæ размæ республикæйы æдасдзинады закъоныл куыста **Къониаты Юри**. Уыцы рæстæгмæ Уæрæсейы Федерацийы ахæм закъон уыд, мах та йæ цæттæ кодтам нæхи республикæйы мидæг. Закъоны проектмæ бахастам термин «силы самообороны» æмæ республикæйы хихъахъхъæнынады тыхты фæдыл пункты бафыстам хæдæфсад æмæ, нæхæдæг цы республикон гварди сфидар кодтам, уый дæр. Афтæмæй ацы къордтæ систы закъоны бындурыл, æмæ сæ бартæ уыдысты хъахъхъæд.

Уæд сфидар кодтам Республикæйы Æдасдзинады Совет дæр. Йæ разамонæг уыд Галазты Æхсарбег, мæн та равзæрстой йæ хæдивæгæй. Уыцы рæстæг мæ хъæппæрисæй арæзт æрцыд Хихъахъхъæнынады комитет дæр. Фæдзырдтам запасы афицертæм. Дарддæр хъуыд адæмон къордтæ бацæттæ кæнын, семæ рагацау бакусын. Къордты архайын кæй фæндыд, уыдоны нымæц уыд тынг бирæ. Кæд адæмон къордтæ æрмæст бахъуыды рæстæг архайынмæ хъуыдысты, уæд республикон гварди та хъуамæ уыдаид æппынæдзух цæттæ цыфæнды цауты архайынмæ дæр. Цæттæ сæ кодтам бæстонæй.

Уыцы цауæй дзæвгар рæстæг раздæр адæм, раст цыма ацы бæллæхы æрцыд æнкъаргæ кодтой, уыйау тынг æрбангом сты. Сæ фыдæлты зæххытæ экстремисттæй бахъахъхъæныны охыл æмхуызонæй куы сыстадысты, уæд нæ адæмы хъæбатырдзинад æмæ æхсарæй мæхæдæг уыдтæн сæрыстыр. Уыцы фондз бонмæ Ирыстон ссис иу æнæхъæн удгоймаг. Хæдзæртты æфсинтæ сæ рæбынты ницыуал ныууагътой, хастой сæ æфсæддонтæн. Уыцы бонтæ мæ никуы ферох уыдзысты. Адæммæ сæхи, сæ бинонты бахъахъхъæнынæн нæ уыд хæцæнгарз, уæлдайдæр та – фыццаг бонты, æмæ уыцы уаварæй тынг тыхстыстæм.

– Станислав, уыцы бонты ды дæхимæ райстай стыр уаргъ æмæ хæс. Æфсæддон училищейы æвæрæнты цы ахуырадон хæцæнгарз уыд (ДОСААФ-ы, æфсæддон кафедрæйы, скъолаты æфсæддон æрмæджытæ), уыдон дæхи уынаффæйæ раласын кодтай æмæ сæ байуарын кодтай, змæстытæ цы бынæтты цыд, уымы цæрæг адæмæн, цæмæй бахъахъхъæной сæхи, сæ бинонты, сæ хъæутæ. Тæссаг уыд, куы дæ æрцахстаиккой, уымæй дæр.

– О, уый афтæ уыд. Фæлæ ныл уæд цы ‘рцыд, уымæй тæссагдæр та ма цы хъуамæ æрцыдаид. Иу раргомгæнинаг хъуыддаг та ма дзы уый у, æмæ сæ уæд мæхæдæг куы нæ байуæрстаин, уæд адæм сæ фыртыхстæй тыхæй басастаиккой æвæрæнтæ æмæ сæ ахастаиккой.

Хъуыддаг та афтæ уыд: уæд уыцы иу рæстæг разамынд лæвæрдтон Дзæуджыхъæуы уæлдæр æфсæддон командон училищейæн дæр, æмæ уым скълады уыд дзæвгар хæцæнгарз. Мæхæдæг хæдæфсады къордтимæ цæттæгæнæн куыстытæ дæр кæй кодтон, уый тыххæй училищейы райстон отпуск. Хибарæй рахастон уынаффæ хæцæнгæрзтæ адæмæн байуарыны тыххæй. Хæцæнгарз алкæмæн нæ лæвæрдтам, къордты разамонджыты руаджы уæрст æрцыдысты, чи сæм арæхст, уыдоныл. Цæмæй училищейы мæ хæдивæгмæ ацы хъуыддаджы тыххæй ныхас ма ‘рхаудаид, уый тыххæй фæстæмæ æрбацыдтæн æмæ ныффыстон æртæ бардзырды: куыстмæ отпускæй кæй рацыдтæн, иннæ бардзырд уыд хæцæнгарз байуарыны тыххæй, æртыккаг та – фæстæмæ отпусчы кæй ацыдтæн, уый тыххæй. Уый Мæскуыйы куы базыдтой, уæд Уæрæсейы уæды хъахъхъæнынады министр Евгений Шапошников министрады коллегийы бауынаффæ кодта, цæмæй æз æрцыдаин карз æфхæрд, ахæссой мæ дард, æмæ бирæ æндæр æртхъирæнтæ сыхъуыст Мæскуыйæ мæ номыл. Уайтæккæ сæрмагонд къамис сæрвыстой, йæ сæргъы нæ бæстæйы уæды хъахъхъæнынады министры хæдивæг, Афганистаны хæсты хъæбатыр, фæстæдæр Мæскуыйы губернатор, **Борис Громов**, афтæмæй, цæмæй мæ аласой семæ. Уый нысан кодта, мæ карьерæйæн кæй æрцыд йæ кæрон. Хабар къуырцдзæвæнмæ куы æрхæццæ, уæд Хетæгкаты Сергей сæ ныхмæ æрлæууыд æмæ сын карзæй загъта, Станислав махæн нæ адæмон хъайтар у, æмæ уын мах бар нæ ратдзыстæм, цæмæй йæ аласат, уымæн. Ныртæккæ фæстæмæ куы нæ ацæуат, уæд нæ адæммæ фæдзурдзыстæм, æмæ мæнæ ацы фæзы Ирыстоны дзыллæ æрбалæудзæн, æмæ уæд уæ хъуыддæгтæ

хорз нæ уыдзысты, зæгъгæ. Уыцы ныхæсты фæстæ нæ уазджытæ цы ахъуыды кодтой, уый бæлвырд нæу, фæлæ сыстадысты æмæ æнæсыппæй фæстæмæ Мæскуымæ ацыдысты.

Фыдæлты зæхх бахъахъхъæныны тыххæй республикæйы цæрджыты ‘хсæн фæзынд хæдхæцæг къордтæ. Рахизфарсы районы къордтæн разамынд лæвæрдта **Баситы Амиран**. Уыцы районы æппæт хæдхæцæг къордты координатор та уыд æмæ сын растдæр æмæ хъæугæдæр мадзæлттæй архайынæн иумæйаг æххуыс кодта **Уататы Зелим**. Горæтгæрон районы къордæн æнтыстджын разамынд лæвæрдта **Козаты Марат**, Ирыхъæуы – **Цомайты Тамерлан**, республикон гвардийæн та – **Бæройты Эльбрус**. Уыцы гварди быцæуы фыццаг бонæй архайдта, тох карзæй кæм цыд, уыцы бынæтты. Мæхæдæг дæр семæ, афтæмæй бацыдыстæм Октябрыхъæумæ. Цæмæй алцæмæй æххæст уæм, ууыл архайдта булкъон **Бестауты Харитон**.

Нæ уæлахизы ма иу хорздзинад уый уыд, æмæ быцæуы райдайæны нæ хъарутæ раст саразынмæ кæй сарæхстыстæм. Уымæн нын стыр ахъаз фесты запасы афицертæ. Уыдон куыстой æфсæддон штабы. Разамынд та сын лæвæрдта булкъон **Годжыцаты Барис**.

Сæрмагондæй мæ зæгъын фæнды æфсæддон тæхæг Остъаты Иналы тыххæй. МИ-8 вертолетыл сывæллæтты, сылгоймæгты, цæфты Горæтгæрон районы хъæутæй ласта Дзæуджыхъæумæ, уырдæм та – хæцæнгарз. Зын у хуымæтæг ныхæстæй йæ лæггæдтæ æмæ æхсардзинадæн аргъ скæнын, уымæн æмæ йын куыд профессионалæн æмбал нæ уыд.

Æнæ зæгъгæ нæй, уыцы тыхст бонты нæ фарсмæ кæй æрбалæууыд æмæ нын кæй баххуыс кодта Сомихы республикæ.

– Æмбисондæн баззад, Хуссар Ирыстонæй не ‘фсымæртæ, сæ сæргъы Ирыстоны хъæбатыр хъæбул, дзæнæтыбадинаг Парпат (Джиоты Алан), афтæмæй Дзæуджыхъæуы куы æрбалæууыдысты æмæ уæ фембæлды фæстæ бынæттон æфсæддон къордтимæ, æвæстиатæй тыхгæнджыты ныхмæ æрлæугæйæ, экстремисттæй хъæутæ куы суæгъд кодтой, уый.

– Æз цы хъæбатыр læппуты федтон, уыдоны нæмттæ хъуамæ баззайой Ирыстоны историйы. Хуссар Ирыстонæй фæдисы гæрзифтонгæй ссыдысты фондзсæдæ адæймаджы, сæ сæргъы **Джиоты Алан** (Парпат), афтæмæй. Уыдон иууылдæр уыдысты цæттæ

тыхгæнæджы ныхмæ æрлæууынмæ. Уыдис сæм фæлтæрддзинад. Парпат йæхæдæг уыд ныллæджытæ, фæлæ хæрзконд лæппулæг. Цыдаид ыл 24 азы, фæлæ, цы æфсадимæ æрцыд, уыдон æмхуызонæй хъуыстой йæ бардзырдтæм æмæ сæ æххæст кодтой. Мах фæндагмæ сæ размæ рацыдыстæм, æрбынæттон сæ кодтам. Уыд изæр, æмæ сын уæзданæй загътон, цæмæй уал æхсæв баулæфой, сæумæйæ та хъуыддаджы балæудзыстут, зæгъгæ. Æхсæвыгон хæцын тынг зын у. Фæлæ мæ ныхасæн фехъуыстон, æнхъæл кæмæн нæ уыдтæн, ахæм дзуапп. Парпат загъта:

– Хистæр, бахатыр кæн, фæллад уадзынмæ нын рæстæг нæй. Хъусæм дæ командæтæм.

Æз сахуыр дæн æрмæст æфсæддонтимæ кусын, æмæ картæйы сæрмæ къордæй ныггуыбыр стæм, афтæмæй нæ ныхас семæ дарддæр кодтон, æфсæддон терминтæй пайда кæнгæйæ. Сæ цæттæдзинадмæ гæсгæ мæм афтæ каст, цыма мæ бамбардзысты. Парпат мæм байхъуыста æмæ загъта:

– Хистæр, бахатыр кæн, æз дын дæ ныхæстæ иууыл не ‘мбарын. Бынæттон къордтæй нын фæндагамонджытæ немæ арвит, дарддæр нæ нæхи бар уадз. Сæумæрайсоммæ хъæутæ суæгъд кæндзыстæм.

Уыцы æхсæв сæ арвыстон, **Отараты Хъазыбег** разамынд цы адæмон къордæн læвæрдта, уыдонимæ. Сæ фæндаг уыд Хуссайраг поселокмæ, уырдыгæй ахызтысты Редантмæ æмæ, æцæг, ныхасæй цы загътой, уый уыцы райсоммæ хъуыддагæй сæххæст кодтой. Дыккаг бон сæ къорд æрвыст æрцыд Карцамæ, æмæ та уым дæр хъæу хæстмондæгтæй асыгъдæг кодтой. Дарддæр архайдтой Октябрыхъæуы, Куырттаты æмæ Камбилеевкæйы. Уыцы къордæй уæлдай ма Хуссарæй хибарæй æрцыд хицæн æххуысгæнджытæ дæр. Дарддæр хъуамæ ахызтаиккам Майскийы ‘рдæм, фæлæ нæм уæдмæ Хицауадæй фæхабар кодтой, цæмæй æруромæм не ‘фсæддон архайд, дарддæр хъуыддæгтæ кæй цæудзысты ныхасæй, зæгъгæ. Нæ хуссайраг æфсымæрты Хетæгкаты Сергеимæ фысымуат «Владикавказ»-ы разæй афæндараст кодтам фæстæмæ. Загътам сын бузныг. Уæвгæ, уыдоны аккаг ныхæстæ ссарын зын уыд.

Ныхкъуырд раттынмæ нын стыр æххуыс бакодта Дзæуджыхъæуы уæды мэр Михаил Шаталов йæ дæлбар кусджытимæ. Республикæйы заводты сæргъæуджытæ сæ кусджытимæ бахастой хъуыддагмæ

сæхи сæрмагонд æххуыс. Республикæйы уæды хъæды хæдзарады комитеты сæргълæууæг Хетæгкаты Хъазыбеджы разамындæй арæзт æрцыд хъæды кусджытæй рæстдзæвинты къорд. Фæлæ ма уæддæр æййæфтам хæцæнгарзæй хъуагдзинæдтæ.

Уæрæсейы æфсад та Ирыстонмæ æрмæст æртыккаг бон кæй ссыд, уый мæм æвзæрын кодта бирæ фарстатæ. Хæцгæ нæ кодтой. Лæууыдысты ифтонгæй. Цыппæрæм бон та фæстæмæ ацыдысты.

– Рæстаг лæг иунæгæй дæр æфсад у.

– Кæддæр, дам, Абайты Васойы куы бафарстой, ирон адæм иннæ адæмыхæттытæй цæмæй хицæн кæнынц, зæгъгæ, уæд загъта: æхсар, æгъдау æмæ æфсармæй.

Ирон адæм сæ удыхъæдæй æндæр сты. Æз цалдæр хатты æрзылдтæн дунейы бæстæтыл. Мæхи цæстæй федтон, ирон лæг цы адæмы ‘хсæн æрбынат кодта, уым ын йæ æнæбафæзмгæ миниуджыты тыххæй кæй кæнынц стыр аргъ æмæ кад. Уый хуымæтæджы хъуыддаг нæу. Уымæй, уæлдай нæ вæййы, хицауы бынаты фæкусы æви хуымæтæг кусæг у. Æз тынг сæрыстыр дæн нæ адæмæй.

– Быцæу цæмæй ахицæн?

– Уыцы быцæуæй цалдæр мæйы фæстæ дыууæ республикæйы дæр арæзт æрцыд сæрмагонд къордтæ. Сæ размæ уыд хæс дыууæ адæмыхатты хæлардзинад æмæ дарддæры политикон æмгуыстады фарстатæ хынцынæн. Уый фæдыл-иу фембæлдысты Кисловодскы. Кодтой ныхас, хастой уынаффæтæ, агуырдтой мадзæлттæ, фæндæгтæ сæрибар сомбонæн. Уыцы фембæлдтыты архайдтон æз дæр. Разамынд та нæ республикæйы минæвæртты къордæн læвæрдта Бирæгъты Юри.

– Ирыстонæн цы стыр хæрзты бацыдтæ, уыдон историйы фыст сты сыгъзæрин дамгъæтæй. Дæ ном у хъуыстгонд адæмы ‘хсæн, æмæ йæ абон дæр сыгъдæгæй хæссыс, Ирыстонæн læггад кæнгæйæ. Цы у Ирыстон инæлар-булкъон Суанты Станиславæн?

– Мæ Фыдыбæстæ. Цалынмæ æгас уон, уæдмæ мæ риуы судздзæн Ирыстонмæ уарзондзинад. Мад æмæ Фыдыбæстæ Хуыцауæй læвæрд сты, уыдонæн зæрдæйы хицæн бынат ис. Мæскуыйы ма мын ис сæххæстгæнинаг хъуыддæгтæ, уый фæстæ та, æнæмæнг, æрыздæхдзынæн Ирыстонмæ. Хъуамæ мæ царды фæззæг арвитон дунейыл хуыздæр æмæ зæрдæйæн адджындæр бынат – Ирыстоны,

мæ адæмы ‘хсæн.

– Æфсæддон суæвын дæ сабибонты бæллиц уыд?

– Мæ цардвæндаг сбæрæг мæ мад Зинæйы фæрцы. Мæхи æмбарынхъом куы фæдæн, уæд бамбæрстон, нæлгоймаджы стырдæр хæс кæй у хъахъхъæнын æмæ уавæртæ аразын йæ бинонтæн, адæмæн. Цæвиттон, мæ мад уыд медицинон хо. Æхсæвыгæтты-иу æй йæ рынчынтыл зилын куы хъуыд кæмæн укол кæнынмæ, кæмæн æндæр медицинон æххуыс бакæнынмæ, уæд-иу иунæгæй цæуын нæ уæндыд æмæ-иу мæн йемæ цæдисон æмбалæн ахуыдта. Æвæццæгæн, уыцы æнкъарæн, ома, хъахъхъæнæджы хъуыды, мæ риуы уыцы рæстæг æрцард.

Мæ фыд йе ‘цæг дунемæ ацыд, мæныл æртæ азы куы цыд, уæд. Фæлæ мæнæй абоны онг никуы фæцух. Йæ къам алкæддæр ауыгъд уыд нæ хæдзары: йæ уæлæ – æфсæддоны уæлæдарæс, хæстæй куыд ссыд, афтæмæй. Уæдæй фæстæмæ æфсæддоны дæсныйад мæнмæ каст æппæты ахсджиагдæр. Бæллыдтæн мæ цард Гæрзифтонг тыхты службæ кæнынæн снывонд кæнынмæ, афицеры цин райсынмæ.

Мæ фыд каст фæцис танкистты скъола. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты фæстæ та куыста скъолайы историйы ахуыргæнæгæй, директорæй. Æз дæр, мæ службæйы хæстæ æххæстгæнгæйæ, Уралы уыдтæн танкон дивизийы командыгæнæг, æмæ мæм афтæ каст, цыма кæмдæр мæ фыдимæ нæ архайдæй кæрæдзиуыл андзæвыдыстæм.

– Станислав, дæ фарны хъуыддæгтæй Ирыстон у сæрыстыр. Нæ кæстæртæн дæ алы къахдзæф дæр – фæзминаг дæнцæг. Уыцы стыр уаргъ хæссыны фæндагыл дæхи амонджынæй æнкъардтай?

– О, æз амонджын адæймаг дæн, æцæг. Царды цæмæ бæллыдтæн, уыдон иууылдæр мæ къухы бафтыдысты. Ис мын бинонтæ, дыууæ хъæбулы, æртæ та – хъæбулы хъæбултæ. Зæрдæ сæм не ‘хсайы. Амонд у, дæ бинонтæй зæрдæрухс куы уай, маст сæ куы нæ зонай. Сæйрагдæр та – адæймаг хъуамæ уарза фыдæбон кæнын. Уый, æнæмæнг, хæссы удæнцой. Удæнцой та у амонды уидаг.

– Дæ кæстæртæй царды дæ фæндагыл исчи ацыд?

– Мæ цотæй – нæ. Фæлæ нæма байрæджы (инæлар хъæрæй ныхъхудт), ныфс мæ ис, уыдоны кæстæртæй исчи æфсæддон кæй суыдзæн, уымæй.

– Цавæр ныстуантæ дæм ис Ирыстоны цæрджытæн, нæ кæстæртæн?

– Хуыцауæй курын иу хорзæх, цæмæй Ирыстоны лæггур цæуын макуы бахъæуа. Ис нæм бирæ курдиатджын æмæ рæсугъд фæсивæд. Акæсут-ма Ирыстоны историмæ фæстæмæ. Нæ сыхæгтæ нæм пирæны коммæ лæбурæгау дыууæрдыгæй лæбурынц, фæлæ та сын нæ сахъгуырд хъæбатыр фæсивæды руаджы аккаг ныхкъуырд радтæм. 2008 азы Хуссар Ирыстоныл гуырдзиаг фашисттæ тугуарæн куы ныккодтой, уæд та тохы хъæрмæ Цæгат æмæ Хуссары фæсивæд ног æрбамбырд сты, Ирыстонæн йæ зæрдæ кæм срыст, уыцы ранмæ, фæсте ничи фæлæууыд. Æмæ та сæ сæргъы æрлæууыдысты нæ ныфсджындæр хъæбултæ Уататы Зелим, Отарты Хъазыбег, Бæройты Эльбрус. Мæлæт адæймагмæ хæстæг кæм бацæуы, уырдæм тæппудтæ хæстæг нæ цæуынц. Мæлæтæн йæ дыууæ цæстмæ чи кæсы æмæ афтæмæй йæ фыдыбæстæйы сæрвæлтау раззагдæртимæ тохы чи бырсы, уыдон та сты хъæбатыртæ, æмæ сæ Ирыстон цух никæд уыд. Ирд дæнцæг та сын – уал хæсты сæрты чи ахызт æмæ йæ адæмы сæрибардзинад чи бахъахъхъæдта, уыцы хистæртæ. Мæн тынг фæнды, цæмæй адæм зоной цардæн æмæ кæрæдзийæн аргъ кæнын. Архайой алы хъуыддаг дæр æнæ топпы гæрахæй скъуыддзаг кæныныл. Æз дæн адæмы хæлардзинад æмæ сæрибардзинады фарс! Кæстæртæ хъуамæ ма рох кæной, сæ размæ чи уыд, уыцы фæлтæрты фарн. Наци хъуамæ уа æнæниз, хъомысджын, уд æмæ зондæй фидар.

Кæстæры хорз хистæртæй аразгæ у, æмæ Хуыцау Ирыстоны куырыхон хистæртæй макуы фæцудын кæнæд. Ирон адæм нæртон æфсир куыд рафтауой æмæ йæ фæрныгадæй æгас дуне дæр ныфсджын куыд уа, ахæм амонд нæ уæд!

Кæй кой не скодтон, уыдон мын бахатыр кæнæнт, ныхкъуырддæтджытæй алчидæр у хицæн ныхасы аккаг.

***

Станислав, УФ-йы Æнæнхъæлæджы уавæрты министрады куы куыста, уæд æппынæдзух уыд фæдисон. Не ‘ппæт дæр ма хорз хъуыды кæнæм, Къобæй рацæйцæугæйæ, æнæхъæн автобусы дзаг мæрддзыгой былæй куыд ахаудысты, уый. Уæд дæр Ирыстонмæ æппæты фыццаг стахт Суаны-фырт йæ ирвæзынгæнджыты къордимæ. 1999 азы Турчы цы стыр зæххæнкъуыст æрцыд, уым дæр йæ къордимæ уыд фыццагдæртимæ. Калд хæдзæртты бынæй ферваæзын кодтой бирæ адæм. Уæрæсейаг ирвæзынгæнджытæ Туркæй фæстæмæ куы здæхтысты, уæд уыцы бон инæларæн уыд йæ юбилей. Сæххæст ыл 50

азы. Уыцы хабар базыдтой туркæгтæ дæр æмæ йын зæрдиаг арфæтимæ радтой стыр лæвар – туркаг инæлары пъагæттæ. Цы æнхъæлцау сылгоймаджы ферваæзын кодта, уымæн госпиталы райгуырд лæппу, æмæ йыл сæвæрдтой йæ ирвæзынгæнæджы ном – Станислав.

Ныртæккæ Суанты Станиславмæ ис цардмæ рауадзинаг ахсджиаг фæндон: сфидар кæнын сæрмагонд къамис æмæ, 1992 азы нæ сыхаг экстремистты ныхмæ чи æрлæууыд, уыдоны мысинæгты бындурыл чиныг рауадзын, равдисын уыцы цауæн йе ‘цæгдзинад.

Æмбисонды инæлар… Йæ хъæбатырдзинад, йе сгуыхтдзинæдтæ æмæ йæ хорзы кой мæ сабибонтæй абонмæ мæ ныййарджытæй, мæ хистæртæй кæмæн хъуыстон, Интернеты тыгъдады æмæ чингуыты кæй тыххæй кастæн, уый ныр – мæ разы. Афтæ мæм каст, кæд æфсадæн командæ кæны, уæд худгæ дæр стæм хатт бакæны, у карз. Фæлæ мæ разы цы бæрзонд, бæзæрхыг, саджы фисынтыл амад инæлар лæууыд, уый разынд бынтон æндæр: цымыдисаг ныхасæмбал, æргомзæрдæ, цæстуарзон, зæрдæхæлар, цыргъзонд, сывæллонау арф æнкъараг, фæлæ куы бахъæуа, уæд йæ ныхасæй цыма дур чи скæрддзæн, ахæм характерон хъайтар æмæ уыцы иу рæстæг – хуымæтæг адæймаг. Ацыд, фæлæ ныр дæр хъусты зæлынц, нæ ныхасы рæстæг инæлар, йæ æнкъарæнтæ нæ уромгæйæ, цы зæрдиаг худт кодта, уыцы æхцон зæлтæ. «Царды скъола», – хъуыды кодтон, фæрсырдыгæй йæм кæсгæйæ, мæхинымæр. Зæрдæ та байдзаг сæрыстырдзинадæй.

КЪАДЗАТЫ Станислав

ЙÆ НОМ У БÆРЗОНД ÆМÆ УАЗ

Суанты Станиславимæ нæ фыдæлтæ Мамысонгомы иумæ цардысты иу дон, иу уæлдæфæй, æмæ нæ дыууæ мыггаджы хæрæфырттæй сты каубыды хуызæн. О, тугхæстæг хорз у, фæлæ удæй хæстæг – цал æмæ цал хатты хуыздæр! Станиславы уды та цыма ирон лæджы хуыздæр миниуджытæ нæртон зиу скодтой.

Уастырджи дам-иу раздæр афтæ сомы кодта: «Лæджыстæн!» Ацы ныхас нæ фыдæлтæм фæзынд Суанты Станиславы хуызæн сахъгуырдты фæрцы.

Стыр фурдæн – стыр уылæн, стыр дурæн – стыр тулæн. Уæрæсейæн рагæй-æрæгмæ Ирыстон йæ сыгъзæрин армы хаста афицер-хъæбулты.

Уымæн æмæ нæ адæмæн тæккæ сæйрагдæр удхъомысы хæрзтæ сты æгъдау, бæрнондзинад, Фыдыбæстæмæ уарзт æмæ лæгдзинад. Хъæбатыртæ æмæ нæм инæлæрттæ дæр уымæн ис афтæ бирæ. Гъемæ сын сæ сыгъзæрин хал ахордта не ‘мдугон афицер.

Саджы æруайæн, дам, зыны. Суаны-фырт кæмдæриддæр службæ кодта æмæ куыста, уым алы ран дæр – кад æмæ радимæ. Станислав лæгæвзарæнты тырысайау бæрзонд хаста ирон лæджы ном æмæ-иу равдыста афицеры æрдхæрæны курдиат æмæ æмбисонды æхсар. Инæлары цин дæр ын уымæн саккаг кодтой.

Уæдæ 1992 азы мæхъæлон фыдгæнджытæ Ирыстонмæ куы ‘рбабырстой, уæд Суаны-фырт басгуыхт хæстон фæтæг. Фæстæдæр уый тыххæй Станиславы куы ‘фхæрдтой, уæд йæ диссаджы дзуапп ссис базырджын ныхас: «Æз фыццаджыдæр дæн ирон лæг, уый фæстæ та – Уæрæсейы инæлар».

Ам мын æнæ зæгъгæ нæй нæ адæмы ахæм низауы тыххæй. Ирон хицæуттæн æмæ чиновниктæн сæ фылдæры æрцахсы уыцы бæллæхы миниуæг, æмæ цас уæлдæр фæхизынц карьерæйы асинтыл, уыйас сын тынгдæр ахсæдынц сæ ирон хихтæ. Ахæмтæм тæккæ бæрзонддæр цъуппыл иронæй ницыуал баззайы, æмæ сæ сæ адæмы хъысмæт æппындæр нал фендавы.

Суаны-фыртæн та æппæты разæй æдзухдæр уыд Ирыстон, уый фæстæ та – иннæ хъуыддæгтæ. Мах диссаджы адæм стæм – нæ тæккæ хуыздæрты нæхицæн нæ цæст нæ уарзы, нæ сын зонæм æмбæлгæ аргъ кæнын. Нæ сарæхстыстæм Станиславы дæр бæрзонддæр бынатмæ равзарынмæ.

Мæ хатдзæг та ахæм у: Таболты Солтан, Хетæгкаты Сергей, Суанты Станиславы хуызæн патриоттæ-иу куы уыдаиккой республикæйы сæргъы, фыццаг бынаты, уæд Ирыстон цас æмæ цас фæрныгдæр суыдаид! Мæ нымадæй, уæд Беслæны æвирхъау фыдбæллæх дæр не ‘рцыдаид.

Цы ма хъæуы зæгъын? Суанты инæлар æнæуи царды у хуымæтæг, цæстуарзон, искæй арм фæрогдæр кæнынмæ, баххуысмæ – цæттæ. Фынджы уæлхъус та – уæздан, гуыххæл, фæлæ – мидбылхудгæ, хъæлдзæг, цыргъзонд, фаты æрттигъау – йæ ныхас. Афтæмæй Станиславы фарсмæ цыфæнды кæстæр дæр вæйиы бæрнондæр, фæфæнды йæ æрдын босау æлвæст уæвын.

Цыбырдзырдæй, Суаны-фырты цардвæндаг махæн ацы

фæлдурæджджын дуджы у сыгъзæрин хъыбыллæйау. Гъемæ дзы пайда кæнын куыд зонæм, уыцы хъару нæм разынæд!

Станислав, дæ бæрæгбон у нæ дзыллæйы бæрæгбон дæр, гъемæ дыл нæртон læджы арфæтæ æрцæуæнт!

СУАНТЫ СТАНИСЛАВЫ ЗАРÆГ

Уари йæ ахстон куыд хъахъхъæны,–
Халон дзы лидзы æрвгæрæтты!
Суаны-фырт афтæ куы бадзуры:
«Знагæн нæ цæфтæ – бæрзæйсæттæн!»

Ирæн йæ бæстастæу Мамысон
Хидау дыууæ Ирæн – иугæнæг.
Цал уыд йæ хъæбултæй намысæн!
Бафтыд сыл не ‘мдугон инæлар.

Тохы дзæнгæрæг куы азæлы,
Сиды Ирыстон фæдисонтæм,
Знаджы уæд фурдау куы афсæрынц
Иры сæрибары сидтонтæ.

«Уымæн нæ уд дæр ма ратдзыстæм,
Уазæджы номыл нæм чи цæуа,
Нæй, æз ирон дæн фыццаджыдæр,
Стæй та – Уæрæсейы инæлар!»

Никуы, дам, бауæндыд сау ызгæ
Нарты Æхсары æндон кардмæ.
Басгуыхт фæдисонтæн раздзæуæг
Суанты инæлар нæртон уартау.

Стъалыты хонынц æрвон куывдмæ
Ацы алæмæты изæртæ.
Ракæнæм арфæ нæртон гуырдæн, –
Йæ адæмы амондæн чи цæры!

УАНИОН

ИНÆЛАРЫ РУСТЫЛ ЦÆССЫГТÆ

Нынкъард ис инæлар. Нырхæндæг. Цæстытыл ауадысты, йæ акомкоммæ цы ацæргæ адæм бадынц, уыдон 25 азы размæ йæ разамындæй Ирыстоны зæхх сыхаг экстремисттæй бахъахъхъæнынмæ хæдхæцæг къордты æмцæдисон зиууонтæй, кæрæдзи фарсмæ иу бинонтау уæхски-уæхск æрбалæугæйæ, æз фæраздæронæй размæ куыд бырстой, уый. Куыд сæрыстыр сæ уыд уæд. Се ‘нгомдзинадæй дурæй дон уагътой. Сæ рис дæр иу уыд, сæ цин дæр.

Хæссы сыл цадæггай йæ цæст. Уал азмæ сæ алчидæр аивта йæ хуыз. Кæйдæрты дзы сæ бакастæй бæгуыдæр нал базыдта. Йе ‘фсадæй а дунейæ чи фæхъуыд, уыдоны нæмттæ сæры кæрæдзи фæдыл ныххал сты. Хъустыл ауайы автоматы къæр-къæр, адæмы хъæр, цъæхахст, сывæллæтты кæуын… Йæ миддуне раст цыма иннæрдæм рафæлдæхт, арф æнкъарæнтæй туг уылæнтæй абухы, йæхимидæг стыхст, фæлæ йæ æддæмæ не ‘вдисы. Йæ хид йæ къухмæрзæнæй асæрфта инæлар, арф ныуулæфыд. Цы кусæм ам? Цы рцыд? Цæмæн æй бахъуыд æвæстиатæй Мæскуыйæ Ирыстонмæ фæдисы цæуын?

Фондз æмæ ссæдз азы размæ йын, абон цы фарста равзарынмæ æрæмбырд сты, уый развæлгъауæй исчи куы загътаид, уæд æй масты хай бакодтаид.

Уæд, 1992 азы 14 июлы, Хуссар Ирыстонмæ бахъуыды рæстæг сæ риуæмбæрц гуырдзиæгты ныхмæ цæргæстау куы тахтысты, уый та? Цыбыр рæстæгмæ сырæзыд полкъ, æмæ, сæ разæй – йæхæдæг, афтæмæй цæхæры балæууыдысты. Хъуыдытæ кæйдæр хъæлæс æрбаскъуыдта:

– Райдайæм! Иууылдæр ам сты.

Цæвиттон, инæлары æфсæддонтæй цалдæрæй сæвварс сты, уыцы историон цауты се ‘мрæгъ, кæм та сæ разæй чи цыд, абоны онг сын æфсымæры лæггад чи кодта, ууыл. Не ‘рцыдысты раст аргъгонд йæ бирæ лæггæдтæ кæйдæрты цæсты. Ныффыстой йыл хахуыртæ. «Цæрæнбонты йæ хорз хъуыддæгтæ æмæ йæ уды фарнæй цы мæсыг самадта, адæмы ‘хсæн ын цы ном ис, уый ныр цъыфы бын фæцис», – æнæмæнг хъуыды кодтаид хæлбурц æнкъарæнтимæ

амидингæнæг йæхинымæр. Фæлæ рæстаг адæймагыл искæй цъыфтæ тыххæй куы ‘ндадзай, уæддæр ыл нæ баныхæсдзысты. «Йæ майдантæ, йæ хæрзиуджытæ йын байсын хъæуы, сæ аккаг нæу, нæ уыд хæстон…» – фыстæуыд сæ курдиаты Сæргъæлæууæгмæ.

Нæ уыд хæстон? Нæ уыд Фыдыбæстæ хъахъхъæнæг?..

Инæлар… акæс ивгъуыдмæ абонæй.
Сæфы лæгæн йæ кады ном.
Скæн тæрхон ды æгъатырæй,
Кæд фæрæдыд, нæ дары ком.

Загъта инæлар, раст цы уыд:
– Æфхæрут уæгъды хъæбатыры!
Хæстæн растдæр йæ арты уыд!
Уæд уын худинаг ацы бон!

Фесты йе ‘фсад кæрæдзимæ,
Къухæй бавнæлдтой ‘фхæрæгмæ.
Уæд цы взидыс Рæстдзинадмæ, –
Иры хъæбул, йæ зæнæгмæ!

Сыстад инæлар се ‘хсæнæй:
«Уый цы кусут, хъæбатыртæ?»
Ацыд хистæр æрхæндæгæй –
Бафхæрдтой йæ сæ хахуыртæ.

Изæр талынгмæ акъул ис,
Бады инæлар иунæгæй.
Æмæ уынгты цырагъы рухс
Хъазы цæссыджы минмырæй.

03.02. 2018 аз иу цауы фæстæ

ИКЪАТЫ СЕРАФИН: 110 АЗЫ

(1909 – 1993)

ХЪУЫЛАТЫ Зирæ

ЙÆ ЦАРДЫ НЫСАН

Икъаты Серафин, йæ куыстыл, йæ равзæрст фæндагыл ныхас кæнгæйæ, загъта: «...Алы адæймагæн дæр ис йæхи амонд, йæхи стъалы. Мæнæн уыдон се ‘ппæт дæр баиу сты театры сценæйы. Æмæ фæсмонгонд нæ фæдæн. Ныртæккæ та ногæй æрыгон куы фестин æмæ та мæ фæндаг æвзарын куы бахъæуид – ногæй та равзарин æрмæстдæр театр, сценæ».

Æвæццæгæн, алы адæймагæн дæр вæйиы йæхи фæндаг царды, фæлæ йæ афоныл се ‘ппæт нæ базонынц, нæ раргом кæнынц.

...Икъаты Серафин хæрз сабийæ аздæхти аивадмæ. Фæндыræй бирæ чысыл чызджытæ фæцæгъды. Фæлæ се ‘ппæт æцæг фæндырдзæгъдджытæ не свæййынц, се ‘ппæты цагъд æмхуызон нæ вæйиы.

Серафины чысыл зæрдæйы иннæрдæм хызтысты йæ мад Полийы цæгъдтытæ. Зынвадат æмæ тыхст цард Полийы фæндыры азæлдыл фæзынд. Арæхдæр кодта кадджытæ, кафыны цæгъдтытæ нæ, фæлæ. Чысыл Симæ дæр æппæты фыццаг уыдон цæгъдын райдыдта. Фæлæ сабийы зæрдæйы æнкъарддзинад фæстиат нæ кæны, æмæ та-иу йæ къаннæг æнгуылдзты бынæй райхъуыст бынтон æндæр, уæнгроггæнæг æмæ циндзинадтауæг цагъд.

Сценæмæ дæр йæ фæндырдзагъды руаджы бацыд.

1931 азы январы республикæйы олимпиадæйы бацахста фыццаг бынат йæ фæндырдзагъдæй. Уыцы олимпиадæйы йæ федта профессор Æлборты Барис, хъуыстгонд ахуыргонд æмæ рухстауæг. Æмæ бауынаффæ кодта Серафинæн Тотраты Бесæйы ссарын. Бесæ агуырдта ирон курдиатджын фæсивæд Мæскуымæ театралон институтмæ арвитынæн.

Ссардта Серафин Бесæйы. Радзырдта йын йæ фæндон. Бесæ йæм уæле дæлæмæ æркаст æмæ алыг кодта:

– Æгæр гыццыл дæ.

Серафин фыццаг базыркъуырд бæлонау фæци, стæй фæцарæхсти:

– Æмæ бæрзондзæвæтджын дзабыртæ дардзынæн.

– Уый дын ницы баххуыс кæндзæн, – æмæ Бесæ атындзыдта йæ хъуыддæгтæм.

Серафин йæ фæдыл азгъордта æмæ йæ ногæй æрурæдта.

Æмæ уæд нал фæлæууыд Бесæ. Радта йын гæххæтт Мæскуымæ, театралон институтмæ.

Паддзахадон къамисы раз куы ‘рлæууыд Серафин, уæд æм бирæ фæракæс-бакæс кодтой. Стæй дзы ракуырдтой æмдзæвгæ радзурын. Уый фæстæ йын зындгонд режиссер Р. Симонов афтæ: «Ныр та нын исты этюд равдис». Серафин джихæй аззад. Этюд цы у, уый нæ зыдта. Симонов æй фембæрста æмæ йын йæхæдæг баххуыс кодта.

– Зæгъæм, æз заводы директор дæн. Дæуæн та дæ сывæллæттæ– æххормаг, бæгънæг. Дæ нысан, дæ хæс у, цæмæй дæхи куыстмæ райсын кæнай. Бамбæрстай?

Цы бамбарын æй хъуыди. Серафинæн йе ‘рфгуытæ æрбалхынцъ сты, æмæ йæ цæсгом газеты аууон чи бакодта, уыцы «директормæ» бауырдыг.

– Айс мæ куыстмæ!

Дзуапп нæй, Симонов æм газеты аууонæй сусæгæй кæсы.

– Дæумæ дзурын, айс мæ заводмæ! – нæй та дзуапп.

– Æз дæумæ дзурын, дæумæ! – æмæ йæ чысыл тымбыл къухæй стъол ныццæлхъ ласта.

Симонов хæрдмæ фæхауд:

– Уæртæ йæ цæстытæ цæхæртæ куыд акалдтой! Исæм дæ, мæсты ма кæн, исæм дæ, æрмæст заводмæ нæ, фæлæ театралон институтмæ...

Афтæ райдыдта Икъаты Серафин ахуыр кæнын Мæскуыйы театралон институты ирон курдиатджындæр фæсивæдимæ.

1935 азы 10 ноябры Серафин фыццаг хатт рахызти сценæмæ. Уый уыдис Ирон театры райгуырæн бон, ирон аивады æмæ культурæйы егъаудæр цау. Мæскуыйы театралон институты цы фæсивæд ахуыр кодта, уыдон бындур æрæвæрдтой Ирон драмон театрæн. Сæ фыццаг спектакль уыди Корнейчукы «Платон Кречет». Серафин хъазыди Лидæйы ролы. Мæскуыйы кæй бацæттæ кодтой, уыцы дыккаг спектакль уыди «Лгун» Гольдонийы пьесæмæ гæсгæ. Уым Серафин хъазыд æххуырст чызг Коломбинæйы ролы.

Уыдон уыдысты йæ фыццаг рольтæ, йæ фыццаг сарæзт сурæттæ. Æмæ сыл адæм сæ цæст æрæвæрдтой. Сæ бакасты, нæ сæ ныхасы уаджы, нæ сæ къахайсты, сæ зæрдæйы конды æмæ хъуыдыты зилдухы æмхуызонæй ницы равдыста Серафин. Нæ сæ дыууæйæн дæр ссардта сæрмагонд удыхъæд æмæ ахорæнтæ. Суанг уæд сбæрæг йе стыр курдиат.

Уалынмæ Лидæ æмæ Коломбинæйæн фæзынди хотæ. Серафин бонæй-бонмæ иу спектаклæй иннæмæ кодта дæсныдæр, ныфсхастдæр, хъуыдыджындæр.

Сæдæгай рольты ахъазыд ирон сценæйы Икъаты Серафин. Æрмæстдæр сын сæ кой скæн, æмæ та цæстытыл ауайынц цардæгасæй. Уыцы рольты, уыцы сылгоймæгты ‘хсæн ис, Серафинæн уæлдай уарзондæр чи у, йæ зæрдæйы уæлдай арфдæр чи ныххызт, ахæмтæ. Æппæты разæй æрымысæм Хансиаты сурæт Брытъиаты Елбыздыхъойы драмæ «Дыууæ хойы».

Сидзæр чызджы æфхæрд зæрдæйы фыццаг хатт сæвзæрдис тохы фæнд. Серафин хорз зыдта ирон сылгоймаджы æнамонд хъысмæт ивгъуыд заманты, æмæ Хансиаты сурæтæн бахай кодта йæ курдиаты хуыздæр миниуджытæй, батавта йæ йæ зæрдæйы хъармæй. Йæхи куыд фæнды, йæ уд куыд зæгъы, афтæ цæрын æй нæ уадзынц, æмæ уæд Хансиат равзары мæлæт.

Бынтон æндæрхуызон у Джеммæ Этен спектакль «Кардиналы фырт»-ы. Ирон театры ацы спектакль куы æвæрдтой, уæд Джеммæйы ролыл уæлдай фылдæр фæтæрхон кодтой. Æппынфæстаг йæ режиссер Е. Сахаров загъта: «Икъаты Серафины уынын ацы ролы».

Æмæ йæ æцæг федта.

Тыхджын, уæззау куыст уыдис ацы сурæтыл. Фæлæ ферох сты æнæхуыссæг æхсæвтæ, ферох ис йæ тас, йæ дызæрдыгдзинад, фыццаг спектаклы адæмы тыхджын къухæмдзæгъд, разыйы ныхас, цины уынæр куы фехъуыста, уæд.

Серафинæн йæ зæрдæйы арф æвæрд ис Треневы «Любовь Яровая». Уыцы сылгоймаджы сурæт советон драматургийы тæккæ вазыгджындæр æмæ хуыздæрыл нымад у. Æмæ уыцы егъау куыст Серафин æвдыста Мæскуыйы сценæйы нæ бæстæйы аивады стырдæр æмæ дæсныдæр артисттæн, режиссертæн, йæ кæддæры ахуыргæнджытæн.

Серафин-Любæ-иу сценæмæ фыццаг къахдзæф куы ‘рбакодта, уæд-иу залы адæмы хъуыдытæ йæ бæрны баисты. Цы тæссаг хабар æрбахаста, уый-иу сыл апырх, æмæ-иу уæдæй фæстæмæ спектаклы уæлдæф фæкарздæр.

Алы сурæты рæзт дæр лæмбынæг æвдисын, йæ удыконд, йæ хъуыдыты зилдух, йæ зæрдæйы æнкъарæнтæ рæстагæй адæммæ хæццæ кæнын – ахæм сты Серафины сæйрагдæр миниуджытæ

сценæйы. Хъæлдзæг æмæ хинæйдзаг, налат, тызмæг æмæ кæрæф, карз, хъæбатыр æмæ ныфсхаст, фæлмæн, уарзæгой, амондмæ бæллæг, мæтгæнаг, рæвдауаг æмæ узæлаг – ахæмтæй æвдыста Серафин сылгоймæгты фæлгонцтæ.

Уæлдай фылдæр Серафин ахъазыд уарзон чызджыты рольты. Ирæттæ æмæ уырыссæгтæ, англисæгтæ æмæ немыцæгтæ... Цал адæмыхатты удыконд равдыста сценæйы йæ бирæ азты куысты рæстæг! Æмæ дзы иу иннæйы хуызæн никуы уыдис.

Дунеон классикæйы Карло Гольдонийы пьесæ «Фысымуаты хицау» стыр бынат ахсы. Сæйраг архайæг – Мирандолинæ – вазыгджын æмæ зынаразæн сурæтыл нымад у. Æмæ Мирандолинæйы ирон сценæйы сдзурын кæныны амонд æрхаудис Икъаты Серафинмæ. Серафины Мирандолинæ уыди зондджын, арæхстджын сылгоймаг. Æнцонæй-иу рахатыдта адæмы зæрдæйы уаг, сæ удыконд, сæ хин митæ æмæ хъуыдытæ. Æмæ уый руаджы, йæ чысыл фысымуатмæ чи цыди, чи дзы царди, уыдоныл паддзахиуæг кодта. Фæлæ куыд тынг аивта Мирандолинæ-Серафин, фыццаг хатт уазал цæстæнгасыл куы сæмбæлд уæд! Кавалер нæ уарзта сылгоймæгты, йæ удхæссæг сæ уыдта.

Уыцы хъуыддаг Мирандолинæйы зæрдæйæн карды рæхуыстау, æхсæрфарсы цæфау уыди. Сæрыстыр сылгоймаг, хъæлдзæг, цардуарзон, амондмæ бæллаг у. Æмæ йын Кавалеры хуызæн хус адæймаг æнæуынон у. Уый йæ уазал цæстæнгасæй æфхæры канд Мирандолинæйы æнкъарæнтæ нæ, фæлæ сылгоймæгтæн се ‘ппæты дæр. Гъе уыцы маст схуыста размæ, тохмæ Мирандолинæйы.

Кавалер йæ уарзондзинадыл кæм басæтты, сылгоймаджы цур зоныгыл кæм æрхауы, уыцы сценæйы Серафин-Мирандолинæ уæлдай дæсныдæр хъазыд. Иуæй, цин кодта йæ уæлахизыл, иннæмæй – дис. Ау, æцæг сæнкъуысын кодта фынæй арсы?

Трагеди уа, драмæ уа, комеди уа – се ‘ппæты дæр æмхуызон æрттывдæй тæмæн калдта Икъаты Серафины курдиат ирон сценæйы. Кæм адæмы арф хъуыдыты æфтыдта, кæм сæ кæуын кодта, кæм худын.

Фæндыræй хорз кæй цагъта, уый йæ бирæ спектакльты бахъуыд. «Пæсæйы фæндон»-æй райдай æмæ «Дыууæ чындзæхсæвæй» фæу.

«Дыууæ чындзæхсæвы» Гадзыгызы сурæтыл бирæ ныхас цыди, бирæ йыл быцæу кодтой. Вæййы ахæм æви нæ вæййы? Æмæ Серафин йæ хъазтæй бауæндын кодта: вæййы. Уый – æрмæстдæр, йæ

авналæнтæ, йæ аивады æвæрæнтæ æнæихсигæ кæй сты, уый руаджы.

Цал ног æмæ ног сурæты райгуырди ирон сценæйы Серафины курдиаты руаджы! Нымайын сæ райдай, уæд адæймаг дисы бафты. Джульеттæйы хъомылгæнæг Шекспиры «Ромео æмæ Джульеттæ»-йы, ирон уарзæгой мад Дзегыдæ «Æгæр цæхджын дойны кæны»-йы, кæрæф, карз æмæ хиуарзон Гонерилья «Къарол Лир»-ы, хæдæфсарм Кæлимæт «Хæрзойты Фатъимæт»-ы, цæхæрцæст, хъазаг, зараг Дзæйнæт «Нæ хæлæрттæ»-йы, революцийы тæфагæй чи фæхъæстæ, уыцы Таня Фадеевы «Дæрæн»-ы райгуырæн бæстæйы иузæрдион хъæбул, хъæбатыр советон чызг Таня Егорова «Дыккаг фронты фале»-йы, уырыссаг сыгъдæгзæрдæ ахуыргæнæг дагестайнаг хъæуы «Асиат»-ы, дæлбынты цæуæг къуылых Дзыгыда «Чындзæхсæв»-ы, сæрæн французаг æххуырст чызг Сюзаннæ «Фигаройы чындзæхсæв»-ы, уæдæгонд Людмилæ «Вассæ Железнова»-йы, рогзæрдæ Варварæ «Арвнæрыд»-ы, гæдывад, цæстфæлдахæг Салфетка «Софяйы зарæг»-ы æмæ ма бирæ æндæртæ. Дæс æмæ ссæдз азæй фылдæр фæкуыста Икъаты Серафин Ирон театры, æмæ, цы сурæттæ сарæзта, уыдон зынаргъ æвæрæнтæй, стыр хæзнайæ бацыдысты ирон культурæйы хæзнадонмæ.

Йæ цард, йæ куыст, йе ‘ппæт зонындзинæдтæ æмæ йе стыр æнæихсигæ курдиат Серафин нывондæн æрхаста ирон аивадæн, ирон адæмæн.

Советон хицауад стыр аргъ скодта йæ фæллойæн. Læвæрд ын æрцыдысты нæ республикæйы æмæ Уæрæсейы Федерацийы адæмон артисткæйы ном, орден «Кады нысан». Ирыстоны фæллойгæнæг дзыллæтæ йæ цалдæр хатты равзæрстой сæ минæварæй республикæйы Сæйраг Советмæ, къорд азы уыди СЦКП-йы Цæгат Ирыстоны обкомы уæнг. Дæсгай азтæ фæд-фæдыл æвзæрст æрцыд Уæрæсейы Федерацийы Театралон æхсæнады Цæгат Ирыстоны хайады сæрдарæй.

Æмæ æхсæнадон куысты дæр фæллад нæ зыдта, йæхи иуварс никуы айста, ардта фаг рæстæг, хъару, арæхстдзинад æппæт куыстытæ дæр, сценæйы цы зынг зæрдæимæ архайдта, афтæ æнувыдæй æххæст кæнынæн.

«МАХ ДУГ»-Ы РАВДЫСТ

Театрдзауты уарзондæр спектакльтæй иу, Туаты Дауыты пьесæ «Пæсæйы фæндон» фыццаг хатт Ирон театры сценæйы куы сæвæрдтой, уæдæй рацыд 75 азы. Сæйраг рольтæй иуы ахъазæг Икъаты Серафины райгуырдыл та сæххæст 110 азы. Зæрдæйы баззадысты артистты ирд фæлгонцтæ, базырджын ныхæстæ æмæ зарджытæ.

Спектакль «Пæсæйы фæндон»-æй хицæн сценæтæ.
СÆЛИМÆТ: – Цола куы æрбацæуид, уæд уый Пæсæйы Æхсарбеджы фыццаг бæргæ фæкæнид.

НАНА: – Чызджытæ, къæлуа уын скæнон, æви сир? **ЧЫЗДЖЫТÆ:** – Сир, нана, сир!

НАНА: – Кæд куырой доныл арæзт у, уæд цард та – уарзондзинадыл!

БÆЦИАТЫ Агуыдз: «Мысост æмæ Сæлимæт – уыдон дæр сыгъдæг уарзтæй судзынц пиллон арты æмæ сæ кæд райдайæны ирон æфсарм кæрæдзимæ сдзурын нæ фæуадзы, уæддæр фæстагмæ ахизынц æгъдæутты сæрты».

Спектакль «Пæсæйы фæндон».
Икъаты Серафин (Сæлимæты ролы)
Баллаты Валодя (Æхсарбеджы ролы)

СÆЛИМÆТ. Уый мæ хист бахæрæд, чи нæ азара!

ÆХСАРБЕГ. Омæ, æнæзонгæ кæрты куыд азарон?

СÆЛИМÆТ. Ничи дзы ис, куыройы ис нана дæр. Азар!

ÆХСАРБЕГ. Сæлимæт, Пæсæйыл зарæг скодтон, куыд дæм фæкæсдзæн, нæ зонын. Мæнæ иу бон Хъантемыратæм иу цагъд куы кодтай? Куыддæр уыдис, куыддæр!

Сæлимæт йæ фæндыræй фæлвары зарæджы мелоди æрцахсыныл

ÆХСАРБЕГ (зары).
Æмбисонд æрбауай, Цæлойтæн сæ рæсугъд, гъей
Мæ уд мын фæхаста дæ бакаст, дæ бахудт, гъей.
Æз нал дæн хæдзарæй, æмгæрдтæй фæцух дæн, гъей
Æррайау дæ фæстæ куы зилын æдзухдæр, гъей...
СÆЛИМÆТ. Дæ фæстæ лидзгæ кæндзæни!

БÆЦИАТЫ Агуыдз: «Икъаты Серафины Сæлимæтæн æнæкæрон уыдысты йе ‘рхъуыдыдзинад,йæ цыргъзонд митæ. Цардбæллон чызджы бæллиццаг арæхстдзинад баст уыд адæмы цæрæццаг ныфсдæттæг æууæлтимæ. Уыдон ын радтой уазхъæлæс фæндыр, уыдоныл сахуыр булæмæргъау зарын, хъæрæй худын».

Спектакль «Пæсæйы фæндон»-ы кæронбæттæны сценæ.
Галиуырдыгæй фæндыраей цæгъды Сæлимæт – Икъаты Серафин

Спектакль «Любовь Яровая». Икъаты Серафин æмæ Хъæрджынты Варварæ
ЛЮБОВЬ: – Куы бахъæуа, уæд мæхи туг дæр ныккæлæд

Спектакль «Софяйы зарæг». Хъæрджынты Варварæ, Икъаты Серафин æмæ Дзукъаты Аня Салфеткæ устыты барасыг кодта.

САЛФЕТКÆ: – Уæдæ нæлгоймæгтæн æнцон у, зæгъут. Фæлæ фыдæбон кæнынмæ райгуырдысты æмæ фыдæбон кæнынц.

(Ныззары)

Спектакль «Софяйы зарæг». Кокайты Исай æмæ Икъаты Серафин.
САЛФЕТКÆ: – Уæдæ усгур дæ, зæгъыс?
МАЙРÆМ: – О, усгур!

Спектакль «Дыууæ хойы». Икъаты Серафин æмæ Дзукъаты Аня

АСИАТ: – Зарджытæ! Æмæ ма мыл цаварæ скæндзысты? Фæсхъæуы фыйыæуттæ цъиутау кæй уасынц, уымæй æбуалгъдæр ма цы æрымысдзысты.

ХАНСИАТ: – Æз та ма дын, куы фефсæрмы уай, уымæй фæтарстæн... Æнцад у, Хъамболаты бар сæ уадз

Спектакль «Дыууæ хойы»
Икъаты Серафин – ХАНСИАТ. Мерденты Юри – КАСАЛ

Спектакль «Дыууæ чындзæхсæвы»
Дауыраты Харитон – Хъалмыхъхъ æмæ Икъаты Серафин – Гадзыгыз

Спектакль «Дыууæ чындзæхсæвы»
Икъаты Серафин – Гадзыгыз

МАЛИТЫ ВАСО

ИКЪАТЫ СЕРАФИН: – Æз мæхи æппæтæй дæр дæттын уыцы ног адæймагæн, кæцы мæ фæлгонцы рахиздзæн сценæмæ.

ÆРЫГÆТТЫ ÆРМДЗÆФ

ГАСАНТЫ ВАЛЕРИ

(1985)

Ирон æвзаг æцæгæйдæр мады ад кæмæн кæны, йæ цард æмæ йын йæ зонд чи не ´вгъау кæны, уыдонæй у УФ-йы Журналистты цæдисы уæнг, Колыты Аксойы премийы лауреат Гасанты Валери.

Уый райгуырд 1985 азы 22 июлы. 2003 азы каст фæци Нигеры ном хæссæг Дзæуджыхъæуы 1-æм астæуккаг скъола. Уыцы аз бацыд Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты ирон филологийы факультетмæ æмæ йæ хорз бæрæггæнæнтимæ фæци 2008 азы. Кусын райдыдта Паддзахадон телерадиокомпани «Алани»-йы сæрмагонд равдыстыты редакторæй.

Валери ма æртыккæгæм къласы ахуыр кодта, афтæмæй ныффыста йæ фыццаг æмдзæвгæ. Фæстæдæр ын рацыд газет «Рæстдзинад»-ы. Уæдæй фæстæмæ фæцалх æмдзæвгæтæ фыссыныл. Ноджы ма йæ ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг Гусаты Еленæ разæнгард кодта чысыл уацтæ фыссынмæ дæр. Уæдæй фæстæмæ Гасаны-фырт æмгуыст кодта газеттæ «Слово» æмæ «Стыр Ныхас»-имæ.

Университеты ахуыр кæнгæйæ, литературон сфæлдыстады домæнтæ куы базыдта, уæд йе ´мдзæвгæты хæрзхъæддзинад зынгæ фæнывылдæр. Йæ уацмыстæй йын иу-къордæн композитортæ Кокайты Барис æмæ Моргуаты Юри ныффыстой музыкæ.

Ацы аз рухс федта йе ´мдзæвгæты хицæн æмбырдгонд «Мæ уды зарæг». Мыхуыр дзы кæнæм цалдæр.

ГАСАНТЫ Валери

ХУЫЦАУМÆ КУРДИАТ

Хуыцауы *фарнæй хайджын ут кæддæрид...*
Йæ номы рухс уæ базырджын кæнæд,
Уæ курдиæттæ йыл алкæддæр æмбæлæнт,
Йæ уаз фæлгонц уæ удты-иу цæрæд!
Куы æрцæрид фæллад зæххыл дæ барад,
Уæд нал уаид тыхгæнджытæ бæстыл,
Ныффидар уаид адæмты ´хсæн уарзтад,
Ныккæсид хур нæ дзыллæйыл, мæныл!

О, Стыр Хуыцау, лæгъстæгæнгæ дæ курын,
Нæ дзыллæйæн рæстаг тæрхон скæн,
Нæ Иры намыс ма бауадз фæцудын,–
Куы нал æййафид худинаг нæ сæр.
О, Дунедарæг, курын дæ лæгъстæйæ,
Нæ Ирыстон, нæ дзыллæ сты дæ бар,
Куыд нал цæрæм, æнæгъдау ми быхсгæйæ,
Нæ уарзты монцæн ахæм фарн ссар!

***

Кæмæндæр хур дæн,
Кæмæндæр – гæды,
Кæйдæр та бынтондæр
Мæ адзал фæнды.
Ма тыхсут, дзурут,
Куыдфæнды мæ фаут,
Мæ уд мын, мæ зæрдæ
Уæ дзырдæй нæ марут.
Мæнæн у мæ ныхас,
Мæ зæрдæ æргом,
Нæ Ирæн лæггадæй
Мæ уд у æрвон!

ХЪÆЛДЗÆГ УАЙДЗÆФТÆ

(Адæмон зарæджы мотивыл)

Уалæ нын хохы Джимара,
Сæ уæлхæдзæртты – хуртуан тыд,
Ацы зарæг уæ чи зара,
Уый нал фæкæндзæн сонт рæдыд.

Сымси дукани адавта,
Ныр ахæстоны баддзæни,
Ахæм хъуыддаг ма чи хъава,
Йæ бынат уым ссардзæни.
Арахъхъ нуазгæ йæ рацахстой

Нæ сыхаг лæг Уæхтæнæджы,
Æмæ йæ карзæй бафхæрдтой,–
Уый та нæ уыд хуымæтæджы.

Чырæг телефон балхæдтон,
Нæ дзы æфсæдын дзурынæй,
Фæлæ мæ сæр куы бахъуыди
Æфстау æхцатæ курынæй.

Заманхъулы æнусон цад
Рæстæджы уæзæй басур и,
Кæмæ не ‘рхауди уайдзæфы рад,
Фырхудæгæй уый басур и.

Уалæ нын хохы Джимара,
Сæ уæлхæдзæртты – хуртуан тыд,
Ацы зарæг уæ чи зара,
Уый нал фæкæндзæн сонт рæдыд.

***

Хуры тын куы нал кæсы мæ уатмæ,
Кæд, мыййаг, фæтæргай ис мæнмæ,
Кæд кæсы æнхъæлмæ уый мæ уарзтмæ,
Мад, цыма йæ хъæбулмæ хъæмæ.

Хуры тын, æркæс-ма, цæй, мæ уатмæ,
Бафтау мын мæ удцырыныл зынг,
О, тæхуды, хуры тынтыл батай,
Хуры тынтыл баруайæд дæ цин...

ЦÆЛЛАГТЫ ВЛАДИМИР: 80 АЗЫ

(1939 – 2009)

Цæллагты Никъалайы фырт Владимир райгуырд Стъараполы крайы Къостайыхъæуы (Лабæ). Скъола хорз бæрæггæнæнтимæ каст фæци æмæ бацыд ахуыр кæнынмæ Мæскуыйы паддзахадон университеты журналистикæйы факультетмæ. Йæ фæуыны фæстæ 1963 азы куыста Цæгат Ирыстоны телеуынынады студийы редакторæй, 1968 азæй фæстæмæ та – газет «Социалистическая Осетия»-йы редакцийы. 1973 азы Мæскуыйы каст фæци аспирантурæ æмæ ссис филологон наукæты кандидат. Куыста бæрнон бынæтты: 1973 – 1980 азты уыд ЦИНИИ-йы литературон хайады хистæр наукон кусæг, 1980 –1984 азты – Хетæгкаты Къостайы номыл музейы директор, 1983 азы – ЦИПУ-йы хистæр ахуыргæнæг, стæй та – доцент. 1991 азæй 1993 азмæ уыд ЦИПУ-йы аивæдты факультеты декан, 1998 азæй – Цæгат Ирыстоны телеуынынады сæйраг редактор.

1979 азы октябры мæйы Центрон телеуынынады цыд документалон кинонывы премьерæ «Коста Хетагуров. Завещание». Йæ сценарийы автор – Цæллагты Владимир, режиссер – Р.Гаспарян, оператор – М.Немысский. Киноныв уайтагъддæр ссис канд республикæйы нæ, фæлæ нæ бæстæйы зынгæдæр цаутæй иу – Къостайы райгуырды 120 азы боны фæдыл конд. Æртæйæ дæр систы Къостайы номыл Паддзахадон премийы лауреаттæ.

Цæллагты Владимирæн мыхуыры рацыд 40 наукон уацæй фылдæр. Йæ сæйрагдæр куыст у чиныг «Публицистика Коста Хетагурова» (Орджоникидзе, 1983). Уырдыгæй мыхуыр кæнæм скъуыддзаг.

Разныхас.

Хетæгкаты Къостайы публицистон уацмыстæм ахуыргæндтæ фаг цæстæнгас нæ аздæхтой. Мыхуыры дзы рацыдис æрмæстдæр цалдæр уацы (М.Шагинян, А.Малинкин, Тотойты М.), фæлæ йæ публицистикæйæ нæ уыд сæрмагонд куыстытæ. Къостайы поэзи æмæ публицистикæ та сты иу уидаджы æвзартæ. Публицистон у йæ лирикæ, йе ‘мдзæвгæты æмæ поэмæты фылдæр хайы æвдыст цæуы царды æцæгдзинад…

Газет «Северный Кавказ»-ы редактор

Сæрды, 1891 азы Хетæгкаты Къостайы арвыстой Дзæуджыхъæуæй Хъубаны облæстмæ, хъæу Георгиевско-Осетинскоемæ (Лабæ).

Формалон хуызы йын йæ арвысты аххос схуыдтой, активонæй, зæгъгæ, архайдта Цæгат Кавказы ирон сылгоймæгты иунæг скъола ма сæхгæныныл. Бæлвырдæй та инæлар-лейтенант Каханов, йæхæдæг официалон гæххæттыты сенатмæ куыд фыста, афтæмæй фæпайда кодта хъæугæ фадатæй, цæмæй ферваз Къостайæ, «легко склоняющегося на прозводство беспорядков, увлекающего за собой других» (амынд чин., 62 ф.).

Поэтæн тынг зын уыд, йæ бæстæйæ йæ кæй фæхицæн кодтой, уый: «Положение же мое не поддается описанию, – фыста, Дзæуджыхъæуы йын цы хæлæрттæ баззад, уыдонмæ. – Я отрезан от всего» (5т., 51 ф.).

Къоста Хъæрæсейы кусынмæ бацыд æрзæткъахæнты къантормæ. Уæгъд рæстæг кодта ныв тæ, фыста æмдзæвгæтæ, 1890 азы цы пьесæ райдыдта фыссын – «Курсистка», ууыл дарддæр бакуыста. Петербурджы йын журнал «Север» (1882, № 24) рауагъта, æрзæткъахæнты кæй скодта, ахæм цалдæр нывы. Петербурджы ма йын æндæр журналы («Детское чтение», 1893, № 3) рауагътой йæ радзырд «Охота за турами».

1893 азы мартъийы Къоста æрцард Стъараполы æмæ кусын райдыдта секретарæй газет «Северный Кавказ»-ы: «Трудно себе представить, – фыста уый фæстæдæр, – с какой горячностью я отдался там самой разнообразной общественной деятельности» (5т., 49 ф.). Йæхæдæг куыд фыста, афтæмæй архайдта алы хæрзаудæн, наукон æмæ артистты уагдонты æмæ æмбырдты. Фæлæ сæйрагдæрыл йæ царды нымадта газет, «каждую строчку которой я проживал, казалось, всеми фибрами души» (5т., 49 ф.)

Газет «Северный Кавказ»-ы хъазуатондæр кусджытыл нымад уыдысты Стъараполы æрмгуыстады училищейы цæстдарæг Н.И.Ларионов, ацы училищейы ахуыргæнæг И.П.Матвеев, редакторы ус А.В.Евсеева æмæ Е.З.Баранов. Кавказы бирæ газетты æмкусæг. Н.Ларионов алы номырмæ дæр цæттæ кодта афæлгæстытæ фæсарæйнаг мыхуыræй, А.Евсеева фыста рецензитæ музыкалон æмæ театралон равдыстытæн, И.Матвеев уыд редакцийы сæргъæлæууæг, Е.Баранов – уацхæссæг-хроникер, газет ын арæх мыхуыр кодта йæ очерктæ æмæ радзырдтæ.

И.Матвеев, ахуыргæнæджы куыст кæнгæйæ, газетмæ фаг æргом

не здæхта. Фæлæ Къостаимæ уыдысты æмзонд хæлæрттæ. Матвеев разамынд лæвæрдта литературон-музыкалон изæртæ æмæ театралон æвæрдтытæ аразынæн Стъараполы аивадуарзджыты æххуысæй. Хетæгкаты Къостайæн барлæвæрд уыд, куыд æй фæндыд, афтæ газеты номыртæ уадзынæн. 1893 азæй газет «Северный Кавказ»-ы куыст уыд йæ бæрны, уымæ гæсгæ газеты программæ æмæ редакцийы аппараты дæр фæзынд ног равæрдтытæ. Уымæй уæлдай, газет «Северный Кавказ» фылдæр цæстæнгас радта хохæгты æхсæнадон-политикон цардарæзтмæ. 1892 азмæ газеты ахсджиагдæр авторыл нымад уыд Г.Вертепов, публицист, фыста хохæгты (хуыдтой сæ уæд «инородцы») царды актуалон проблемæтыл, уæд ма йе ‘цæг цæсгом æмбæхста, фæлæ газет «Терские ведомости»-йы редактор куы ссис, уæд йæхи равдыста карз шовинистæй.

Йæ уац «Горцы и наша политика»-йы Г.Вертепов хъавыд «Северный Кавказ»-ы газеткæсджыты бауырнын кæныныл, «что разбои и грабежи являются у нас не результатом низкого уровня благосостояния населения, а результатом диких стремлений и своеобразного мировоззрениия туземцев» («Северный Кавказ», 1892, № 47).

1893 азæй, Къоста газет «Северный Кавказ»-ы редакцийы кусын куы райдыдта, уæд Г.Вертеповы ном куыд автор æрбайсæфт газеты фæрстæй. Уымæй уæлдай ын йæ алы цæстæнгас дæр критикон хуызы æвдыстой. Зæгъæм, Къоста йæ сатирикон поэмæ «Кому живется весело»-йы, Вертеповы ныхмæ рацæугæйæ, бацамыдта Кавказы змæстыты æцæг аххосæгтæ. Сæ сæйрагдæр аххосагыл нымадта, хохæгтæ зæххъуаг кæй уыдысты, уый: «И что за жизнь народная, когда в земле нужда» (3 т., 102 ф.). Дыккаг аххосаг, йæ ныхæстæм гæсгæ, «военачальники… вместо просвещения… начали одичание нагайкой изводить», чем и вместо миролюбия и чувства благодарности, в сердцах народных сеяли проклятье и вражду» (3т., 103 ф.).

Газеты фæрстыл куыдфæстæмæ мыхуыргонд нал цыдысты, раздæр хохæгты тыххæй цытæ фыстой, уыдон, ома, зæгъы, давтой æмæ мардтой.

1897 азы райдиан Къостайæн гæнæн уыд газет «Северный Кавказ»-ы редактор-рауадзæг суæвын. Йæ зонгæтæм арвыста фыстæджытæ, цæмæй йын баххуыс кæной æхцайы фæрæзтæй,

Дзæуджыхъæумæ дæр ма æрцыд, фæлæ йын æрмæстдæр Хетæгкаты Андухъапар æмæ Ардасенты Алихан дзуапп радтой йæ сидтæн. Хохаг интеллигенцийы минæвæртты нæ бауырныдта Къостайы хъуыды, газет «Северный Кавказ» Цæгат Кавказы адæмты риссаг фæрстытæ æвдисæг суыдзæн, уый. «Оставь ты бедных горцев. Чем меньше мы шумим, тем лучше», – фыста йæм, æххуыс кæмæй бацагуырдта, уыдонæй иу.

Къостайæн зын уыд, йæ хъуыддагæй кæй ницы рауад, уый. Цы адæймæгтыл æууæндыд, йæхимæ гæсгæ, æмзонд кæй хуыдта, уыдонæн сæхи амонд адæмы амондæй уæлдæр æвæрд разынд. Фыццагау Къоста куыста газеты «как каторжный, контролируя ее содержание от первой строки до последней» (5т., 185 ф.). Къостайы уыцы рæстæджы фыстытæй бæрæг у, Д.Евсеев, цæмæй хицауадæй мацы маст райса, уый тыххæй куыдфæстагмæ редакцийы хъуыддæгты йæхи тъыссын кæй райдыдта. Къоста æмæ йе ‘хсæн сарæх сты быцæутæ. «Вместо благодарности, – фыста Къоста, – он (Д.Евсеев. – Ц.В.) и особенно его Дульцинея стали устраивать мне сцены, разыгрывая из себя начальство» (5т., 185 ф.).

1897азы дыккаг æмбисы Къоста ацыд редакцийæ. Уыцы аз, октябры, стджыты тарниз æм кæй фæзынд, уый аххосæй ацыд Петербургмæ йæхи дзæбæх кæнынмæ. Йе ´мбæлттæ «Северный Кавказ»-ы фæрстыл фыстой, зæгъгæ, Стъарапол фæхъуыд йæ хуыздæр кусæгæй, æмæ сæ уырныдта, йæ ацыд рæстæгмæ кæй у, уый. Фæлæ фенхъæлцау сты: Къоста Стъараполмæ æрбаздæхт æрмæстдæр цыппар азы фæстæ. Бирæ рæстæг ма «Северный Кавказ» йæ кæсджытæн уыд «Хетæгкаты Къостайы газет», адæмы интерестæ чи хъахъхъæдта хицауады тыхмитæй, хохæгтæ æмæ уырысы æхсæн иудзинадмæ чи сидтис: «Хетагуровский период был самым значительным во всей двадцатилетней истории ставропольской газеты. Именно в эти годы она заслужила репутацию «образца честности и беспристрастия в суждениях о событиях дня и освещения фактов провинциальной жизни» («Казбек», 1901, № 1168).

«Пером можно сделать очень много пользы…»

1896 азы газет «Терские ведомости»-йы фæрстыл ногæй райдыдтой фыссын ирон æгъдæутты ныхмæ. Иу номыræй иннæ

номырмæ мыхуыргонд цыдысты «газеткæсджыты» æмæ ирон «интеллигенцийы» фыстæджытæ, цæмæй административон мадзæлттæй спайда кæной ирон æгъдæуттыл хæцджыты ныхмæ. Къоста, уыцы мыхуыргонд æрмæг комментари кæнгæйæ, фыссы: «Каждый сколько-нибудь грамотный, владеющий русским языком ирон, во что бы то ни стало, старается высказать печатно то, что ему пришло в голову по тому или или другому общественному вопросу. Проводником этих «трезвых» взглядов «передовых» туземцев являются главным образом «Терские ведомости» (4т., 64 ф.)

Автортæй иутæ фыстой ирæтты æнахуыргонддзинады тыххæй, кæй сæм нæй ахуырмæ тырнындзинад, иннæтæ та дзырдтой: «из всех горских племен Кавказа просвещение пустило наиболее глубокие корни среди осетин». Фæлæ сæ дыууæтæ дæр уыдысты æмзонд сæ хатдзæгты: хохæгты цардæй сыскъуынын хъæуы фæстæзад æгъдæуттæ.

Къоста, газет «Терские ведомости»-йы æрмæг комментаритæ кæнгæйæ, фыста: «Чему верить? Если верно первое положение, то требовать от осетин сознательного уничтожения «варварских и разорительных обычаев» равносильно обряжению китайца в европейский фрак; если же верно второе положение, то, душевно приветствуя его, нужно дать время, пока народ действительно проникнется «сознанием человечности» (4т., 68 ф.). Дарддæр æрхаста дæнцæгтæ хохæгты тырнындзинады тыххæй рухсадмæ, æмæ, Терчы облæсты хæстон-колонизацион хицауады официалон оргæнты уацхæсджытæ сæхи цæмæй æрæмбарой, уый тыххæй зæгъы: «Эти наблюдения заставляют еще задуматься над целесообразностью той агитации, какую ведут «передовые» осетины среди своего народа, да еще с помощью «Терских ведомостей». Невольно припоминается басня о «Пустыннике» (4.. 70 ф.).

Хетæгкаты Къоста йæ уацхъуыдты цикл «Накануне»-йы («Северный Кавказ», 1897, №№ 9, 14, 37) æркаст ногæй Цæгат Кавказы тæрхон кæныны фæрстытæ рацаразыны хъуыддагмæ, æрдзон хъæздыгдзинæдтæй раст пайда кæнынмæ, систа хохæгты ´хсæн скъолаты ахуырады нæрайдзинады проблемæтæ. Къостайы ацы уацтæ уыдысты рагфæдзæхст Кавказы ног хицауадæн. Г.С.Голицыны куы сæвæрдтой Кавказы хæстон зылдæн хицауæй æмæ Кавказы

граждайнаг хайæн сæйраг сæргълæууæгæй, уæд центрон мыхуыры фæзындис дзæвгар уацтæ Кавказы хицауиуæг кæныны райхалинаг фæрстыты фæдыл. Уымæй уæлдай йæ уацы уæрæхæй æвдисы хохæгты социалон-политикон цард, бæлвырдæй зæгъы, уырыссаг æхсæнады хохæгты тыххæй цы хъуыды ныффидар, уый мæнг кæй у, æмæ ног хицауадæн фæдзæхстау зæгъы: «Во всяком случае эти же «дикари» сумели сохранить такие традиции, какими может гордиться лучший европеец. Рыцарская неприкосновенность чести, святость долга, верность данному слову и многое другое до того присущи каждому туземцу, что с ними следовало бы считаться всем тем, кто действительно является к ним с просветительными целями. Иначе, при наличности таких качеств, всякая неблаговидная эксплуатация их непочатых сил и богатств всегда будет вести к неравной борьбе капитала с местными традициями, что в конце концов должно будет разрешиться если не вымиранием, то или полнейшим экономическим, или нравственным упадком населения» (4т., 143 ф.).

Къоста, «Северный Кавказ»-ы редакцийæ ацыды фæстæ, авд мæйы фæсадис Петербурджы саугуыстгæнджыты рынчындоны. Фæлæ уæддæр, уæззау рынчын уæвгæйæ, йæ тох нæ ныууагъта. 1898 азы мартъийы петербургаг газет «Сын Отечества»-йы (№ 73) рацыд йæ уац «Терские штрафные суммы». Уац фыст уыд сæрды 1897 азы, æмæ хъуамæ рацыдаид газет «Северный Кавказ»-ы. Фæлæ йын Терчы облæсты хицауы домæнмæ гæсгæ стъарапойлаг цензор бар нæ радта рауадзынæн. Къоста йæ уацы æрхаста æнæмæнг æвдисæнтæ, Терчы æмæ Хъубаны облæстты администрацийы службæгæнджытæ æхсæнадон æхцайы фæрæзтæ сæхи кæй бакодтой, уый тыххæй. Куыд сбæрæг кодтам, афтæ ма ацы уац мыхуыры рауагъта газет «Санкт-Петербургские ведомости» (№ 75).

Кавказаг цензурæйы комитет та бар нæ радта æгæрыстæмæй иуæй-иу факттæ, Къоста кæй фехъусын кодта, уыдон бынæттон газетты мыхуырæн кæнæ сын комментаритæ скæнынæн «ввиду тенденциозности» (5т., 431 ф.).

1895 азы ноябры сенат аивта июны райдиан 1891 азы Терчы облæсты хицау Кахановы бардзырд Хетæгкаты Къостайы ахæссыны тыххæй Хъубаны облæсты Георгиевско-Осетинскоемæ. 1896 азы 17 февралы инæлар-лейтенант Каханов йæ рапорты Кавказы хæстон

зылды командæгæнæгæй куры, цæмæй йын йæ бардзырд ма аива, уымæн æмæ Хетæгкаты Къостайы æрбацыд облæстмæ расайдзæн «к повторению больших беспорядков» (амынд чин., 111 ф.). Кахановы курдиат фæхæццæ æфсады министрмæ, æмæ уый бахæс кодта Кавказы граждайнаг хайы сæйраг хицау Г.С.Голицынæн, цæмæй «снова выслать Хетагурова, мотивируя высылку надлежащими соображениями, например, хотя бы вызываемым Хетагуровым волнением в умах» (уый дæр уым, 112 ф.). Г.С.Голицыны бирæ агурын нæ бахъуыд ссарын «надлежащие соображения». Уыдон цæстыты раз уыдысты – йæ уацтæ, уацхъуыдтæ, корреспондецитæ æмæ фельетонтæ, Къоста газет «Северный Кавказ»-ы кæй мыхуыр кодта, уыдон.

1898 азы 22 декабры Кавказы æфсæддон зылды штаб бавдыста сæйраг хицаумæ «Записку о высылке Хетагурова во внутрь империи». Сæйрагдæр аххосыл Къостайы ныхмæ банымадтой йæ журналистон куыст. Доклады афысты амынд цыд, кæй хæлиу кæны уацтæ, «заключающие в себе пасквили на начальствующих и духовных лиц, а также на преданных правительству осетин, и разные корреспонденции о мнимом угнетении осетин, автором которых преимущественно является он сам или руководимые им лица» (амынд чин., 112 ф.).

1899 азы 9 январы Кавказы граждайнаг хайы сæйраг хицауы Совет бардзырд рахаста: «Константину Хетагурову воспретить жительство в пределах кавказского края» æмæ куырдтой мидхъуыддæгты министрадæй «об учреждении за названным лицом особого надзора» (амынд чин., 112 ф.). Къостайæн йæ хæлæрттæ фехъусын кодтой, цы ног бафхæрд та йын цæттæ кæнынц, уый. Къоста фыссы Хетæгкаты Андухъапармæ: «Это возмутительнейший произвол. Никакаих преступлений я за собой не знаю, никакой агитацией я не занимался, если не считать моего сотрудничества в газетах» (5т., 55 ф.).

Къоста æвæстиатæй ацыд Петербургмæ. Йæ къухы цы бафтыд, уый æрмæстдæр – йæ хасты бынат баивын. Йе ´нæниздзинадмæ гæсгæ йын Курскы губернийы бæсты æрцæрыны бар радтой Херсоны. Къостайæн чи æххуыс кодта, уыцы адæймагæн сæрмагонд хъуыддæгты бæрнон лæг загъта: «Очень много доводов и неопровержимых доказательств его агитации против правительства и администрации» (5т., 61 ф.).

Февралы астæуæй 6 маймæ Хетæгкаты Къоста уыд Петербурджы, æмæ йæ ныфс нæ саст, сенат Кавказы хицауады уынаффæ кæй аивдзысты, уымæй. Æрмæстдæр 4 майы сбæрæг, Херсоны губернимæ йæ кæй арвитдзысты пъæлицæйы цæстдардæй.

Къостайы лæгдзинадыл æнæ дисгæнгæ нæй. Сæйраг горæты уæвгæйæ, иу минут дæр нæ фæфæсмон кодта йе´хсæз азы журналистон куыстыл хицауады ныхмæ. Уый хыгъд ын мартъийы «Санкт-Петербургские ведомости» (№ 89) мыхуыр кæнын райдыдтой йæ уац «Неурядицы Северного Кавказа». Уый уыд æнæрæмудзгæ бомбæйы тæлмæн хицауады æхсæн. Йæ уацы æнтыстдзинады тыххæй Къоста фыссы: «Сегодня я был у кн. Ухтомского, редактора «Петербургских ведомостей». Он встретил меня чуть не с распростертыми объятиями. Ну, говорит, наделали же мы своей статьей… Читается нарасхват… только и разговоров… Куропаткин прислал ко мне своего адъютанта… Министр, говорит, страшно возмущен…надо, говорит, положить конец этим безобразиям… Такой порядок вещей не может продолжаться… В это же лето пошлем целую комиссию подробно исследовать все, что происходит в Терской области… Если хоть сотая доля того, что передается в «Петербургских ведомостях»,– правда, то и тогда это выше вероятия» (5т., 76 ф.).

Йæ уац «Неурядицы Северного Кавказа»-йы Къоста раст цыма хатдзæг кæны йæ куыстæн газеты. Бахаста йæм 1893-1897 азты фыст уацтæ æмæ корреспондецитæй ист бирæ факттæ. Къоста æвдисы Терчы облæсты хæстон администрацийы сарæзт мадзæлттæ Кавказы хæсты фæудæй 90-æм азты кæронмæ…

Цæгат Кавказы сæвзæргæ катайаг уаварæ æвдисгæйæ, Къоста рахицæн кодта, фæстагмæ фыдæвзарæнтæм чи æркæндзæн, уыцы сæйраг аххосæгтæ. Уыдонæй фыццаг – «режим , установившийся на Северном Кавказе после его покорения… с первых же шагов пошел совершенно вразрез с духовно-социальным строем туземцев, во всех его разнообразных проявлениях, – до самых пустых мелочей включительно» (4т., 89 ф.).

Дыккаджыдæр, амоны Къоста, хицауад стыр рæдыд æруагъта, адæм кæуыл не ´ууæндынц, ахæмтыл кæй æнцой кæны, уымæй. Уыцы адæм иууылдæр уыдысты уæлдæр номдарадæй рацæугæтæ, æмæ сæ ацы уаварæй пайда кодтой сæхи пайдайæн: «Все

добровольные и принужденные единоличные и массовые выселения туземцев в Турцию, в Россию и в Сибирь были последствием самых нелепых доносов, тайной и открытой агитации этих «отщепенцев», которые пользовались народным бедствием, наследуя земли и имущества высылаемых по их наущениям» (4т., 190 ф.). Ахæм уавæр бындуронæй фехæлдта хохæгты æууæнк хицауады аразгæ хъуыддæгтæм.

Цæгат Кавказы змæстыты сæйрагдæр аххосæгтæй, Къостайы хъуыдымæ гæсгæ, уыд хохæгтæ æмæ хъазахъхъы æхсæн аразгæ фыдæх цырен кæнын: «Ни один честный казак не станет отрицать, что охота на «гололобых собак» до самого последнего времени считалась у казаков очень занятным развлечением» (4т., 192 ф.). Æмæ кæд хазахъхъæгтæ æнæ аххосджынæй баззайынц, уæд хохæгтæ гыццыл азымджынæй дæр æфхæрд байæфынц, æмæ сæ ахæссынц Сыбырмæ.

Æмæ, фæстагмæ, нысан кæны Къоста, бынæттон цæрджыты экономикон уавæр алы аз дæр фыддæрæй-фыддæр кæны, хохæгты зæххыты хæйттæ байсынц æмæ сæ радтынц æфсæддонтæн, «благонадежным», «влиятельным» адæймæгтæн.

Хетæгкаты Къостайы 90 азты журналистон куыст нын æвдисы, æнæхатыр æмæ уæндонæй кæй тох кодта «хиуацауиуæггæнæг тугцъирты» ныхмæ (5т., 450 ф.). Йæ газеты публицистикæ уыд иу фæлгæты арæнты æвæрд – Цæгат Кавказы адæмты æхсæнадон-политикон цардарæзты проблемæтæ сисын. Фæлæ уый схызти уæрæхдæр бæрзæндтæм: Кавказы колонизаторон политикæ анализ кæнынæй бындуронæй цардыуаг раивынмæ.

Хетæгкаты Къоста, куыд интернационалист, æвæллайгæйæ хæлиу кодта адæмты ´хсæн хæлардзинады идейæтæ, хурмæ хаста уырыссæгты, хъазахъхъ æмæ хохæгты ´хсæн шовинистон политикæйы фæстиуджытæ. Къоста æхсæнады алы фæзынды аххосæгтæ дæр агуырдта социалон ныхмæвæрдтыты, æмбарын сæ кодта, историон уавæртæ хынцгæйæ. Афтæмæй хъахъхъæдта политикон æгъдауæй æнæбар æмæ æфхæрд адæмы интерестæ.

Уырысаг æвзагæй
Айларты Зарæйы тæлмац

ГÆБÆРАТЫ Юри

ХÆСТ, УÆЛАХИЗ ÆМÆ ГУМАНИТАРОН ÆХХУЫС

Цы ‘рцыд, уый нæ æххæстæй уырнгæ дæр нæма кæны...

Нæ нæ уырны уымæн, æмæ йæм æгæр бирæ фенхъæлмæ кастыстæм. Æгæр бирæ туг ныккалд нæ хæдбардзинады сæрвæлтау, æгæр бирæ маст æмæ хъизæмæрттæ фæныхъуырдтам, цæмæй, боныфæстагмæ, нæ хъæбулты хуыздæрты туг æмæ зæрдæрыст мадæлты судзгæ цæссыгæй æлхæд республикæ нымад æрцæуа.

Фæлæ ма нын ныр цы нæ бауурæндгæ ис, цы ‘рцыд, ууыл, уыцы æгæрон зынаргъ æмæ стыр хæрзиуæгыл!

Цы хъæуы ныр дарддæр аразын, куыд хъæуы архайын? Адæмы, нацийы раз тыхсты бон ахæм фарст куы фæзыны, уæд фыццаг рады сæ зондджынты зонды уынаффæты фæагурынц сæрфат. Махмæ та суанг Нартæй фæстæмæ афтæ у.

Цæй, байхъусæм Нафимæ:

Цы хъæуы абон Иры? – Кусын!
Нæ фидæнæн æвæрын бын.
Кæрæдзийы рыст удмæ хъусын,
Кæрæдзийы цæссыг уынын.

Цы хъæуы Иры абон? – Кусын!
Нæ зын æрми-æрми хæссын.
Нæ мæгуыр къæбицы, нæ мусы
Рæстаг, хæдзардзин лæг – фысым.

Нафи нын куыд амоны, афтæ куы бакодтаиккам, афтæ куы уаид, уæд...

Куыд у æцæгæй та? Куыд бафæрæзтам хæстæн? Куыд сæмбæлдыстæм не стыр Уæлахизыл? Куыд арæхсæм «кæрæдзийы рыст удмæ хъусын»?..

Дзуапп фыццаг фарстæн:

Хæст уыд мæнгард æмæ æнæмсæр. Фæлæ та туг æмæ цæссыг амæхсгæйæ дæр бафæрæзтам. Ацы фарсты сæйраг цы у? Мæ

хъуыдымæ гæсгæ, – сæрыстырдзинад. Ирон лæппутæ, армыдзаг чъребайаг лæппутæ, зæгъæн ис, афтид къухæй, хъæбатырæй æрлæууыдысты мæнгард знаджы дыууадæсминон æфсады ныхмæ, бæлвырддæр зæгъгæйæ, америкæйаг цыныррыкондæр æмæ хъомысджындæр хотыхвæлыст æфсады ныхмæ.

Æмæ та ногæй бафидар кодтой, дзырд ИРОН сæрыстырæй дзургæ кæй у, уый!

Дзуапп дыккаг фарстæн:

Уæлахизыл цин кæнын хъæуы, уæлдайдæр уыцы уæлахизмæ бирæ куы фенхъæлмæ кæсай, уæд. Æмæ, чи зоны, афтæ дæр уыд. Гæрæхтæ, машинæты хъыллист, фæйлаугæ тырысатæ, цины хъæртæ æмæ афтæ дарддæр.

Æмæ, чи зоны, æцæгæй хъуыд афтæ саразын. Мах хъуамæ æгас дунейæн фенын кодтаиккам, Уæрæсе агрессор кæй нæу, уырыссаг адæм хæстарыд ирон адæмы фервæзын кæнынмæ кæй æрцыдысты. Стыр Уæрæсе нын нæ хæдбардзинад уый тыххæй кæй нæ банымадта, цæмæй йæ дардыл зæххытæ фæуæрæхдæр кæна, фæлæ æрмæстдæр уый тыххæй, гуырдзиаг фашизмæн æндæрхуызы бауромæн кæй нæй, гъе стæй нæ хæдбардзинад юридикон æгъдауæй бафидар кæнын искæй фæндон нæ, фæлæ историон рæстдзинады домæн кæй у.

Фæлæ алцæмæн дæр хъæуы фæтк æмæ æгъдау, зонын хъæуы бæрц.

Махмæ хъуамæ уыдаид митингтæ горæты, районты. Уырдæм хъуамæ æрæмбырд уыдаиккой къахыл лæууынхъом адæм стырæй, чысылæй. Уымæй дæр, иусахатон нæ – уадз, иу бон, дыууæ боны, иу къуыри дæр уæд. Хъуамæ зæрдæбын бузныг загътаиккам Уæрæсейæн, æгас дунейæн бауырнын кодтаиккам куыд нæхи, афтæ Уæрæсейы рæстдзинад дæр.

Ахæм бон цалдæр гæрахы фæкæнын дæр куыннæ æмбæлы – нæ фыдæлтæ-иу сабийы райгуырды тыххæй дæр топпы гæрæхтæй банысан кодтой сæ циндзинад, махæн та нымад чи ‘рцыд, ахæм паддзахад райгуырд!

Гъе, фæлæ бахынцын хъуыд иу хабар: цалдæр боны æмæ æхсæвы, сæ хъæбулты цардæн тæрсгæйæ, зæрдæхæлд чи фесты, уыцы ныййарæг мадæлтыл æмæ удаист сабитыл дæр ахъуыды кæнын хъуыд. Цал тарст сылгоймаджы æмæ сабийы куывтой Хуыцаумæ, сæ ризгæ къухтæ хæрдмæ ивазгæйæ:

«0, Хуыцау, кæд æрлæудзæн уыцы æхст!..»

Æмæ ма иу хабар: хаттæй-хатт нæ ахъуыды кæнын фæхъæуы цæуылдæрты, зæгъæм, знон, æндæрæбон йæ хæстон хъæбул кæнæ æфсымæры цæхæрадоны æнæ табæтæй чи баныгæдта, уыцы саударджытыл æмæ ма, уынджы афтид халаты лæугæйæ, йæ хæдзар æмæ йæ цæрæнбонты фæллойы æртхутæгмæ дардæй чи кæсы, уыцы зæрдæрыст сылгоймæгтыл... Цинаг хабарæй хуыздæр ницы ис, фæлæ уыцы цин дæ фарсмæ искæй куы риссын кæна, йæ риссаг хъæдгомыл ын цæхх куы зæра, уæд хъуамæ ды дæр иучысыл дæ цины рохтыл æрхæцай. Æфсæрмæй, хатырæй...

Науæд... Зæгъгæ, утæппæт нæмгуытæ хæсты рæстæджы иу гуырдзиаг танкмæ ныццараз... Кæд пырх нæ, тæвд уæддæр суыдаид æмæ йæ мидæгбадджытæн нал бантыстаид иу ироны амарын кæнæ иу хæдзар ныппырх кæнын.

Ома?..

Цы, ома, кæрæдзийæ æфсæрмы кæнæм рæстдзинад зæгъынæй?..

Цы, ома, цы, æмæ уыйбæрц гæрахгæнджытæ кæм уыдысты, кæ, сæ сæр удыхосау куы хъуыд, уæд?!.

Науæд уыйбæрц машинæтæ цы артаг бахардз кодтой, уый...

Къуырийы дæргъы уыцы ахсджиаг, историон хабæрттæ фыссæг республикон газеттæ рухс нæ федтой артаджы хъуагдзинады аххосæй...

Дзуапп æртыккаг фарстæн:

Уыцы тугуарæн æхсæвты горæты чи уыд, уыдонæй иу дæр ахæм нæ разындзæн, цæрдзыстæм ма, уыдзыстæм ма æмæ та царды фæндтæ нывæнддзыстæм, уый кæй уырныдта. Чи амард, уыдоны мæрдон удтæ мæ ма схъæрзæд, фæлæ нын цыдæр æнæуынгæ тых æххуыс кодта. Хуыцау зæгъæд, фæстаг хæст нын цы уа, фæлæ та бафæрæзтам уымæн дæр. Цы аргъæй, уый дæр æмбарæм, фæлæ йын быхсæм, æппынфæстаг ныл сæрибары хур кæй ракаст, уый ныфсæй.

Мах стæм хæдбар, нымад паддзахады æмбæстæгтæ. Фæлæ уый æрмæст топпы гæрæхтæй равдисгæ циндзинад нæу, уый стыр бæрндзинад у. Ныр махæй алчидæр хъуамæ æмбара уыцы бæрндзинады уæз, махæй алчидæр хъуамæ æнкъара ног дуджы æрбалæуд, ног тыхтæ, ног фæндтимæ цæрын нæ чи домы, уыцы дуджы лæджы цардæй цæрын райдайыны бæрндзинад.

Махæй хъуамæ алчидæр бамбара, ныры хуызæн нæ кæй никуы хъæуы кæрæдзийы удты рыстмæ ныхъхъусын æмæ нæ зын æрми-

æрм хæссын.

Мах бынтон сæфты фæндагæй раздæхта стыр Уæрæсе æмæ нын кæны æппæтфарсон æххуыс нæ къахыл слæууынæн. Фæлæ нæ рыстыл нæхи хуызæн ничи базондзæн фæриссын, нæдæр нæ циныл бацин кæнын. Алы паддзахадæн дæр ис йæхи геополитикон интерестæ, фæлæ уыцы геополитикон тыгъдады махмæ цы амонд кæсы, уымæй хъуамæ базонæм æмæ сарæхсæм спайда кæнын, фыццаг рады нæ национ интерестæ æмæ нæ иудзинад бахъахъхъæнын, нæ национ сæрыстырдзинадыл къæм абадын ма бауадзын.

Президент кæйдæрты бафæдзæхста карзæй, цæмæй тыхст æмæ зæрдæрыст адæммæ æнæуаг æвзагæй мачи дзура, фæлæ бирæтæн уыцы адæм иу ныккæндыдзаг фæллой куы фестиккой, ууыл дæр сразы уыдзысты.

Чи зоны, стыр хæст æмæ стыр уæлахизы фæстæ гуманитарон æнæрастдзинад искæмæ йæ койы аккаг дæр ма фæкæса, фæлæ мах хъæуы цæрын. Дзырд, кæмæ цы æмбæлы æмæ чи цы райста, ууыл нæ цæуы, дзырд цæуы адæмы иудзинадыл. Нæ адæм, нæ Хъæбатыр адæм æстайæм азты фæудæй абоны онг быхстой æмæ фæрæзтой æппæт зынтæн дæр. Мæлæты цæстытæм кæсгæйæ, цы уаз нысанмæ цыдыстæм, цæмæ бæллыдыстæм, уый, боныфæстагмæ, нæ къухы бафтыд, æмæ нын уыцы æвæджиауы циндзинад хъуамæ кæйдæрты зыд æмæ кæрæф ма фенад кæна.

Мах хъæуы уæхски-уæхск æрлæууын æмæ хæдбар республикæйы уæзыл æмдыхæй схæцын. Уымæн та хъæуы æрмæстдæр иудзинад æмæ кæрæдзийыл æууæндын, зæрдæхудтæй зæрдæхауд адæймаг цардаразæг нæу.

Уæддæр нæ хъуамæ уырна, уæлахиз нын цы Хуыцауы цæст бауарзта, уый цæст нын кæрæдзи барæвдауын æмæ кæрæдзи æнцой балæууыны фаг хъару дæр кæй бауарздзæн.

Махæй та хъуамæ алчидæр æмбара, нæ сæрибардзинады сæрвæлтау йæ цард чи радта, уыдоны зæрдæхудт æмæ мæрдон удты фыдæх Хуыцауы фыдæхæй карздæр кæй у.

2008, сентябрь

ТАДТАТЫ Тамерлан

ЗЫНГИМÆ ХЪАЗТ

Радзырд

Мах цыма стæм сакъадахыл; хабæрттæй
Стæм цухгонд, дам-думтæ та –хæрх.
Уым амардтой нæлгоймаджы, уым басыгътой хæдзар –
Мысæггаг æмæ æцæг цау ничиуал иртасы...
Сауцъиуы афтид ахстон бацахсут хæдзарæн!
Баррикадæтæ цæндамад; æфсымæр æфсымæрмæ
Ныхъхъавы, æмбарынц айдагъдæр здыйы ’взаг.
Абон фæндагыл дыууæ хæстоны
Фæцæйластой лæппуйы мард кæдæмдæр...
Сауцъиуы афтид ахстон бацахсут хæдзарæн!

Уильям Йейтс

Алан, йæ тымбылкъухтыл йæ уæз æруадзгæйæ, ссæдз хатты йæхи сæлвæста уаты фæйнæг астæрдæй, стæй уæнгрогæй йæ къæдз къæхтыл алæууыд æмæ бауад, рудзынджы цур цы рыгæйдзаг стыр айдæн лæууыд, уымæ. Сæрæй бынмæ ракæс-бакæс кæны йæхимæ. Æмæ, ау, æз Брюс Ли цæмæй нæ дæн, зæгъгæ, ахъуыды кодта æмæ та, агъуысты цалдæр къахдзæфы акæнгæйæ, тыхулæфт ныккæны, æрхуыссы ногæй астæрдыл æмæ та райдайы йæ тымбылкъухтыл йæхи хæрдмæ-бынмæ исын. Йæ мад æд доны бедра уатмæ æрбацыд, астæрдыл æй æрæвæрдта, стæй йæ хъулон-мулон клионкæйæ æмбæрзт стъолы бын бавæрдта.

– Дон та суадонæй æрхастай? – бафарста йæ Алан мæстыхуызæй.

– Мамисантубанийæ, – æнæбары дзуапп ын радта мад æмæ йæхи бандоныл фæлладæй æруагъта.

– Ссæдз! – хъæрæй загъта Алан æмæ уырдыг слæууыд. Дыууæрдæм та агъуысты арауай-бауай кодта æмæ, йе ’муд куы ´рцыд, уæд æрлæууыд йе ´нæфснайд сынтæджы цур, æрхуыссыд æмæ, йæхи хъæццулы бын ануæрдгæйæ, загъта:

---

* Уырыссагау радзырд хуыйны «Русская рулетка», тæлмацгонд у альманах «Южный Кавказ»-ай. (Сухум. – 2013.–№3. – 241-247-æм ф.).

– Уырдæм ма цу донмæ, зæгъгæ, дын цал хатты загъдæуыди, ме ’взаг цъиуы ´взагау куы слыстæг демæ дзурынæй! Цалынмæ исты фыдбылызы амæттаг нæ фæдæ…

– Суадоны цур Дæнгæл Гочъайы федтон, – сагъæсхуызæй дзуры мад, – æмæ мын цы загъта, уый зоныс : Мамисантубанимæ, дам йæ къах дæр макуыуал æрбавæрæд дæ лæппу. Амардзыстæм, дам, æй, куыддæр ма ам фæзына, афтæ.

Ус сабыргай сыстад бандонæй, бæгъæввад къæхтæй бацыд уаты къуыммæ æмæ уым тъахтиныл йæхи æруагъта.

– Кæд мæ бафæнда, уæд ацæудзынæн, никæй бафæрсдзынæн, – йæ ком ивазгæйæ, загъта Алан. – Фæлтау сæхи куы хъахъхъæниккой...

Алан райхъал йæхи хуыр-хуырмæ, сыстад æмæ йæ дарæс кæнын райдыдта. Йæ кроссовкæты синаг куы бабаста, уæд сынтæджы бынæй раласта нæмыгызгъалæн æмæ фæраст дуарырдæм, фæлæ фездæхти фæстæмæ, мады фæрсы:

– Гочъаимæ ма чи уыди? – хæцæнгарзимæ архайгæйæ, бахъуыр-хъуыр кодта: – Æнæрай фæу, гилдз та ныццæхгæрмæ, ныссагъди...

Мад фестъæлфыд, фæхъил кодта йæ фист сæр æмæ сабыргай сдзырдта:

– Нæ зонын, иууылдæр хæстон дарæсы уыдысты. Фынæй кæнын ма мæ бауадз...

– Хорз, абон мын Мамисантубанийы ницы ис, фæлæ мæ райсом лæппутимæ уырдæм хъæуы.

Алан гилдзимæ куыд архайдта, афтæ уый йæ бынатæй ратахт, уаты астæрдыл атылдис. Лæппу йæ нæ систа, доны къус банызта æмæ дуары æдде фæци.

Ныр дæр та мæ мæ кæсæнцæстытæ айрох сты, зæгъгæ, ахъуыды кодта Алан, хуры рухсмæ йæ цæстытæ бацъынд кæнгæйæ. Уæд та сæм фæстæмæ аздæхид? Нæ, мады райхъал кæндзæн, уæддæр абон Мамисантубанимæ йæ зæрды куы нæ ис цæуын. Уым æй хъæуы къæрцхъус уæвын æмæ цыппар цæстæй кæсын, Лиахвæйы та йæ уыдон ницæмæн хъæуынц. Амæй размæ, донæй былгæронмæ куы рахызт, уæд йæ зæрды уыди кæсæнцæстыты æвгтæ асæрфын, фæлæ… Февнæлдта йæ фындзы хъæлмæ æмæ – афтид. Раздæр æй нæ бамбæрста, знæт уылæн ын сæ кæй аскъæфта, уый. Иуæй йын хъыг уыди, иннæмæй та йыл худæг бахæцыд.

Алан сæхгæдта йæ фæстæ кулдуар æмæ араст æнæфæстиатæй, цъиуызмæлæг дæр кæм нал уыд, уыцы уынджы, стæй тигъæй йæ ных сарæзта æмдзæхгæр асфальт фæндагыл сахарырдæм. Иу æдзæрæг дыууæуæладзыгон хæдзары къулыл ауыгъд уыд номарæн къæй. Хæдзары фарсмæ Алан ауыдта, йæ мидæгæй мынæг рухс кæмæн калд, ахæм бурбын «Жигули». Йæхи чъерами бæласы ауон бакодта æмæ йæ цæст нал иста хæдтулгæйæ, зæххæй систа æрхауæггаг дыргъ, фæдих æй кодта, æмæ йе ´нгуылдзы цъыккæй донджын чъерамийы хуылфæй раппæрста къæлæсытæгæнгæ уаллон. Чъерамийы сыгъдæг æрдæг баппæрста йæ дзыхы, иннæ хай дæр аппæй фæхицæн кодта æмæ уый дæр ахордта. Хæдтулгæйы дуары рудзынг æруагъдæуыд, æмæ дзы ракаст Аланы æмкъласон Мита. Ирмæйы тыххæй-иу скъолайы кæрæдзиуыл дурадзагъд самадтой. Ирмæ та Дæнгæл Гочъамæ смой кодта…

– Чъерамитæм мæм кæсын дæр нал цæуы, – йæхи нынцъылдтæ кодта Мита, – фæсæлæт сæ дæн.

Алан бакаст Митайы чъерамийы хуызæн дзыгъуыртæгонд, райдзаст цæсгоммæ æмæ йæхи сивæзта бæласы къалиумæ, фæлæ дыргътæй йæ къухы ницы бафтыди, æрмæстдæр сыфтæртæ... Лæппу ачъыртт ласта, стæй, йæ хæцæнгарзы гæрз раст кæнгæйæ, бацыд хæдтулгæмæ.

– Ды ардæм ацы «тачкæйыл» æрбацыдтæ? – бафарста Митайы, хæдтулгæйы дуар байгом кодта æмæ фæстаг бадæныл йæхи æруагъта. Уым ма бадти сау, стыр гуыбынджын нæлгоймаг, йæ фæсномыг Ку́ку, зæгъгæ. Уый бакаст Аланмæ, стæй йæхи хæдтулгæйы къуыммæ нылхъывта, йæ фарсыл бафæлдæхтис, æмæ бæрæг нæ уыд, кæугæ кодта, æви фырхудæгæй рызтис йæ буар. Салон дзаг уыд хид æмæ хъылмайы тæфæй æмæ ма ноджыдæр æндæр цавæрдæр æлгъаг смагæй. Алан йæ хуыфæг нал æмæ нал урæдта, йæ улæфæнтæ ахгæдтой, æмæ байтыгъта хæдтулгæйы дуар, нæмыгызгъалæн та йæ уæрджытыл цæхгæрмæ æрæвæрдта. Мита размæ разылд Аланмæ æмæ былысчъилæй загъта:

– Мах ардæм, зæххон дзигло, æртахтыстæм НЛО-йыл: неопознанный летающий объектыл.

– Марсæй, – бацъис-цъис кодта Куку, йæ къæхтæ тилгæйæ. – Мах Марсон цæрджытæ стæм...

Мита, иннæрдæм азилгæйæ, йæ сæр фæгуыбыр кодта æмæ фыр худтæй йæ цæсгом ныггæлиртæ.

– Хиды бын минæтæ æвæрд ис, – загъта Алан. – Уый тыххæй уын пост хъахъхъæнджытæй ничи ницы загъта?

– Дзырдтой, – дыгъуыл-дыгъуыл кодта Мита, рулыл бафæлдæхгæйæ. – Фæлæ сын æз хорз ныссидтæн: кæдæм сæ хъуыд, уырдæм сæ арвыстон. Мах хуымæтæг адæм не стæм, махæн нæ амонд хæрæгыл бады, ды уый æмбарыс? Мæнæн знон фырт райгуырд, къуырийы размæ та чызг аскъæфтам мæнæ ацы дæлæмæдзыдæн.

– Арфæ уын кæнын, – йæ мидбылты бахудт Алан. – Фæлæ уæ Хуыцауæй курæгау курын: фæстæмæ фистæгæй аздæхут.

Куку йæ худын фæурæдта æмæ йæ тызмæгæй бафарста:

– Æмæ Марсмæ та цæуыл стæхдзыстæм?

Алан чысы ахъуыды кодта æмæ загъта:

– Цæй, уæдæ, кæд афтæ у, уæд мæнæн дæр уæ дыминагæй аваерут.

– Нал нæм ис, – Мита фемраст æмæ йæ чъерамихуыз цæсгом разылдта Аланмæ. – Нæ фæстауæрцтæ фесты, бадымдтам сæ, ацы æдзæллаг ранмæ дæр уымæн æрбафтыдыстæм. Ам хъылма чи уæй кæны, ахæмты, мыййаг, нæ зоныс?

– Уыдис дзы иу, – арф ныуулæфыд Алан, – фæлæ æрæджы амард, æгæр дзы ныддымдта.

– Уæдæ байрæджы кодтам, – фенкъард и Куку. – Æвгъайуаг у, бакуыстаид кæнæ æхца, кæнæ та – йæ хæмхудтæн...

– Ацы цырт уымæн сæвæрдтой? – йæ сæрæй номарæн къæймæ ацамонгæйæ, бафарста Мита.

– Нæ, сыхаг сылгоймагæн æвæрд у. Ракетæ йыл сæмбæлди, басыгъд, мæгуырæг, йæ иу къах ма йын ссардтой æмæ йæ банымгæдтой цæхæрадоны иу гыццыл табæтгонды.

– Уанцон нæу! Цынæ диссаг фехъусдзæн адæймаг, – фехситт кодта йæ фындзæй Мита. – Йæ хъуыддаг нæ фæрæстмæ. Махæн та нæ хъул сах абадти. Æри-ма, Куку, мигæнæн мæм аваер.

Куку райста ливор, æрзылдта йын йæ гилдздон, йæ къæмисæныл æй аваердта æмæ суагъта мæнгвæдæг. Мита йын йæ къухæй раскъæфта хæцæнгарз. Цыппар цæсты æдзынæгæй кастысты Аланмæ. Йæ зырзыргæнаг къух баивæзта дамбацамæ æмæ, уазал хæтæл йæ

къæмисæнмæ куы схаста, уæд, цæстытæ бацъынд кæнгæйæ, æртæ хатты æрбалхъывта къæдзынæг.

Аланæн йæ сурхид акалд, баппæрста ливор бадæнмæ æмæ хæдтулгæйæ æхсызгонæй рахылди, фæлæ фæлурс цæсгомимæ. Нæмыгызгъалæн сæппæрста йе уæхскмæ æмæ атындзыдта, арыхъхъы сæрты цы нарæг хид уыд, уыйырдæм, фæстæмæ дæр нал фæкаст, афтæмæй.

Уыцы уысм йæ чъылдымырдыгæй фæцыди хус гæрах, стæй кæйдæр æрдиаг. Алан базылд галиуырдæм иу къуырма уынгмæ æмæ æрæмбæхст, хъæдæрмæгæй арæзт цы хæдзар уыд тигъыл, уый фæстæ. Митайы гом рудзынгæй йæм зынди сау кæлмæрзæнджын зæронд усы сæр. Хæдзары рæзты асыффытт ласта бурбын «Жигули», æмæ Алан бамбæрста, хæдтулгæ, хидмæ куы схæццæ уа, уæд æм цы кæсы, уый. Фæлæ уæддæр хæрдмæ фесхъиудта сræмыгъды гуыппæй, стæй йæхи фæгуыбыр кодта æмæ йæ сæр йæ къухтæй амбæрзта, цæмæй йыл ма суайой уæлейæ згъæлгæ алы гæбæзтæ æмæ састæгтæ. Уый фæстæ батахт, рудзынгæй цы зæронд ус рахауд, уымæ.

– Хæйрæг йæ зонæг, – дыбал-дыбул кодта Алан æмæ армытъæпæнæй ахгæдта йæ улæфæнтæ. – Ай рагæй дæр мард куы у – йе смагæй рабæрæг...

Læппу мардæй фæиуварс æмæ хæдзары тигъæй акаст: хиды цур хæдтулгæйы пиллон арт арвмæ цавта. Йæ алфамбылай бæлæстыл æрцауындзæг сты хæдтулгæ æмæ адæймаджы буары хæйттæ, цыма ногбоны зазбæлæстæ уыдысты.

Алан фесхъиудта, тарстхуызæй афæлгæсыд йæ алыварс: афтæ йæм фæкасти, цыма йæм чидæр нымдзаст уæларвæй… Хæрдмæ куы систа йæ сæр, уæд фемдзаст ис Митаимæ, растдæр зæгъгæйæ та, йæ сæримæ – уый ныссагъди дидинæфтауæг сусхъæды саджилæджы.

Ардыгæй хъæуы хи айсын, хъуыды кодта Алан, – цалынмæ дзы ничима фæзынди пъæлицæйы постæй, æмæ уæд дæ гуырæй райгæ у мæнæй уый – фарстыты бын дæ фæкæндзысты, цы æмæ куыд æмæ цæмæн? Тагъдгомау йæхи цæхгæрмæ уынгæй райста æмæ февзæрди смаггæнаг доны цур. Лиахвæйы змæст дæттæ уадысты дæлæмæ Мамисантубанийыл.

Акъациты æхсæнты ´мбæхст къахвæндаг Аланы æрбакодта дурджын доны былмæ, зæронд хъæдын хиды цурмæ. Læппу

йæхи æруагъта хъарм стыр зырдурыл æмæ æдзынæгæй касти доны уылæнтæм. Тæригъæд у ацы æнæсæр Мита, рухсаг уæд, фырт дæр ма йын ныййардта йæ бинойнаг, уый та... Ех-х, цы загъдæуа... Куку дæр цы агуырдта, уый ссардта... Афтæмæй, уымæ куы байхъуыстаиккой, уæд сабыргай горæтмæ фистæгæй аздæхтаиккой... Хæдтулгæ та хæйрæджы хай фæуæд, æндæр ма цы зæгъдзынæ, и? Раздæр æнхъæлдта, хъазгæ дзы кæнынц, зæгъгæ, æмæ ливоры афтид гилдздон уымæн æрзылдтой, стæй дзы гилдз куы федта, уæд ма сыдзмыдзы цæуынхъом уыд? Æдылытæ, æрмæст уыдонæй йæхæдæг æнæзонддæр разынд æмæ æртæ хатты суагъта мæнгвæдæг. Цы тынг æм æрцыд цæрын уый фæстæ, цы тынг. Ливор дæр æнæбарыгомау баппæрста бадæнмæ: ома, сымахæн дæр уæ бон у афтæ бакæнын? Цымæ дзы йæ фæдыл æфтыд та кæцы уыд? Æвæццæгæн, Мита – ууыл сæры хъæстæ нæй. Скъолайы дæр æгуыдзæгдæртимæ уыди, æдзух Ирмæйыл йæхи ныхæста, æмбаргæ та йæ хорз куы кодта, Алан æй кæй уарзы, уый. Æмæ, дам, æрдхорд … хыл дæр чызджы тыххæй рауад сæ астæу. Дæнгæл Гочъа иуварс æнцад лæууыд æмæ иннæтимæ йæ цæст дардта, дыууæ æдылыйы кæрæдзи дурадзагъдæй куыд айстой змис æмæ хуырыл, уымæ. Ирмæ дæр сын сæ хылмæ хидæй каст. Хинæйдзаг хилæг – уыцы Дæнгæл Гочъа. Ничи йыл фæгуырысхо, чызджы ацы хытъын кæй фæрæдийын кодта. Æрмæстдæр ын фарæстæм къласы басусæг кæнæн нал уыд: Ирмæйы гуыбын æгæр ракъуыпп. Ахуыргæнджытæ хъæлæба систой, æмæ Дæнгæл Гочъа Ирмæйы афардæг кодта сырх «девяткæйыл» йе стыр хæдзармæ Мамисантубанимæ. Ныр уым йæ хæдзар ныккæлæдздзаг и. Цымæ йæ зоны, йæ хæдзарыл ын арт чи бафтыдта, уый? Æндæр гæнæн ын нал баззад: Дæнгæл Гочъайы амар, æмæ уæд Ирмæ йæ цæгатмæ раздæхдзæн, æмæ уæд Аланы нæу Ирмæ? Митæ ницы у…

Алан ауыдта дуары сæр сапоны къæртт æмæ сыстад: æххæст ма йæхи куы æруазал кæнид. Арæхстгай, цæмæй мацы бахауа йæ хуылфмæ, афтæ банцой кодта хæцæнгарз стыр дурыл, раласта йæ дзаумæттæ, систа сапон æмæ, тæвд сыджытыл фесхъиу-фесхъиугæнгæ, бацыд донмæ. Ардыгæй хорз зынд бæрзонд былгæрон Мамисантубани, уым æм Дæнгæл Гочъа йе ’мбæлттимæ рагæй æнхъæлмæ кастысты. Алан бацыд донмæ,

гуылфæн сабырдæр кæм уыд, уырдæм æмæ æрлæууыд. Ацы ран ын дон хæццæ кодта йæ астæумæ. Аныгъуылди, скаст æмæ сапонæй йæхи фынк кæнын райдыдта, цалынмæ, дардæй йæм кæсгæйæ, æрттивгæ цырт сурæты хуыз нæ райста, уæдмæ. Доны уынæр фæбынæй: æваст ныййазæлыд топпы гæрах, æмæ сапоны фынк Аланы риуыл асырх-сырхид. Бæргæ ма афæлвæрдта былмæ раирвæзыныл, фæлæ, цыма йæ фæнд аивта, уыйау йæ къух ауыгъта æмæ фæдæлдон…

Гочъа, уылæнтимæ тох кæнгæйæ, рахызт сурмæ æмæ, йæ тыхулæфт цыд, афтæмæй йæ хъуынджын дымст хытъын æруагъта тæвд хуырыл. Бакаст йæ фарсмæ æрбадæг Кучæмæ æмæ дзы бапъироз ракуырдта.

– Тамако æнæниздзинадæн зиан хæссы, – ныуулæфыд Кучæ æмæ нывнæлдта йе ´фсæддон хæдоны риуы дзыпмæ. – Аланы мадæн нæ нæ хъуыди дзурын, мах ын йæ фыртмæ ам кæй æнхъæлмæ кæсæм, уый.

– Нæ мæ фæнды уый марын, уыцы æдылы къоппайы, – йæ къæхты бынæй арф ныуулæфыд Гочъа, стæй, уæлгоммæ æрхуысгæйæ, афæлвæрдта цæстыдзагæй хурмæ скæсын.

– Æмæ дын уый куы бафтыдта дæ хæдзарыл зынг.

– Зонын æй, фæлæ мæ уæддæр нæ фæнды…

Кучæ бадаргъ кодта Дæнгæл Гочъамæ судзгæ бапъироз, æмæ, уый фæздæг арф сулæфгæйæ, йæ мидбылты бахудт. – Кучæ, зæгъ-ма мын, цæмæн стут сымах, дæлæмæдзыдтæ, ахæм дурзæрдæ, ахæм тугмондæг æмæ смаггæнаг, и?

Кучæйы зæрды уыди исты зæгъын, фæлæ цыдæр сræмыгъта, бапъироз æрхауд Гочъайы дзыхæй йæ хъуынджын буармæ. Арыд къуымбилы тæфау смаг ахгæдта улæфæнтæ.

– Судзын! – ныхъхъæр ласта Гочъа æмæ йæ армытъæпæнæй хоста йæ гуыбын æмæ æгъдтæ. Фæздæгкалгæ бапъироз æртылди уырдыгмæ æмæ басыгъта Гочъайы цыбыр хæлаф.

– Ныггæпп лас донмæ, нынныгъуыл дзы, сæрхъæн! – хъæр æм кодта Кучæ æмæ, хуырыл фырхудæгæй ратул-батул кæнгæйæ, йæ салдатон батинкæджын къæхтæ зæххыл хоста.

– Уау! Мæ бон нал у, ныртæккæ худæгæй мæ уд сисдзынæн!

Дæнгæл Гочъа йæхи доны нысхуыста, чысыл дзы аленчытæ кодта æмæ схызт былмæ. Læмбынæг æркаст йæ цыбыр хæлафмæ æмæ,

йæ цæст йæ хæлармæ фæныкъулгæйæ, йе ’нгуылдз сыгъд хуынчъы атъыста.

– Æз дын нæ дзырдтон, тамако дымын æнæниздзинадæн зиан хæссы, зæгъгæ, – загъта Кучæ æмæ хæцæнгарз æд сæрмагонд хъавæнимæ йæ къухтæм систа.

– Æз цæуын æмæ фенон, уым цы ´ рцыдис, уый.

– Дзæгъæлы гæрæхтæ-иу ма кæн, – бафæдзæхста йын Дæнгæл Гочъа.

– Хорз.

Кучæ фæауюн хæрисбын пыхсыты, Дæнгæл Гочъа раласта йæ мидæггаг хæлаф, ныллæмæрста йæ æмæ къутæрты размæ бацыд. Уым ауюны зæххыл æвæрдæй лæууыдысты гуырдзиаг æфсæддон дарæс, сæ уæлæ – автомат. Лæппуйæн йæ дзаумæттæ йæ уæлæ æххæст конд нæма фесты, афтæ райхъуыст гæрах. Минуты фæстæ фæзынд Кучæ, ныффæлурс, афтæмæй. Æрæвæрдта йæ хæцæнгарз тъæпæн дурыл æмæ йæ гæрзтæ ласын байдыдта.

– Æз цавæрдæр ироны амардтон, мæнæй тынг дард уыди, йæхи тынг сфынк кодта, афтæмæй надта... Æнхъæлдтон, нæ йæ сæргъæвдзынæн ахæм дæрддзæфæй, фæлæ… Ныртæккæ йæ цæугæдон ардæм æрласдзæн.

Дæнгæл Гочъа æд дзаумæттæ донмæ багæпп ласта æмæ мард йæ сæрыхъуынтæй былмæ раласта.

Изæрæй Мамисантубанийы суадонмæ бидонимæ æрбацыд иу зæронд ус, æмæ йæ донгарз куы байдзаг, уæд батагъд кодта уырдыгæй ацæуынмæ, фæлæ йын йæ разæндаг æрæхгæдта стæвдтæарæзт нæлгоймаг.

– Гамарджоба, бабо Оли, – загъта Дæнгæл Гочъа.

– А, Гочъа, уый ды куы дæ!.. – тыххæйты схауди удайст зæронд усы дзыхæй. – Салам, гамарджоба, лæппу. Куыд цæрыс?

– Æмæ куыд ис цæрæн хæсты заман... Кæй зæгъын æй хъæуы, æвзæр. Тынг æвзæр…

– Ай-гъай, царды хорзæй ныртæккæ ницы ис, – сразы лæппуимæ зæронд ус, фæндыди ма йæ исты зæгъын ноджыдæр, фæлæ йæ Дæнгæл Гочъа фæурæдта:

– Алан мæ сыгъд хæдзары ис, æз æй нæ амардтон, – загъта, æмæ

йæ рахиз къухæй ацамыдта йæ хæдзары сыгъдæттæм, æнæхъæнæй ма дзы баззад æрмæстдæр иу уат. – Æрбацæуæнт-иу æмæ йæ ахæссæнт, йæ мæрдæгъдау кæнын та йын æз мæхимæ исын...

Зæронд ус хъæрæй ныккуыдта, стæй загъта:

– Хорз, дæ фæнд раст у, лæппу, æз сын фехъусын кæндзынæн дæ ныхæстæ.

– Алан мæнæн мæ хæлар уыд... Гъемæ зæгъ йæ мадæн, æз ын тынг тæригъæд кæй кæнын, уый...

Уырыссаг æвзагæй
Мзокты Аслæнбеджы тæлмац

ТЕМЫРАТЫ ДАУЫТ: 95 АЗЫ



(1939 – 2009)

Уæрæсейы Федерацийы Фæсджыты цæдисы уæнг, Цæгат Ирыстоны адæмон артист, Уæрæсейы Федерацийы аивæдты сгуыхт архайæг, Дыгурон паддзахадон театры директор æмæ аивадон разамонæг Темыраты Иласы фырт Дауыт ирон театры кусгæйæ ахъазыд 50 ролæй фылдæр. Се ´ппæт дæр арф фæд ныууагътой театрдзауты зæрдæты, фæлæ ма абоны хистæр фæлтæр нæ рох кæнынц Дауыты арæзт Къоста æмæ Хæсанæйы фæлгонцтæ. Театрдзаутæ йæ афтæ бирæ уарзтой, æмæ сæрмагондæй цыдысты Дауыты фенынмæ.

Дауыт ныффыста 14 бирæактон пьесæйы, уыдонæй 11 æвæрд æрцыдысты Цæгат æмæ Хуссар Ирыстоны, Дагестаны, Уæрæсейы алы театрты. Ирон паддзахадон драмон театры йæ пьесæтæм гæсгæ цы спектакльтæ арæзт æрцыд, уыдонæй уыдысты: «Мухтар», «Мастисджытæ», «Ард», «Фæндыры хъарæг», «Мæлæтæй тыхджындæр» æмæ бирæ æндæртæ. Йæ иуактон пьесæтæ æмæ интермедитæ æхсызгонæй æвæрдтой канд Ирыстоны хъæууон клубты нæ, фæлæ сыхаг республикæты æмæ Уæрæсейы алы горæтты дæр.

ХЪАЗТИЗÆРЫ ЧЕГЪРЕТÆ

Интермеди

АРХАЙДЖЫТÆ:

Хъолоты Дзынга – бæрзонд мæллæггомау læппу

Тæрсойты Тыхст – ныллæг æмæ стæвдтæарæзт

Æмбæрзæн байгом. Исдуг сценæ у афтид, стæй хъæргæнгæ ратылди Тыхст.

Т ы х с т. Чи байгом кодта æмбæрзæн? Дзынга! Дзынга! Оу, мæнæ бæллæх! Мæнæ хъаймæт! Мæнæ особа! Мæнæ калак! Мæнæ...

Д з ы н г а *(рацыд иннæрдыгæй).* Тпр-р-ру! Уром! Уром! Цæй, цы хабар у, Тыхст? Цæуыл та стыхстæ?

Т ы х с т. Чидæр нæ хæрзбын бакодта, Дзынга! Æллæх, æллæх, нæ худинаджы хъæр айхъуысдзæни абон!

Д з ы н г а. Фæлæуу-ма, Тыхст... Дадусы загъдау, ггуырры бонтæ, цы кодтам, цы бæллæх ныл сæмбæлд?!

Т ы х с т. Нырма никуы – бæхы хуыррытт, никуы – ехсы къæрцц...

Д з ы н г а. Æнæбайрайгæ скæн дæ бæхтæ æмæ дæ ехсытæй! Цы хабар у, уый ма мын зæгъ цыбырæй.

Т ы х с т. Цæмæн бакодта æмбæрзæн афтæ раджы?

Д з ы н г а. Куыд раджы?

Т ы х с т. Нæ хъазтизæр хъуамæ райдайа аст сахатыл, ныр та у æрмæстдæр авд. Сахаты амонæнтæ ивæн ис, хъазтизæр кæд æвдыст цæуы, уымæ гæсгæ.

Д з ы н г а. Авд? Гъемæ авд дæлдзæхы фæу дæ сахатимæ. Фæсте та дын баззад. Æзынма исты ’рцыди...

Т ы х с т. Куыд «баззад»? Æз æй да-а-алæ «Теркмæ» гæсгæ куы сарæзтон абон!

Д з ы н г а. Хъус-ма, мæ тымбыл уæрыкк, æмæ Терчы дон рæстæг амонæн кæдæй нырмæ сси?

Т ы х с т. Уæ, уыцы Теркæй дын нæ зæгъын! Да-а-алæ...

Д з ы н г а. А-а-а, бамбæрстон дæ: фысымуат «Теркæй» зæгъыс, нæ? Æмæ уыдоны сахат дæр...

Т ы х с т. Уымæй дæр дын нæ зæгьын. Да-а-алæ...

Д з ы н г а. Уæд та ресторан «Терек»...

Т ы х с т (тыхстæй). Уымæй дæр дын нæ зæгьын! Уа-а- алæ...

Д з ы н г а. Æмбæрст у, Тыхст! Уа-алæ горæты сæрмæ, уыцы хъæу Теркæй зæгьыс, нæ?

Т ы х с т. Оу, мæнæ мардæрцыды гæрах! Уымæй дæр дын нæ зæгъын... Да-а-алæ...

Д з ы н г а *(сфæзмыдта йæ)*. «Да-а-алæ»... Уæдæ ма цы хъылмайæ зæгьыс?..

Т ы х с т. Да-а-алæ... оу, бæстæ иууылдæр «Терк» сси, æмæ адæймагæн йæ сæр разилы...

Д з ы н г а. Æз дын сæ ранымайдзынæн, кæд æй æрхъуыды кæнис: цæугæдон, ресторан, фысымуат, дуканитæ, кинотеатртæ, газы плитатæ, сахæттæ...

Т ы х с т. Гъе-гъе-гъе... Да-а-алæ горæты бæрæгастæу цы сахат ис, «Терек», зæгьгæ, гье уымæ гæсгæ йæ сарæзтон.

Д з ы н г а. Гъемæ дæ хæдзар сарæзтай. Уый та раст кæд фæцæуы?

Уый афтæ... фидауцы тыххæй у. Алæ стæ, дæ «Теркæй» мын мæ сæр разилын кодтай.

Т ы х с т. Омæ, исты мæн аххос у, Дзынга?

Д з ы н г а. Уæдæ кæй аххос у?

Т ы х с т. Нæ номæвæрæг «дæсныты» аххос.

Д з ы н г а. Уымæй раст зæгъыс. Бæлвырд нæ ахъуыды кæнынц, уынаффæ нæ акæнынц, афтæмæй уыцы иу ном алкæуыл æмæ алцæуыл атъæпæн кæнынц.

Т ы х с т. Уæдæ, уæдæ, æмбæлы, æви не ’мбæлы, фидауы, æви нæ фидауы...

Д з ы н г а. Ныр та нæ рагфыдæлты кадджын ном Аланыл фæхæлоф кодтам.

Т ы х с т. Æмæ цы мæнг зæгьыс: нæ фæсивæды фылдæр хай алантæ сты.

Д з ы н г а. Омæ ма йæ нæ лæппутыл æвæрæнт, уадз æмæ йæ сæрыстырæй хæссой. Фæлæ хилдасæн «Алан», ресторан «Алан», къамисæн «Алан», пианино «Алан», хуыйджыты æрмадз «Алан», телерадиокомпани «Алани», Цæгат-Ирыстоны дохтырты ассоциаци «Алантæ», Одессæйы цæрæг ирæтты æхсæнад «Алантæ», Ростовы ирæтты æхсæнад «Алантæ», мæскуыйаг ирæтты æхсæнад «Алантæ», абхазæгты æхсæнад «Алан», туркаг ирæтты клуб «Алан»...

Т ы х с т. Фæлæуу-ма, Дзынга! Ныр та мæ сæр разылд.

(Адæммæ фæкомкоммæ.) Æллæх! Адон та чи сты? Дзынга, уæлæты-ма сæм акæс. Æнхъæлдæн, клуб адæмæй байдзаг!

Д з ы н г а *(кæсы бæрзæндты)*. Байдзаг, Тыхст, байдзаг. Уый хорз...

Т ы х с т *(стыхсти та)*. Куыд хорз?.. Ныр ма куыд акæнæм, уæдæ?

Д з ы н г а. Куыд акæнынц, афтæ. *(Адæммæ.)* Байриат! Цы? А-а, арфæгонд ут. Базонæм кæрæдзи. *(Тыхст цыдæр зæгъынмæ хьавы. Дзынга йæ нæ уадзы.)* Мах уыдзыстæм нæ абоны хъазтизæры чъегьретæ. Мæнæ уый у Тæрсойты Тыхст. Ахæм ном ыл сæвæрдтой, алы хъуыддагыл дæр æгæрон тыхст кæй кæны, уый тыххæй... Дарддæр...

Т ы х с т *(тыхсы, сусæгæй Дзынгайæн)*. Дарддæр дзæгьæл дзырд куы нал кæнис. *(Адæммæ.)* Мæнæ уый та у *(амоны Дзынгамæ)* Хъолоты Дзынга. Йæ ном йæ уæлæ: цæф æмæ рæхуыст — йæ ныхас, йæ дзырд!

Д з ы н г а. Дадусы загъдау, ггуырры бонтæ!.. Æгонгæй, ма тæрсут, хорз адæм. Æз ахæм дзынга нæ дæн. Æнæхъуаджы йе ’мгæрон дæр никæмæн атæхдзынæн... Фæлæ... фæрæхойыны аккаг чи уа, уый та мæ хъаст ма ракæнæд! Æргом ныхасы къæм нæй. Цæй, уæдæ райдайæм.

Т ы х с т *(сусæгæй)*. Фæлæуу-ма, куыд райдайæм, хъазтизæры архайджытæ куы нæма æрæмбырд сты, уæд?

Д з ы н г а. Цæуылнæ?

Т ы х с т. Цыма йæ нæ зоныс! Æз ма сыл æмдзæвгæтæ дæр куы ныффыстон иубон. *(Дзуры тагъд-тагъд):*

Уæлæ Цæмæнхъуыд
Не ’хсæнæй фæхьуыд
Йæ мады руаджы, —
Нал, дам, æй уадзы.
Чындздзон чызг, дам, дæ
Æмæ дын «дам»-тæй
Тæссаг у, дам...

Д з ы н г а. Фæлæуу-ма, бæстæ «дам»-æй куы байдзаг кодтай! Куыд уыди?

Нæхи Цæмæнхъуыд
Уе ’хсæнæй фæхъуыд...
Уæлæ хъæуы пъырыпъыф,
Адида хæйрæг...
Бæласæй зары
Нæ зæронд хæрæг...

Т ы х с т. Ныр цытæ лæхурыс, фæлæуу-ма, хъусгæ уал бакæн...

Д з ы н г а. Хъусын, хъусын. Замманай æмдзæвгæ!.. Уæллæй, иуæй-иу схъæлфындз поэттæй æвзæрдæр нæ дæ! Гъама дарддæр!

Т ы х с т *(ноджы ныфсджындæрæй).*

Увызыхьойы
Нæ уадзы Ахъо...
Кафаг лæппу, дам,
Хæдзар нæ дары.
Дунетханы та йæ куысты ’фхæрынц,
Йæ хицау Хъырым цæхæртæ калы:
Мæн, дам, артисттæ ницæмæн хъæуынц,

Æмæ йæ барæй изæры рады йæ куысты дары.
Мызырты Цуцу æфсæрмы кæны,
Хицау уæвгæйæ, клубы хъазын,
Æмæ та искуы сабатизæры
Йæ хæлæрттимæ сусæгæй нуазы.

Сосеты Мосе, Силаты Мила, Къалаты Сала...

Д з ы н г а. Æгъгъæд, æгъгъæд, Тыхст! Сулæф, кæннод фæхуыдуг уыдзынæ уыйбæрц хъылматæ нымайгæйæ. Æвæццæгæн, Дæргьæвсгомы зæппæдзтæй рагæппытæ ластой, кæнæ сырддонæй раирвæзтысты, уый йеддæмæ ма ахæм гуымыдзатæ нырмæ куыд баззадысты?

Т ы х с т. С-с-с! Сабыр, сабыр... Кæд сæ ам исчи бады, уæд та?

Д з ы н г а. Æмæ бадæд! Бадæд, хъусæд, æмæ йын худинаг фæуæд! Мах та... æнæ уыдон хъæлдзæгдæр уыдзыстæм! *(Райхъуыст цагъд кæнæ зарын.)* А-гъа, хъусыс? Чидæртæ дзы фæзындис. Марадз, ракæн сæ. Уыдон уал райдайæнт, уæдмæ та кæд исчи зынид.

Т ы х с т. Хорз. Ды уал адæмы истæуылты ахудын кæн. *(Ацыд.)*

Д з ы н г а. Нæ, мæ къори, ныхæстыл сæ адардзынæн, уыййеддæмæ ахудын кæнын афтæ æнцон нæу. Уæллæй, ахæмтæ дзы ис, æмæ йæ аизæр хъыдзы кæнын райдай, уæд дын райсом изæрмæ дæр не схуддзæни. Иу рагон æмбисонд ахæм и...

Т ы х с т *(рацыд)*. С-с-с! Æгьгьæд лæхур фыдæлтыккон таурæгьтæ. Сæ хъуырмæ сæ сты адæм. Фæлтау сын мæнæ... *(архайæджы ном æмæ мыггаг)* азардзæн *(кæнæ ацæгъддзæн)* абоны цæгъдтытæ.

Д з ы н г а. Гъемæ табуафси.

Дзынга æмæ Тыхст ацыдысты æмæ та фæзындысты цалдæр цагъды фæстæ.

Д з ы н г а. Хъус-ма, Тыхст, бавдæлæм, æмæ ацы адæмæн исты пьесæ равдисæм нæхи хъæуы цардæй.

Т ы х с т. Чи? Мах?

Д з ы н г а. О. Æз æмæ ды.

Т ы х с т. Йæ зæгьын æнцон у. Кæцæй дын æрхæссон ахæм пьесæ?

Д з ы н г а. Афысс æй дæхæдæг. Поэтгонд куы дæ.

Т ы х с т. «Афысс æй»! Дæумæ гæсгæ, уый æнгуз асæттынау æнцон у, и?

Д з ы н г а. Уæдæ циу! Æнгузы ма апп уæддæр фæагурынц, ам та дæ нæдæр апп агурæг ис, нæдæр дзуапп агурæг.

Исты хъуыдытæ кæрæдзиуыл аныхас, æндæр дзы цы хъæуы?

Ныртæккæ бирæтæ кæнынц афтæ. Бавзар, Тыхст. Æз дæр дæм фæкæсдзынæн.

Т ы х с т. Гъемæ фæуæд. Цы абада, уый абадæд. Цы мæ сæфы! *(Систа гæххæтт æмæ кърандас. Фыссы, хъæрæй дзургæйæ.)* Коме-ди, ома худæджы хабар. Хъус-ма, æмæ фысгæ та цæуыл кæнæм, Дзынга? Йæ сæйраг хъуыды цы уыдзæн нæ комедийæн?

Д з ы н г а. Адæмы кæл-кæлæй фæхудын кæнын. Сæ гуыбыны-цъæрттæ куыд фæриссой, афтæ.

Т ы х с т. Æндæр ницы?

Д з ы н г а. Куыд ницы? Æхцайы хъуыддаг дæ рох у? Фыстытæ иууылдæр уый дымæгмæ куы сты.

Т ы х с т. Æмæ йед та? Иронау хуыздæр уыдзæнис æви уырыссагау?

Д з ы н г а. Хъус-ма, мæ тымбыл уæрыкк, æппындæр театры никуы вæййыс, æви? Стæй нæм, æнхъæлдæн, адæмон сфæлдыстады хæдзарæй цы пьесæтæ æрвитынц, уыдон дæр нæ кæсыс!

Т ы х с т. Кæсгæ сæ бæргæ кæнын, фæлæ сæ алыхатт нæ бамбарын.

Д з ы н г а. Гъеуый дзы æппындæр ницæмæн хъæуы. Ирон æмæ дзы уырыссаг ныхæстæ сæмтъеры кæн, дзæбæх хамбохъ дзы скæн... æмæ хъуыддаг лыг у.

Т ы х с т. Цæттæ дæн æз! Цæуын æмæ фыссын... Хъазтизæрмæ-иу дæхæдæг фæкæс. *(Ацыд)*.

Д з ы н г а. Дæ зæрдæ ма ’хсайæд. *(Адæммæ.)* Цалынмæ Тыхст йæ комеди фысса, уæдмæ уал мах дæр фæйнæ ба... *(схуыфыд)* фæйнæ кафты акæнæм. *(Фæсценæмæ.)* Табуафси, саккаг кæн! *(Чи кафы, кæнæ чи зары, уый ном зæгъгæйæ, ацыд фæссценæмæ)*.

Кæрæдзи ивынц хъазтизæры архайджытæ, уалынмæ та фæзынд Тыхст.

Æдзынæг кæсы клубы бадæг адæммæ. Исдуг хъуыдыты анысгъуылы, акæсы та ног, цыдæр ахъуыды кæны æмæ та акæсы. Рацыд Дзынга, кæсгæ баззад Тыхстмæ.

Д з ы н г а. Гъæй, Тыхст, джихнизæй фæрынчын дæ, æви?

Т ы х с т. С-с-с! Мæ пьесæйæн архайджытæ агурын.

Д з ы н г а. Уый тыххæй дæ сæр дæр ма аных. Хъусгæ æмæ фысгæ: фыццаг архайæг: расыггæнаг æмæ магуса, сыхбæсты худинаггæнæг, æдзæсгом, æнæфсарм...

Т ы х с т. Фæлæуу-ма, Гугынты Гагынæй зæгъыс, æви?

(Нæмттæ ивæн ис, хъазтизæр кæм цæуы, уым чи уа, уыдоны æцæг нæмттæй).

Д з ы н г а. Акъуырдтай йæ!

Т ы х с т *(фыссы)*. Гугынты Гагын...

Д з ы н г а. Дардцæр дзы хъæуы зыд æмæ кæрæф, æхсæнадон къæбицмæ чи фæныхилы, ахæм. Зæгъæм, дæлæ Гыбиты Гуыба.

Т ы х с т *(фыссы)*. Гыбиты Гуыба... Хъус-ма, Дзынга, иу та дзы хъуамæ, дины номæй йæхи дæр æмæ адæмы дæр чи сайы, ахæм уа.

Д з ы н г а *(йæ ныхас ын исы)*. Æмбæрст у. Табуафси. Моллоты Сауджен.

Т ы х с т. Цæстмæхъус ныхас, козбаутæгæнæг, хицауадæн зæвæтсдæрæг, сусу-бусу æмæ дзæгьæлдзырдуарзаг. Йæ бæллиц — æдзух цъыфкалæн кæнын, царды æрмæстдæр хъæнтæ агурын...

Д з ы н г а. Уый та дын уæртæ нæхи Сæнæзи.

Т ы х с т. Ноджы мæ хъæуы æнæуд хицау. Хæслæвæрдты ауунæй адæймаг кæмæ нæ фæзыны. Адæм æй кæй равзæрстой, уый кæмæй ферох вæйиы, æмæ, Хуыцауы æмсæр йæхи нымайгæйæ, уæлæрвты тæхын чи байдайы, ахæм гуымиры...

Д з ы н г а. Стыр маст та мæм дзы мæнæ-мæнæ кæны, фæлæ дын æй уæддæр зæгъдзынæн – комкоммæ рафысс Иналы сурæт.

Т ы х с т. Цавæр Иналы?

Д з ы н г а. Хъæуыхицауы. *(Кæнæ – цы куыстгæнæг уа, уый.)*

Т ы х с т. Æцæг, æцæг. *(Фыссы.)* Маниты Инал... *(Архайджыты куы бафæнда, уæд ма ацы номхыгъдыл бафтауæн ис)*.

Д з ы н г а. Ныр мæ уырны, фыссæг дæ кæй рауайдзæн, уый, фæлæ дзы иу та рæстмæ лæг фæкæн. Кæннод сæ ныхмæ чи стох кæндзæни?

Т ы х с т. Æцæг зæгъыс. Иу нæ, фæлæ цалдæр. Кæннод сæ æддæг-мидæг ауайын кæндзынæн. Стæй исчи хæрзаг ма зæгъа, хорз адæм нæм къаддæр ис, зæгьгæ.

Д з ы н г а. Къаддæр, зæгъыс? Ау, æмæ чи нæ зоны нæ кадджын хистæрты, кæнæ нæ фæллойуарзаг гуыппырсар фæсивæды? Нæ уæздан чызджытæ æмæ нæ цæхæрцæст лæппуты? Чи нæ зоны

нæ бригадирты хуыздæр... *(ном æмæ мыггаг),* нæ хъугдуцджыты раззагдæр... *(ном æмæ мыггаг)?* Фысгæ, Тыхст, фысгæ æмæ дæ ма ферох уæнт ноджы нæ маргъдарæн фермæйы хицау *(кусæг, ном, мыггаг),* нæ намысджын дохтыр, адæмы ирвæзынгæнæг *(ном æмæ мыггаг).* (*Ацы номхыгъдыл ма бафтауæн ис ахуыргæнæг, дуканигæсы, хæрæндоны кусæг æмæ а. д. Иуныхасæй, арфæйаг фæллой чи кæны, ахæмты нæмттæ. Кæй ранымадтой, уыдонæй исчи хъазтизæры куы уа, уæд ын æвзæр нæу къухæмдзæгъдæй арфæ ракæнын).*

Т ы х с т. Æнхъæлдæн, мæ сæры замманай пьесæ срæгъæд и.

Д з ы н г а. Цæугæ уæдæ! Цæугæ æмæ фысгæ! *(Тыхст ацыд.)* Фæтулы та! Махæн та уал... *(Зæгъынмæ хъавы, дарддæр цы уыдзæни, уый.)* Ныртæккæ уын...

Т ы х с т *(йæ сæр радардта фæссценæмæ. Сусæгæй)*. Дзынга! *(Амбæхст).*

Д з ы н г а *(фæкаст уыцырдæм, фæлæ ницы сдзырдта)*. Ныртæккæ уын...

Т ы х с т *(хъæрдæр æмæ тыхстдæрæй)*. Дзынга-а!

Д з ы н г а *(мæстыйæ, фæссценæмæ, сусæгæй)*. Фæлæуу-ма чысыл! Мæ хъуыры цы фæбадыс? *(Адæммæ.)* Ныртæккæ уын...

Т ы х с т *(тынг хъæрæй æмæ тыхстæй)*. Дзынга!

Д з ы н г а. Дзынга дарæг дæ ма баззайæд! Цæй, цы хабар у, Тыхст? Цæуыл та стыхстæ?

Т ы х с т. Мæн цæуын хъæуы, æмæ-иу, зæгъын, куы фæуат, уæд клубы дуар сæхгæн.

Д з ы н г а. Гъемæ фæндараст! Æрмæст мæ ныхъхъуытты уадз! Фæлæуу, фæлæуу, куыд «цæуын хъæуы»? Æмæ дæ пьесæ та? Фыст фæдæ?

Т ы х с т. Фæдæн, куыннæ! Гал бастыгътон, æмæ йæ къæдзилыл мæ кард асаст. Абон æй бæргæ фæуыдаин, фæлæ... Куыст. Дæ рад, дам, у. Иннæ хъазтизæрмæ йæ бацæтгæ кæндзыстæм.

Д з ы н г а. Æмæ ма нын æндæр цы гæнæн ис? Цæй, ацу уæдæ, мауал мæ хъыгдар. *(Тыхст ацыд.)* Бахатыр кæнут, хорз адæм, Тыхстыл та фæдæн. Ныртæккæ уын...

Т ы х с т *(æрбацыд)*. Дзынга!

Д з ы н г а. Уæуу, мæнæ мардæрцыд!.. Цæмæ та раздæхтæ?

Т ы х с т. Клубы раз цыдæр хъæлæба ис, æмæ нæ ауæндыдтæн...

Акæс-ма сæм уæлæты. Дæумæ зындзысты.

Д з ы н г а. Цавæр хъæлæба у?

Т ы х с т. Иу расыг лæппу алкæмæ дзырдæппарæн кæны, сылгоймæгтæм къухæй æвналы, æлгъиты...

Д з ы н г а. Æмæ йын нæлгоймæгтæй куыд ничи ницы зæгъы?

Т ы х с т. Иутæ сæхи ницыуынæг скодтой, иннæтæ йæ зæрдæхудты нæ цæуынц, аннæтæ та дзы сæхицæн тæрсынц.

Д з ы н г а. Уыдон дæр уæдæ уымæй хуыздæр не сты. Тæппудтæ! Худинаг сын уæд, худинаг! Фæлæуу, фæлæуу, æмæ ды та, ды? Милиционер куы дæ? Цæугæ æмæ йæ æрсабыр кæн. Кæннод уый мах дæр бахъыгдардзæни.

Т ы х с т. Цæугæ... Уырдæм?! Нæ... Цытæ дзурыс?.. Уый мæ участок нæу... Æз уæртæ иннæ уынгмæ цæуын...

Д з ы н г а. Æ, мæгуыр дæ бон, гье! Цымæ цæмæн хъæуынц дæу хуызæн милиционертæ? Цон, мæхæдæг сæм акæсон. Бахатыр кæнут, хорз адæм, бадгæ уæ уадзын, фæлæ мын æндæр гæнæн нæй. Зындзынæн та уæм. *(Ацыд)*.

Т ы х с т *(йæ фæдыл кæсы)*. Уый Дзынга нæу, фæлæ сыгъзæрин цъиу! *(Адæммæ фæкомкоммæ.)* О, хæдæгай... Ныртæккæ уын... *(Зæгъы, дарддæр цы уыдзæнис, уый æмæ ацæуы)*.

Хъазтизæры кæрон Дзынга æмæ Тыхст раарфæ кæнынц залы бадæг адæмæн.

Æмбæрзæн

1994 аз

ТЕМЫРАТЫ ДАУЫТЫ ТЫХХÆЙ ЗАГЪТОЙ:

ПЛИТЫ Грис: *Ирон театры ног спектакль «Адæмы хъæбул»-ы сæйраг ролы ахъазæг Темыраты Дауыт фæлмæн æмæ хæрз аивæй æвдисы Къостайы фæлгонц. Буарæй уа, удыхъæдæй – цыдæриддæр æм ис, ницы дзы бахæлæг кодта Къостайы æххæстдæрæй равдисынæн.*

ХУЫБЕЦТЫ Рая: *Темыраты Дауыт йæ драмон уацмыстæй бахаста æгæрон æвæрæн ирон литературæ æмæ сценикон*

аивадмæ. Ирон театры раздæры курдиатджын артист ссис драматург. Хъуыддаг уый мидæг ис, æмæ Дауыт, сценæйы æгъдæуттæ иттæг хорз зонгæйæ æмæ æнкъаргæйæ, цардæй ист æрмæгæн æдзухдæр ссары иттæг хорз æмæ хъæугæ фæрæзтæ, бæлвырд хуыз, æмæ уый фæрцы йæ пьесæтæм фау хæссæн нæ вæйиы сценикон æгъдауæй.

Дауытæн йæ удыхъæд у романтикон. Фыссæджы курдиат ын лæвæрд у æрдзæй. Йæ романтикон уацмыстæ канд стыр историон цаутыл фыст не сты, фæлæ сабыр царды цаутыл дæр.

БÆЦИАТЫ Агуыдз: *Темыраты Дауытæн куыд сценæйы, афтæ драматургийы дæр ис йæхи æрмдзæф, йæхи героикон-романтикон тыннывæзт. Цæуыл фæнды ма фыссæд, – ивгъуыд фыдуд заманты цаутыл, революцийы тымыгъджын азтыл, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты советон адæймаджы удфидардзинадыл æмæ лæгдзинадыл, адæмы фæллойы нæргæ кадыл, – драматург æдзухдæр тырны йæ хъайтары уæлтæмæнæй æвдисынмæ.*

Темыраты Дауыт ирон сценæйæ ацыд курдиатджын артистæй æмæ йæм æрбаздæхт дæсны драматургæй.

ЦИХИТЫ Мæирбег: *Темыраты Дауыты драмон уацмыстæ сценæйы домæнтæн æдзухдæр дæттынц бирæ хорз фадæттæ, фæлæ мæн уыдон сæхимæ тынгдæр амидин фæкæнынц сæ проблематикæ æмæ сæ актуалондзинадæй, уыимæ уыдон æдзухдæр сæ композицион арæзтæй, фæлгонцты кондæй æдзухдæр вæйиынц оригиналон. Æз сценæйы сæвæрдтон æртæ пьесæйы Дауыты уацмыстæй: «Спартак», «Ард» æмæ «Цæргæсты хох». Бафиппайын мæ фæнды уый, æмæ ацы æртæ драмон уацмысы кæд алы рæстæджыты цаутыл фыст сты, уæддæр сæ иу кæны авторы позици царды цаутæм, иу дунеæмбарынад, иу æрмдзæф. Уацмыстæ сæ архайды динамикæйæ сты тынг æнгæс, фæлгонцты ранывæзт у райрæзты хуызы. Ахæм хуызы Дауыт ныффыста йæ иннæ драмæтæ: «Мухтар», «Мастисджытæ» æмæ «Фæндыры хъарæг».*

ДЖЫККАЙТЫ Шамил: *Ды ирон театры сценæйы сарæзтай рæсугъд æмæ рухс фæлгонцтæ, ды хайджын дæ уыцы геройты*

æууæлтæй: Артуры намысæй, Хæсанæйы æхсарæй, Къостайы дзырдамондæй.

Ды сфæлдыстай бирæ драмон уацмыстæ, уыдоны ис цард, бæрзонд идеалтæ, романтикон фидауц. Дæ хъуыды – ардау раст, Мухтарау – ныфсхаст, фæндыры зæлтау – æхцон, дæ нысан – цæргæсты хохау бæрзонд. Дæ кад æмæ дæ фарн мæлæтæй тыхджындæр куыд уой, уыцы амонд дæ уæд.

Дæ ныхас, дæ хъæлæс адæмæн у адджын. Ды рæсугъд æмæ аив кæсыс ирон дзырдаивады хæзнатæ, кад кæныс нæ фысджытæн, рухс кæныс адæмы зæрдæтæ, æмæ рухс цард кæн.

Ды сарæзтай Дыгурон театр. Уый у стыр æмæ сгуыхт хъуыддаг, уый у лæджыхъæд, курдиат æмæ намыс æвдисæн. Ды рухсмæ ракодтай Аланты Нанайы, æмæ дыл хæрзмæ аудæд. Цалынмæ Нанайы цот цæрой, уæдмæ цæрæнт дæ кад, дæ ном, дæ ныхас.

МАЛИТЫ Васо: *Давид ирон литературæмæ æрбацыди йæхи темæтæ, йæхи æнкъарæнтæ æмæ ахорæнтимæ. Йæ пьесæтæ вæййынц социалон конфликттыл амад, дæсныйæ фæлынды персонажты архайд, цымыдисаг вæййынц йæ сюжетон фæзилæнтæ.*

ГÆЛÆУТЫ Анатоли: *Темыраты Дауыты драмæ «Цæргæсты хох» у мæ уарзондæр ирон пьесæтæй иу. Цæмæн? Ацы пьесæйы хъайтартæ сты не ´мдугонтæ, сæйрагдæр, фæсивæд æмæ хистæр фæлтæры цытджын лæгтæ. Пьесæ сценæйы куы æвæрдтам, уæд не ´ппæт дæр сыгъдыстæм иу сфæлдыстадон цæхæрæй. Тынг æхсызгон нын уыд не ´мцахъон фæсивæды адæмы размæ рахонын, æмæ уый, мæнмæ гæсгæ, нæ къухы бафтыд. Спектакль тынг фæцыд адæмы зæрдæмæ. Стыр аргъ ын скодтой, Мæскуыйы гастрольты куы уыдыстæм, уæд дæр. Æз хъазыдтæн сæйраг хъайтартæй иуы – Арсбеджы ролы. Уый уыд сыгъдæгзæрдæ æрыгон лæппу, фæлæ йæ цард иудадзыг лæгъз нæ рауад, æмæ фæцудыдта, фæрæдыд. Уый æмбаргæйæ, архайы йе ´мгæртты ´хсæн йæхи бынат ссарыныл. Хъайтары фæлгонц вазыгджын æмæ æнкъарæнтыл амад кæй уыд, уый мæнæн бар радта æххæст сценикон фæлгонц саразынæн.*

ГУÆЗДÆРТЫ Азæ
ДЗЕБОЙТЫ Азæ

КОЦОЙТЫ АРСЕН – РАДЗЫРДЫ ДÆСНЫ

«Коцойты Арсены сфæлдыстад у ирон литературæйæн йæ райдайæн стыр къабузтæй, йæ кад æмæ йæ сæрыстырдзинад. Арсен ирон культурæйы историмæ бацыд аив дзырд æмæ реалистон радзырды зæрингуырдæй»[1].Уый лæмбынæг æмæ хъуыдыджынæй æркаст адæмы цардмæ, мæгуыр адæймаджы хъуæгтæ æмæ тырнындзинæдтæм, йæ удыконд æмæ йæ зæрдæйы æнкъарæнтæм, акаст ын йе ´хсæнадон уавæртæм æмæ сæ нывæфтыд кодта йæ уацмысты. «Арсен ахæм цардæгас фæлгонцтæ, ахæм хуызджын характертæ сфæлдыста йæ заманы æрмæгæй, æмæ æнæ уыдон ирон литературæ нæ уаид æнæкъахыр. Арсены рæдау ахорæнтæ, йе сфæлдыстадон фæрæзтæ æмæ йæ хъæздыг традицитæ уыдысты зынгæ æмæ æнæмæнг хъæугæ фæзынд нæ аивады историйы.

Рæстæг цæуы, афонтæ ивынц, ивынц эстетикон æмбарынад æмæ æнкъарæнтæ, фæлæ нæ ивайы Арсены уацмысты идейон-эстетикон хъару, нæ сæм ивы йæ уарзт ироны зæрдæ. Ахæм у йæ курдиаты тых, йе сфæлдыстады удджын фидауц»[2].

Хъæздыг æмæ алыхуызон у Арсены радзырдты сюжетон мидис. Йæ рæстæджы æхсæнадон ахастытæ æвзæрдысты карз быцæутæй, æмæ сæ фыссæг нывæфтыд кодта йæ радзырдты. Сæ иу хайы сюжет снывæста трагедион ахорæнтæй æмæ сæ схуыдта «Фыдæлты æгъдæутты нывæндтæ». Уыцы æгъдæуттæй æппæты фыдбылыздæр уыдысты туг исын, мæнгуырнынад æмæ ирæд.

Туг исыны æгъдау уыд æппæт адæмты царды дæр бæлвырд историон къæпхæнтыл. Уый уыд мыггагон царды æгъдау æмæ йын уыдис æхсæнадон æмæ барадон бындур.

Цард ивы, ивынц æгъдæуттæ дæр. Ивта туг исыны æгъдау дæр. Арсены заманы хæлди мыггагон цардæвæрд, йæ бынат ын æрцахста капиталистон цардарæзт. Йемæ фæзындысты

[1] Джыккайты Ш. Ирон аив дзырды зæрингуырд // Коцойты Арсен. Уацмыстæ. 1-аг том. – Орджоникидзе, 1971. – 3 ф.

[2] Уый дæр уым. – 3 ф.

паддзахадон барадон оргæнтæ, ног закъонтæ. Уыцы уавæры туг исын сси фæстæзад æмæ зианхæссæг æгъдау.

Арсены радзырд «Фынддæс азы» ирдæй æвдисы, туг исын цы трагикон цаутæм æркæны, уый. Уацмысы хъайтар Хъæвдын фынддæс азы æнхъæлмæ каст йæ маст райсынмæ – йе знаг Годахы фырт кæд слæг уыдзæн, уымæ. Сæххæст йæ иунæг фæндон, йæ маст ссыд, фæлæ дарддæр та цы? «Искæй ма хъæуы мæ цард?» – фæрсы йæхи Хъæвдын. Афтæ масты марг Хъæвдынæн фехæлдта йæ цард, йæ уд æмæ зондахаст.

«Фидис карды цæфæй риссагдæр у», – зæгъы ирон æмбисонд. Адæймагæн фидис агайы йæ намыс, йæ кад. Уый бындурыл фыст у Арсены радзырд «Сæумæрайсом». Таймуразы фырт мæрдтæм бацыд кæйдæр къухæй, ирон æгъдау та домы туг исын. Зæронд лæгæн йæ зæрдæйы тох кæнынц хорз æмæ фыд, йæ бон нæу йе знæгты амарын. Фæлæ йын йæ сыхаг бафидис кодта, йæ фырты туг ист кæй нæма æрцыд, уый. Автор радзырды ныхæй-ныхмæ æвæры æрдзон фидауц æмæ æбуалгъ хъуыддæгтæ. Фехæлд æрдзы æнцой. Фæмард цалдæр адæймаджы. Цины райсом фестад хъыгты райсом. Мæргъты зард раивтой адæмы хъарджытæ.

Арсен тынг хорз зыдта ирон адæмы цард, сæ зын æмæ сæ рис. Уымæ гæсгæ йæ фыссæн сис сарæзта зианхæссæг æгъдæутты ныхмæ. Йæ радзырдты æвдисы, цы зиан хастой уыдон адæмæн, уый.

«Нæ фыдбылызты фыддæр» – афтæ схуыдта Арсен ирæд. Ирæд исыны фæстиуджытæ æвдыста йæ уацты, йæ карикатурæты, йæ радзырдты. Ирæд бирæ зиантæ æмæ фыдбылызтæ хаста. Арсен йæ амынд уацы фыста, ирæды тыххæй бирæ сабыр лæппутæ кæй бафтынц давыныл, кæнынц худинаджы митæ – скъæфынц чызджыты. Ирæды тыххæй бирæ лæппутæ æмæ чызджытæ афонылхъуыддаг нæ бакæнынц. Æппæт уыдæттæ хынцгæйæ, Арсен йæ тыхтæ сарæзта уыцы фыдæгъдауы ныхмæ æмæ фыссы радзырд «Афтæ дæр вæйиы». Радзырды хъайтар Саугуди у бинонты дарæг, фæлæ йын не ´нтысы ирæд бафидын, æмæ йæ къайаг бады куырдуаты. Мидхъуырдухæн кæны лæппу, йæ уавæр æй æркодта æнахуыр фæндмæ: Саугуди давы бонджын Хосдзауы фос æмæ йын йæхи фæллойæ фиды йæ ирæд. Лæппу æмæ чызгæн сæ амонд баиу, фæлæ «…галиу хъуыддагыл чи ацахуыр уа, уымæн фæстæмæ

зын раздæхæн вæййы», – зæгъы Арсен. Саугуди фæмард давгæ-давын. Йæ фæстаг ныхас ма уыд: «Хуыцау ма ныббарæд мæ каис Хосдзауæн: уый тыххæй фæцахуыр дæн давыныл». Уый уыд карз тæрхон мæлинаг æгъдауæн – адæймаджы трагедийы æхсæнадон аххосагæн.

Арсены радзырдты уынæм фыдæгъдæутты ныхмæ тох. Ирдæй дзы æвдыст цæуынц, цас зиан æмæ тæригъæд хастой семæ туг исын æмæ ирæды æгъдæуттæ, уый.

Зынгæ бынат ахсы Коцойты Арсены сфæлдыстады дины проблемæ. Дин уыд хицауады хотых, уый руаджы сайдтой адæмы. Арсен лæмбынæг каст адæмы цардыуагмæ æмæ уыдта, цы фыдбылызтæ хаста дин, уый.

Коцойты Арсен – рухстауæг, гуманист, уыд наукæ æмæ ахуырады фарс. «Адæмы хорз цардæн хъæуы хорз закъонтæ, дин æмæ сауджынтæ нæ, фæлæ».

Ацы темæйыл фыст у радзырд «Гигойы куадзæн». Арсенæн йæ уацмысы бантыст цардæгас фæлгонцтæ саразын.

Алыхуызон аивадон мадзæлттæй пайда кæнгæйæ, Арсен равдыста сауджын Йосебы миддуне, йæ удыхъæд: йæхи фынгыл куыд дардта, фæлитой митæ куыд кодта, гæды ныхасгæнаг, саузæрдæ, чъынды æмæ гуыбындзæл. Уыдта адæмы тыхст уавæр, фæлæ йæм уый нымады дæр нæ уыд.

Кæй зæгъын æй хъæуы, адæмæн стыр зиан хастой мæнгуырнынад, æмæ дзы чи пайда кодта, уыцы дæснытæ дæр. «Адæмы низтæ æмæ фыдбылызтæн хосгæнæг махмæ фылдæр сты моллотæ æмæ дæснытæ – «хуыцауы минæвæрттæ». Æнахуыргонд адæмы ´хсæн сын ахæм кад ис, æмæ сын æууæндынц сæ алы ныхасыл дæр… Дæснытæ æмæ моллотæ сæ армы бын дарынц талынг адæмы зонд. Мур пайда йын нæ хæссынц, афтæмæй нæ ауæрдынц стигъыныл»[3]. Мæнгуырнынады темæйыл фыст у радзырд «Дадолты мæт». Къамады хъæуы цæрджытæ никуы ницы федтой æмæ талынг цард кодтой. Æнцонæй комынц сайын дæсныйæн: «Йæ рынтæ йын ахæрон Биганонæн. Уый зæдты æмбал у, зæдты æмбал»[4].

[3] Абайты В. Ирæд // Ирон радзырдтæ. – Цхинвал, 1965. – 214ф.
[4] Джыккайты Ш. Амынд чиныг. – 208 ф.

Арсен худы æнæхъæн хъæуы сылгоймæгтыл: «Хæдзары тыргъ дзаг уыди адæмæй – иууыл устытæ. Кæмæн йæ дæлармы зынди хъуымацы гæбаз, кæмæн – исты дзаума; иуæй-иутæ æрбадавтой семæ хæбизджынтæ, физонæггонд кæрчытæ двайноимæ, наливкæимæ – уыдон та дæсныйæн уæлдай зæрдæлхæнæн…

Хъæр, цъæхахст, æлгъыст æмæ алыхуызон уынæр хъуысти тыргъæй. Алчидæр йæхи хъардта Биганонмæ раздæр бахæццæйыл. Устытæ, размæ бырсгæйæ, кæрæдзи схуыстытæ æмæ тъæппытæ кодтой…»[5] Диссаджы цыдæртæ сын кæнын кæны дæсны. Сайы сæ, уый хорз æмбары, æппæт амынддзинæдтæ кæй не ´суыдзæн сæ бон сæххæст кæнын, æмæ сæ рагацау фæдзæхсы: «Цæут ныр. Дæлимонтæ уын уæ фæндтæ сæххæст кæнæнт! Цы уын дзырдтон, уымæй мацы ферох кæнут. Исты дзы куы ферох кæнат, уæд-иу мæнæй хъаст ма ракæнут. Уæхи аххос уыдзæн!»[6]

Арсен царды цы уыд, уый æвдисы комизмы фæрæзтæй, йæ радзырд кæрæй-кæронмæ у нывæст ирд фæлгонцтæй, арф хъуыдытæй æмæ реалон цаутæй.

Æлдарад æмæ хицауад зын уаваæры æвæрдтой адæмы, семæ тох кодтой дин æмæ гуымиры тыхы руаджы. Дæлдзиныг кодтой адæмы, цагъарады æфсондзы бын сæ дардтой.

Алывæрсыгæй каст Арсен цардмæ. Радзырд «Гигойы куадзæн»-ы бинонты цин байста сауджын, радзырд «Цуанонтæ»-йы та мæгуыр зæронд лæгты сæ цинæй æнæхай фæкодтой æлдæрттæ. Радзырды Арсен равдыста, цæуыл æмæ куыд цуан кæнынц æлдæрттæ-цуанонтæ, уый. Уацмысы номы та бавæрдта символон нысаниуæг: æлдæрттæ марынц адæмы цин, æууæнк æмæ ныфс.

Тедо æмæ Симонæн æдзæллаг æмæ æгъуыз у сæ цард, цыбыр – сæ зонд, талынг – сæ миддуне. Фæлæ цы гæнæн и, цæрынц, куыд амонынц сæ уавæртæ, афтæ. Сæ бонтæ æрвитынц, кæрæдзийæн паддзæхтæ æмæ æлдæртты кой кæнгæйæ. Сæ цæсты уыдон сты кадджын æмæ намысджын, фæлæ фæстæдæр куыд разынд, афтæмæй уый афтæ нæ уыд.

---

[5] Коцойты А. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1940.– 209 ф.

[6] Уый дæр уым. – 213 ф.

Фæзынд æлдар Гарсеван йæ фырт æмæ йæ чапартимæ – «цуаны» рацыдысты. Зæрæдтæ сын сыстадысты, фæлæ сын сæ уæздандзинад ничи ницæмæ ´рдардта. Уымæй уæлдай ма æлдары фырт хынджылæг кæны урссæр зæрæдтæй, у магуса æмæ цыбырзонд. Нæй йæм лæгдзинад – усгур лæппу разындис æгуыдзæг цуанон: æртæ къахдзæфмæ карк амардта æмæ ныббуц и йæхицæй. Æнæбон цуанонтæ бацыбæл сты мæгуырты исбонмæ. Æмæ ныр ракастысты Тедо æмæ Симон сæ цæстытæй, федтой, уæздан æлдар разынд ницæйаг, кæркхъус æмæ æнæгъдау.

Адæм дывæр æфхæрд æййæфтой. Фыддæр уавæрты сæ æвæрдта паддзахы хицауад, уыимæ бынæттон фыдгæнджытæ дæр. Официалон идеологи Кавказы адæмты хуыдта къæрныхтæ æмæ абырджытæ, кодта сæ дæлдзиныг политикон æмæ намысон æгъдауæй, уымæй сæ æфтыдта дунейы дзыллæйы цæсты. Ахæм уавæрты ныхмæ тох кæны Арсен йæ радзырд «Æмбæлттæ»-йы: равдыста дзы кавказаг администрацийы карз æцæгдзинад.

Коцойты Арсен йе сфæлдыстады æркаст ахуырдзау фæсивæды хъысмæтмæ дæр («Цыппар æмæ ссæдз боны», «Æнæном радзырд»). Иры кæстæртæ зæрдиагæй тырныдтой ахуыр кæнынмæ, фæндыд сæ ахуырады фæрцы сæ цард аразын, рухс хæссын адæмæн, фæлæ уæззау уыд сæ хъысмæт, зын уыд ахуырдзау фæсивæды цардвæндаг. Ахуыр кæнынæн хъуыд фæрæзтæ æмæ фадат. Уыдонæй та, куыд зонæм, афтæмæй хъуаг уыдысты ирон адæм, уæлдайдæр та – мæгуырты фæлтæртæ. Ахуырдзауты хъысмæт æвдисгæйæ, фыссæг æргом кæны æхсæнады хъæнтæ, адæмы ахастытæ, сæ цард æмæ сæ цардæвæрд. Бынат æмæ æхца систы царды нысан. Пайдайы монц фæтых æрдзон æнкъарæнтыл. Йе сфæлдыстады парахатæй æвдыст æрцыдысты мидхæсты цаутæ дæр («Саломи», «Æхцайы чырын», уацау «Джанаспи» æ. æнд.)

Хъомысджын уыд Коцойты Арсены курдиат. Арф иртæста царды фæзындтæ, сæ аххосæгтæ, сæ сæйраг æууæлтæ.

Коцойты Арсены уацмысты йæ рæстæджы цард æвдыст æрцыд бæрзонд, реалистон аивады фæрæзтæй. Йе сфæлдыстад у фидауцджын æмæ мидисджын, йæ фæлгонцтæ сты удæгас, удæгас сты йæ традицитæ дæр.

Коцойы-фырт хорз зыдта дзырды нысаниуæг, йæ эстетикон æмæ хъомыладон ахадындзинад.

Арсен, кæд нымæцæй бирæ чингуытæ нæ ныффыста, бирæ бынтæ нæ ныууагъта, уæддæр йæ къухы цы бафтыд сфæлдисын, уыдон сты хъæздыг, нуарджын æвзагæй фыст, нывæфтыд, философон. Никуы базæронд уыдзысты дæсны фыссæджы зæрдæбынæй фыст уацмыстæ, нæ фесæфдзæн сæ историон ахадындзинад.

ИРОН ПРОЗÆЙЫ АНТОЛОГИ

ГАДАТЫ ЛАЗÆР

(1938 – 2008)

Никуы мын уыд ныронг дæр зæрдæнцой зынгхуыст фыс-джыты цардвæндаджы тыххæй хус ныхæстæ фыссын, ома, цыбыр биографийы жанры домæнтæм гæсгæ.

Уæлдай зæрдæрыст та мын у уыцы фæлгæты Лазæры мысын: цы нымад азты дæргъы зыдтам кæрæдзи, уый – хæлар, ныхасæргом лымæнтæй.

Иуахæмы мæ сирвæзт, ныр, зæгъын, æнæхъæн ссæдз азы нал уыдтæн Мæскуыйы.

Афтæ мын:

– Омæ æрцу – фысым дын уыдзынæн!..

Зæрдæ йын бавæрдтон, дæ 70 азы цытджын хуындмæ дын фæзындзынæн, зæгъгæ. Æнхъæлмæ мæм каст, фæлæ, дам, адæймаг йæхицæн фидæны нысæнттæ куы фæкæны, уæд Хуыцау та йæ мидбылты фæхуды. Æмæ мæн дæр æвæстиатæй Абхазимæ цæуын бахъуыд…

Абон дæр ма мæ зæрдæ цæхгæр срæхойы, мæ дзырдæн хицау уон, уый гæнæн мын кæй нæ фæцис, уый тыххæй.

Гусалты Барис

Дунейыл хъуыстгонд скульптор æмæ ахъаззаг литературон курдиатæй дæр рæдауæй хайгонд Гадаты Газейы фырт Лазæр райгуырд 1938 азы 20 июны Къуылдымы хъæуы – афтæ хуыдта йæхæдæг Сырх-Дыгур: *«Къулдуни гъæу, дæ реуæй истахтæнцæ ме ´взонг бонтæ цъæхахстгæнгæ ´мæ ниппурх æнцæ Сурхи бæрзондбæл. Лæварау мин райсæ дæ зæнхи гъармæ мæ уод, мæ фæстаг бон…».*

Амы астæуккаг скъолайы фæстæ бацыд Цæгат Ирыстоны педагогон училищейы нывкæнынад-графикæйы факультетмæ. 1960 азы йæ æнтыстджынæй каст куы фæцис, уæд бахызт Мæскуыйы

Васили Суриковы номыл нывкæнынады институты къæсæрæй æмæ дзы сфæлдыстадон куыстмæ хорз цæттæгонд скульпторæй рахызт – уый та уыди 1966 азы.

Уæдæй фæстæмæ архайдта бирæ равдыстыты Советон Цæдис, Уæрæсе æмæ фæсарæйнæг бæстæты: куы – къордгæйттæн арæзт равдыстыты, куы йын-иу персоналон равдыстытæ дæр сарæзтæуыд Германы, Францы, Швейцарийы, Китайы…

Лазæр ма у зындгонд адæймæгты цыртдзæвæнтæ-скульптурæты автор дæр: Малиты Георгийы (Дзæуджыхъæу), Карашев Темботы (Майкъоп), Александр Пушкины (Мæскуы), Осип Мандельштамы (Воронеж), Гуырдзыбеты Блашкайы (Дигорæ), Советон Цæдисы Хъæбатыр Æхсараты Энверы (Зилгæ)…

Уыцы иу рæстæг Лазæр зæрдæздæхт фæцис аив дзырды гæнæнтæм дæр – фыста æмдзæвгæтæ, этюдтæ, цыбыр радзырдтæ æмæ новеллæтæ. Æмæ уыдон дæр курдиатæй сты иттæг ифтонггонд – лæгмæ сæ ногæй-ногмæ кæсын фæцæуы…

Æрмæстдæр ын дыууæ чиныджы рацыд джиппы уагъдæй иумæйаг сæргондимæ – «Искурдиадæ» – 1989 æмæ 2008 азты.

Гадаты Лазæр йæ уæлæуон æнæууæнк цардæй ахицæн 2008 азы 23 сентябры æмæ æнусон царды йе ´нæкæрон бонтæ æрвитын райдыдта. Гъемæ уыцы дугты хæрзаудæн кæнæд дунейы цард æмæ аивадыл!

ГАДАТЫ Лазæр

МÆЙРУХС ÆХСÆВ

Радзырд

Дугъ кæнын, раст мæ цыма фæсте сургæ чындæуы. Мæ къæхты бын ног карст мæнæуы хырст-хырст цæуы. Хатгай фæныхсынц фадхъулты, æмæ судзаг рыстæй буар бадуды.

Æхсæв цыфæнды рухс куы уа, уæддæр дзаг у сусæгдзинæдтæй. Ауæдзвæдты ауурæттæ, хъæмпы гыццыл рæгъты сау æндæргтæ, быдыры æнæкæрон тыгъдад...

Æхсæв ныссабыр. Мæ къæхты хъæр цæуы сыгъдæг уæлдæфы, æмæ мæм афтæ кæсы, цыма мæ фæстæ иу къорд адæймаджы дугъ

кænынц. Зæрдæмæ бахъуызы тасдзинад, фæлæ уайтагъд айсæфы, æмæ сæры февзæрынц æндæр хъуыдытæ. Уадидæгæн атæхынц Терчы былмæ, ивгъуыд рæстæджы бирæ рæсугъд мæйрухс æхсæвтæ кæм арвыстон, уырдæм...

Дардæй мæм тыгъд быдыры зыны станы сау æндæрг. Тагъд кæнын уырдæм, æххуысгæнæгæй цы комбайнеræн кусын, уымæ. Уый ныр уадзы йæ фæллад, æртæ суткæйы дæргъы, куыд æмбæлы, афтæ нæма бафынæй кодта æмæ абон изæрырдæм ацыд станмæ, мæ фæллад суадзон, зæгъгæ. Комбайн мæ бæрны бакодта, фæлæ мæнæ ныр, хуымы кæронмæ хæстæг, æртыккаг зылды асаст.

Мæ комбайнер Павел Данилович куысты бирæ ракæ-бакæ нæ уарзы. Комбайн цыфæнды афон куы асæтта, уæддæр æй хъуамæ уайтагъд сræвдз кæна, цæмæй рæстæгæй иу минут дæр дзæгъæлы ма сæфа. Мæнæн мæхи бон йе сræвдз кæнын нæу, уый куы бамбæрстон, уæд фæраст дæн станмæ.

Иннæ дыууæ комбайны нæма банцадысты сæ куыстæй, хуымы кæронæй зынынц сæ рухсытæ, денджызы науты дард рухсытау. Рæстæгæй-рæстæгмæ сын рог дымгæ æрбахæссы сæ мынæг хъæр. Æз тындзын размæ. Мæ къах фæцæйсæттын, ауæдзвæдты куы ныххауын, уæд. О, хæйрæджыты амæттаг! Станы сау æндæрг, раст фыццаг куыд зындис, уымæй хæстæгдæр нæ кæны, æз та кæд рараст дæн!

Афтæ у тыгъд быдыры хъуыддаг: тындзыс дæ нысанмæ, уыныс æй, фæлæ дæ уый сайæгау кæны, цыма дардæй дарддæргæнгæ цæуы. Стæй æваст февзæры адæймаджы раз. Казахстаны тыгъд быдыры куыствæлладæй фæндаггон чи уыд, уый йæ хорз зоны.

Хидуымæл асур кæны рог дымгæ. Сæры райхæлы æхсызгон хъуыдыты æндах. Хæрз æвзонг læппуйæ бирæ уарзтон мæйрухс æхсæвты хъæугæрон тезгъо кæнын. Уæд мæ фыццаг уарзондзинад мæхицæй дæр сусæг кодтон, фæлæ-иу мæйæн арæх дзырдтон мæ сæнттæ. О, æрттиваг мæй, зæгъын, чи зоны, ныр мæ хъæдабæцæст гыццыл Зæирæ дæр кæсы дæумæ. Курын дæ, ратт ын мæ уарзондзинады салам.

Æгæрон æмæ сыгъдæг уыд мæ фыццаг уарзондзинад.

Мæ къæхты бын мæнæугарсты хырст-хырст куы фæсабырдæр вæйиы, уæд мæм æрбайхъуысы комбайнты мынæг хъæр. Æхсæв дæр не ‘нцайынц сæ куыстæй. Хатгай фæкусынц дыккаг фынафоны онг, цалынмæ мæнæуы ‘фсиртыл æхсæвы уымæлæй æртæх не ‘рбады,

уæдмæ. Адæймаг йæхæдæг дæр нæ зоны, цас тых ис йе уæнгты, куыд æнæкæрон фæразон у, уый. Марадз æмæ сбар лæджы тых ахæм рæстæг! Адæм хурыскастимæ схизынц сæ машинæтæм æмæ уымæй фæсæмбисæхсæвы онг нæ банцайынц сæ куыстæй.

Буцхаст, фæлмæнбуар чызджытæн хæрз æрæджы дæр ма маникюртæ цы ныхтыл уыдис, уыдон ныр аныгъуылынц сау зæххы хуымы астæу, гутон сыгъдæг кæнгæйæ, æмæ сæ æнувыддзинадæн кæрон нæй. Сæ гыццыл, рæсугъд туфлитæ баивтой цырыхъхъытæй.

Уæздан, æрвхуыз цæстытæ сырх-сырхид сваййынц æнæ хуыссæгæй, фæлæ сæ диссаджы æнæнцой цæхæр нæ мынæг кæны. Фæлмæн буар бахсиды дымгæтæ æмæ тæвд хуры тынтæм, райсы зæххы хуыз. Æрдзы сфæлдыстад хæстæгдæр бацæуы æрдзмæ æмæ сулæфы зæххы риуæй. Зæххы риуыл райхæлы йе ‘рдзон рæсугъддзинад, уалдзæджы улæфтæй дидинæг куыд райхæлы, афтæ.

Мæнæ, æппынфæстаг, стан. Ныллæг, сыджытæй æмбæрзт, тъæпæнсæр цæрæнуат. Гыццыл рудзынгæй зыны цырагъы мынæг рухс. Хæстулæфтгæнгæ, арæхстгай бакодтон дуар. Къулрæбын дæргъæй-дæргъмæ хиарæзт нарæтыл хуыссынц иу-фондз адæймаджы. Гыццыл рæстæгмæ йæхи чи æруагъта, уыдон улæфынц, сæ дзаумæттæ сæ уæлæ, афтæмæй, Адæм фаг нæй, æмæ сæ куысты рæстæг чи раива? Мæ комбайнер хуыссы кæронмæ æввахс æмæ кæны адджын фынæй. Зæххы уæлцъарыл æнæкæрон фæндæгтау йæ цæсгомыл алырдæмты æртыхстысты арф æнцъылдтæ. Йæ дынджыр куыстæфхæрд къухтæ – йæ сæры бын конд. Зæхх ахæм къухтыл лæууы, уыдон ыл узæлынц бон, уыдон ын хъахъхъæнынц æхсæв йæ тарф фынæй

Ацы къæсхуыртæ лæг дыууиссæдз азы бæрц хъусы зæххы риумæ, фæллой йыл кæны æмæ йын æмбары йæ алы улæфт дæр. «Уарзын зæхх, уый дæр мæ æнæуарзгæ нæу, уæдæ куыд? Уыныс, æлвасы мæ йæхимæ», – йæ синтæ кæй фæгуыбыр сты азты уæзæй, уымæ амонгæйæ, хъазгæмхасæнты фæзæгъы Павел Данилович.

Хæстæгдæр бацыдтæн нарæты размæ. Павел Данилович уайтагъд фехъал, рабадт йæ хуыссæнуаты æмæ йæ размæ цырагъы рухс бæрзонддæр сзылдта.

– А, уый ды дæ, Лади? Комбайн кусы? – афарста мæ æмæ йæ къæхтæ зæхмæ æруагъта.

– Нæ, Павел Данилович, нæ кусы, хъæмп нал æппары. Хæйрæджыты амæттаг фæуа, трактористимæ йыл архайдтам, фæлæ... Æгæр, зæгъын, куы ныффæстиат уæм, æмæ дæм уымæн æрбацыдтæн.

– Хорз, де ‘мбæстаджы райхъал кæн, æмæ нæ комбайнмæ аласа, – йæ цырыхъхъыл схæцыд Павел Данилович, æмæ цыма йæ фæстаг дзырдыл æнцайæгау ракодта.

«Ме ‘мбæстаг» кæй хоны, уый шофыр у, ирон лæппу, йæ ном Дзасте, фæлæ йæ иууылдæр «Сау лæппу» хонынц фæсномыгæй, алцæмæ дæр рæвдз кæй у, уымæ гæстæ. Дзасте хуыссы æд дзаумæттæ. Æз æм бацыдтæн æмæ йын йæ цырыхъхъ раивæзтон сабыргай: «Гъæтт, Сау лæппу, дæ сæр нæ бахъуыд!» Уый фæгæпп ласта æмæ мæм комкоммæ æрбакаст, фыццаг йæ мидбылты бахудт, стæй мын ме уæхск æркъуырдта.

– Цас у рæстæг? – бафарста мæ Дзасте æмæ йæ хуыссæнæй æргæпп кодта.

Салдат хæстон фæдисыл куыд сахуыр вæййы, афтæ амы кусæг адæм дæр сахуыр сты æнафон сæ фын фескъуынынныл. Хъуыр-хъуыр дæр ничи бакæны. Павел Данилович нæм æнхъæлмæ каст кæрты, машинæйы раз, æмæ мах дæр уырдæм рацыдыстæм.

– Диссаджы дзæбæх æхсæв, – мæй æмæ стъалытæм кæсгæйæ, загъта Павел Данилович æмæ кабинæмæ бахызт.

Чысыл рæстæджы фæстæ нæ ГАЗ згъордта карст хуымы астæуты нæ комбайны ´рдæм. Машинæ æрцæвæнты хæрдмæ фæхауы. Æртæйæ дæр бадæм фæрсæй-фæрстæм кабинæйы. Фарæты ирд рухсмæ нæ ацæуæнты гæзæмæ февзæрынц хуымы дзыхъхъытæ. Дзасте цырддзастæй кæсы машинæйы размæ æмæ йæ аразы лæгъздæр рæттыл. Павел Данилович аныгъуылд йæ мидхъуыдыты. Чи зоны, йæ зæрдыл æрлæууыд, ауæдзы фыццаг къахдзæфтæ куы кодта, уыцы рæстæг; куыд райдыдта зæххы куыст кæнын хæрз æвзонгæй фыццаг советон трактортыл æмæ уæдæй нырмæ цал машинæйыл куыста. Æнæнцой, цæрдæг лæппу уыд Павлушæ, æдзух кæстæриуæггæнаг йæ хистæр æмбæлттæн, фæлæ-иу хатгай, гутон зæхх куыд фæлдахы, уымæ кæсгæйæ, арф хъуыдыты аныгъуылд.

Ныййарæг зæхх, дæ риуыл схъомыл адæймаг æмæ дын хъуыды

кодта дæ бирæ сусæгдзинæдтыл. Хъуыды кодта, мæнæуы гага сойджын зæххы рæвдыдæй куыд нæрсы, ууыл. Цымыдисæй каст ног æвзарты цъæх-цъæхид сыфтæм. Йæ фæллойуарзаг армытъæпæнмæ-иу систа сæууон æртæх, æмæ уыдта, гыццыл æрттиваг æртæхы арвы цъæх æмæ æрдзы нывтæ куыд зынынц, уый. Кастис æмæ цин кодта, уарын рæстæг зæхх къæвдадон куыд зыдæй нуазы, йæ дойны куыд уадзы, ууыл. Тынг уарзта лæг зæххы тæф, уарыны фæстæ хур куы æрбакæсы, уыцы сахат.

Хæсты рæстæг зæххы улæфт топпыхосы тæф кæнын райдыдта. Уæле йыл хаудысты уæззау сармадзаны нæмгуытæ æмæ хæлдысты йæ риуыл. Æхситгæнгæ-иу æрбатахтысты æмæ афонæй раздæр карстой цъæх мæнæуы ‘взартæ. Зæххы рис æмæ хъæдгæмттæ, йæ хъæрзын арф хъардтой хæстон салдат Павелы зæрдæмæ. Æмæ-иу Павел зæрдæрисгæйæ ахъуыды кодта, куыд æрцæудзæн мæнæу кæрдыны афон, æмæ уыцы æвзарты дзаг æфсиртæ хус сыр-сыр куыд нал кæндзысты рог дымгæмæ...

Фæци хæсты рæстæг. Зæххы куыст кæнынмæ бирæтæ нал æрыздæхтысты. Фондз æфсымæрæй ма хæстæй раздæхт æрмæст иунæг Павел йæ мадмæ. Хуры тынтæ та ногæй рæвдыдтой рыст зæххы, уарынтæ йын фæлмæн æрæхсадтой йæ хъæдгæмттæ, æмæ та фыццагау адджын улæфт скодта. Фæзындысты ног трактортæ, ног комбайнтæ. Фæллойгæнæг та йе ‘ргом аздæхта зæхмæ. Цин кодта сывæллонау Павел, хæстон машинæйы фæстæ комбайнерæй кусын куы райдыдта, уæд. Павел Данилович рæстæгæй-рæстæгмæ йæ мидбылты бахуды, стæй, æнæкæрон тыгъд быдыртæм кæсгæйæ, фæзæгъы:

– Хорз сты хæрзиуджытæ, фæлæ фæллойгæнæг лæгæн йæ зæххыл æнцад-æнцойæ кусынæй хуыздæр хæрзиуæг нæй.

Æз æдзынæг кæсын Павел Даниловичы къæсхуыртæ цæсгоммæ æмæ мæ тынгæй-тынгдæр фæнды, зæхх æмæ фæллойыл æз дæр афтæ æнувыд куы уаин, уый.

Машинæ ма дзыхъхъыты иукъорд цæфы æркодта йæхи æмæ æрлæууыд. Нæ трактарист Вася нæм æнхъæлмæ каст – уайтагъд нæ размæ рауад. Павел Данилович агæпп кодта кабинæйæ æмæ фæраст комбайны ´рдæм.

– Лади, барабан расыгъдæг кæн, лæмбынæг æркæс хъæмп æппарæн рæтæнмæ дæр. Вася, ды та рухс æрбадар! – цæугæ-цæуын

ма радзырдта фæстæрдæм æмæ комбайны бын смидæг. Мах ын уайтагъд февнæлдтам йæ ныхас æххæст кæнынмæ. Павел Данилович уæлдай фæстиат нæ уарзы.

Чысыл фæстæдæр комбайн сræвдз. Бункеры цы мæнæу æрæмбырд, уый Дзастейы машинæмæ авдæлон кодтам, æмæ уый афардæг станы ´рдæм. Мах дæр кæрдгæ араст стæм. Мæнæуы æфсиртæ æхсæвы уымæлæй хуылыдз кæнын райдыдтой, æмæ комбайн бахъæрзы, хуылыдз æфсиртæ найгæнгæйæ. Хуымы кæрон Павел Данилович ныхситт кодта трактористмæ æмæ йæ баурæдта.

– Æгъгъæд фæуæд, лæппутæ. Уымæл у. Райсоммæ уал ам хъæмпыл нæ фæллад суадздзыстæм, стæй та хурыскастимæ бавналдзыстæм нæ куыстмæ, – загъта Павел Данилович.

Быдыр ныссабыр. Банцад комбайнты гуыв-гуыв. Рæстæгæй-рæстæгмæ ма мæнæуы ‘фсиртыл аселф кæны рог дымгæ. Уыдон кæрæдзимæ бакъул кæнынц сæ сæртæ æмæ сусæг сыр-сыр сисынц.

Æз мæхи æруагътон хъæмпы рагъыл. Зæхх мæ адджын хъæбыс ныккодта.

Дард, кæмдæр быдыргæроны, фæстæмæ ныттылд мæй, фæлæ ма цъæх арвы риуыл налхъуыт-налмас фæрдгуытау æнæнымæц стъалытæ тыбар-тыбур кæнынц.

Цасдæр рæстæг ма æдзæмæй кæсын арвмæ. Уалынмæ æрбайсæфтысты стъалыты рухсытæ дæр. Фæллад хъуыдыты сабыргай аленк кодта Зæирæйы мидбылхудт...

Сызгъæрин фестæд фæллойы фæстæ адджын фын æрдзы хъæбысы.

1964 аз

ЦЪИФДЗАСТ

Ганге хуссæни хъанæй лæмбунæг кастæй нæуæг амад фæйнæгутæй конд æнæфснайд стъолмæ. Биндзитæ дув-дув кодтонцæ кæрдзини мортæ ‘ма кæсалги уæлдæйтти аллифарс. Æ амонæн æнгулдзæ æрбакъæдзæ кодта, устур æнгулдзæй æй æрæлхъивта, уæдта ‘й æвваст фæууагъта. Устур сау биндзæ, æ гæндзæхтæ телгæ, диз-диз кодта фæйнæги уæле, уæд еу кæрони равзуридæ, уæд – иннæ кæрони. Æппунфæстаг кæрдзини морти астæу ниссабур æй. Листæг имæ

кастæй Ганге, цалинмæ æзмалдæй, уæдмæ. Биндзæ ку ниссабур æй, уæдта арф ниууолæфтæй ‘ма æнкъардæй ниссæццæ ‘й изæрмелтæ арвмæ къæразгæй. Æзæрди хъурмæ æ уолæфæнти тумбул дорау ниллæудтæй, ранихъуæрун нæбал кумдта.

Æнæ æмбæрзæн къæрæзгитæ æдзæрæгхуз кодтонцæ хæдзарæ. Æнæфснайд къумтæ, цъумур къæхти фæдтæ зæнхи. Æнæ къирæйцагъд пеци рази – хулуй согти кæрæ. «Хæдзари хецау!» – билæскъелæй загъта æхецæн. Ехæнрезæ кодта лæгъуз сæни ниуæзтæй, æнæарт хæдзари уазалæй. Авги буни ма ци сæни лæкъунтæ байзадæй, уони ранихъуардта, е ‘ндæргъцæ раистадæй, æ ходæ царæбæл æмбалдæй: кенæ лæг æгæр даргъ адтæй, кенæ æ нæуæг конд къæси цар ниллæг æвæрд адтæй. Рахизтæй тургъæмæ, ехæнрезæ кæнгæ. Æ хæдзари алли фарс нæдæр – горен, нæдæр – кауæ бид.

Итигъд будури æвæрд нæуæг къæс гъæунгæмæ цæмæдесæй кастæй æ бæгънæг къæрæзгитæй. Гангей фудхуз къохтæ æ гури дууæ фарсеми – зæболæ ауигъд, ефстагмæ æнæбари æзмæлд бакæниуонцæ. Гъæунгæмæ рахизтæй, галеумæ фæззилдта ‘ма нирраст æй æ зонгæ надбæл. Адæн сæ изæргъудтæ кодтонцæ: рæстæгæй-рæстæгмæ райгъусидæ фусти уасун, гъоцити уозæлун сæ уæситæбæл. Гæнге æнæмæтæ æй изæргъудтæ кæнунæй: æ еунæг гъог æ уосæ Зæрæдай хисти нивгарста, хæдзари тикис дæр нæбал байзадæй фонси номæн. Алли бон ниуæзтæбæл хъодий фæндæ искæнуй, изæрæй нæбал ниббухсуй, фæрраст уй æндаг синхмæ. Лæгъуз, фæлмæн сæни авгæ ибæл не сбидтæй, æрмæстдæр æй езгард кæнун кодта.

Цæхгæрмæ гъæунги цъифæ сор некæд кæнуй сæрди хор бонти дæр. Изæр æрдæмæ си хæпсити хъур-хъур нæ сабур кæнуй. Еу рæстæг байгъуста хæпсити унæрмæ, уæдта, кауæбæл хуæцгæ, рæбунтæ рæбунтæ, аргъæвгай бараст æй. Кауи биди æхсæнти пурусатæ исирæзтæнцæ, æ къохæй сæбæл ку фембæлидæ, уæд æй расодзиуонцæ. Хæпситæ ниссабур æнцæ сæ гъæрæй. Æрлæудтæй, æнгъæл кастæй, кæд нæуæгæй сæ хъур-хъур иссæуидæ!

Раст, æ зæрдибуни ци цъимара адтæй, уой хузæн имæ кастæй гъæунги цъифдзаст, æ уæлцъарæ цъæх-цъæхид радардта. «Нуртæкки мæн хурфæй дæр хæпсити уасун исигъуссæй», – рагъуди кодта ‘ма фæттарстæй æ гъудитæй.

Усми дæргъци æ бунати сах лæуд ракодта, уæдта фæстæмæ

раздахтæй, – аци изæр нинниуæзтгун уа, е æй нæ фæндæ адтæй. Ци хъаури хецау адтæй æрæги дæр ма: хуæрзхаст гали сиутæбæл æрхуæстæй, уæд æй æ уæргутæбæл исоадун кæнидæ, финкæ æ гъæлæсæй фендæбилæ уидæ, цуппар лæги ци тугургъæдæ хæссиуонцæ, уой еунæгæй хаста.

«О, дæ мард фесæфа, цæмæти æрхаудтæ!» – уайдзæф кодта æхецæн.

Тегъæбæл нæуæгæй ниссагъæси ‘й...

Изæр æ кæнон кодта: синхи хæдзæртти æддæгвæсте рохситæ фæззиндтæй. Тохонатæй хъуæцæ арвмæ къубулæнттæй æнсанста: фæрнуг хæдзæртти æфсинттæ æхсæвæри зелæн кодтонцæ. «Биццеу, марауадзæ, Гагумæ фæккæсæ горен дасунмæ!» – раст æ хуæд фæстейæй фегъуста æ мадæ Нагъуи дзурд. Фестъæлфтæй. Æ зæрдæ бунтон бампулдæй, нирризтæй. «Кустæй мæхе некæд раздахтон, зæрдæхæлар адтæн, адæмуарзон, хуæрзгъон. Ци æрцудæй, кæци бон, кæци æнамонд анз мæбæл исфæлхæттæй мæ Хуцау?»

Уæллаг Къамати дзæнæтбадæни байзадæнцæ æ рæсугъд кадгин бонтæ. Æ цæстисугтæ нæбал бауорæдта: «Гъе, гормон, дæхебæл фæххуæцæ!» «Нæ, нуртæккæ еу цæфæй агуайæн баниуазинæ!» – тингун кодта...

Æ фæд-фæд раздахтæй фæстæмæ. Аргъæвгай æфсæргæ бахъæрттæй астæумæ. Æ уод нæуæгæй пакъугай тудта «цæуон-мацæуонæй».

Аци хатт иннæ гъæунгæмæ фæххæстæгдæр æй, цъимарабæл бæвгъудæй. Куддæр сор зæнхæбæл æ къах æрæвардта, уотæ æ фæсте хæпсити хъæлæба никки карздæрæй исервазтæй.

Æнцад лæудтæй ´ма сæмæ игъуста. Æхцæуæн ин адтæй хæпсити дæрæгъдзæгай.

Нагъуæ ´й еу хатт гъæдин бедирай хæццæ Наргъи донмæ æрæрвиста Уæллаг Къаматæй. Æгæр тагъд уадæй, дортæбæл фæггурдæй. Æ суйнæ ниццавта, уæдта æ къохæй уæгъæлий синдзитæбæл фæххуæстæй, æ арми тъæпæнтæй тог калдæй, уотемæй æй фæууидта Зæрæда, – е дæр донмæ æрбацудæй. Къотæри фæсте гъæдин къосæй дон кодта бедирай.

Æнæдзоргити æрбацудæй, æ къох ин бабаста къохмæрзæнæй.

Уой адæбæл æ зæрдæ хебарæ нæбал адтæй. Æхсæвæ зæрди дзæбæхæн гъуди кодта, Зæрæда ин æ къох куд фæлмæн рæвдудта, уобæл.

«Æнзти дзæбæхтæ уотæ тагъд цæмæн фæййевгъуйунцæ? Нур ма мæ цард ци ‘й?» Кауин горени уæле æ къохтæ æрæвардта, кастæй дзæхæрай нантихуари бор сифтæмæ. «Нантихуарæн æфснайун афонæ ‘й», – æнæбари гъуди кодта. Гъæунги дууæ лæги хъаугъагæнгæ рæвгъудæнцæ, фæстæмæ дæр сæмæ нæ ракастæй.

Уæллаг Къамати минкъий гъæуи цæргутæ изæрæй фонси æзгулийæй кæрæдзей дзурд дæр нæ игъосиуонцæ.

Æхсæвæ сабур гъæу низгули кæнидæ берæгъти неун гъæдæ ‘рдигæй.

Наргъи дони рази фембæлди фæсте, Ганге еунæг нæбал адтæй; æхсæвæ бафунæййи размæ гъуди кодта Зæрæдабæл: «Айфонмæ цитæ архайуй? Æ бабай къæхтæ æхснуй æви ин уат кæнуй?»

...Берæ рæстæг цардæнцæ еумæ, æвæдзи, кæрæдæмæй бафæлладæнцæ? «Ниллæг сидзæ, сæмпæл реу, е кизгæй ести адтæ, уой фæстебæл дзоргæ дæр нæ кæнун!» – æ мæт искалдæй Гангейæн. Каурæбун æндзæр исбадтæй ‘ма ахæй никкудтæй.

Ефстаг мæйæ рæвгъуидæ æнæ хилæ, æнæ надæй. Ниуæзтгунæй æрбацæугæй, æ мæт æ бийнойнагбæл фæккæнидæ.

Алцæмæн дæр бухстæй Зæрæда, гъаст дæр некæд некæмæн ракодта. Каурæбун хури калдбæл бадтæй Ганге, æ бадæнтæ ристæнцæ, рæстæгæй-рæстæгмæ базмæлидæ.

Фудхуз уæрагисæртæбæл æ сæр æруагъта, минкъий рæстæги фæсте рафунæй æй. Æ фуни æ бийнойнаг Зæрæда æ размæ февзурдæй: «Нур кæми бафунæй дæ? Фестæ, рацо мæ хæццæ!» – дзурдта имæ, фиццагау рæсугъд, гурведауцæ.

Гъæунги дæлæмæ ка рæвгъудæй, еци дууæ лæги фæстæмæ исæздахтæнцæ. Хъаугъа нæбал кодтонцæ. Æнæ дзоргæй цудæнцæ гъæуисæрмæ.

Сæ еу рауидта каурæбун лæг бадгæ. «А Гангей хузæн ку æй, ами ци косуй, кæд ниуæзтгун æй?»

Бацудæй каурæбунмæ ‘ма лæги батилдта. Е æ цæститæ рауурста, раистадæй.

– Ами ци косис?

– Рафунæй дæн.

– ´Ма æндæр кæми бафунæй уай, уагхæн бунат не ссирдтай? – фæйбæл зуст кодта е ‘нхугерифурт Алийхан, – цæуæн нæхемæ!

Минкъий рæстæги фæсте æртæ лæги Алийхани хæдзари гъæйттæй арахъхъ ниуазтонцæ.

Алийхани бийнойнаг Гæтийнæ син цæхгун хуæргæнæстæ, пъамидортæ, цихт никкарста. Фæйнæ æртæ агувзи раниуазтонцæ, ‘ма Ганге е ‘муод æрцæй.

– Нуртæккæ, ку рафунæй дæн, уæд мæ бийнойнаг Зæрæда мæ рази февзурстæй, æхемæ мæ худта, – æнкъардæй загъта Ганге.

– Нæ еугурей дæр уордæмæ гъæуй, бон раздæр, бон фæстæдæр, ци си уæлдай ес? Рохсаг уæнтæ, ка рамардæй, етæ, – загъта Алийхан.

Æмбесæхсæвæмæ хæстæг Ганге фæййарфитæ кодта Гæтийнæн ‘ма рараст æй æ къæсмæ.

Цади уæнгæ ку бахъæрттæй, уæд хæпсити хъæлæба исберæ ‘й. Ганге архайдта каурæбунти, сортæбæл æфсагрун, фал æнæнгъæлти æ галеу къах цъимарай равзуридæ. «Æнæхаири хæпситæ!» – æ маст уонæбæл фæккодта Ганге. Æ рахес къохæй федар хуæстæй кауæбæл, уотемæй архайдта лæмбунæг æфсæрунбæл. Æ сæр гур-гур кодта хæпсити уаст, арахъхъи ниуæзтæй. Цъимарайæн кæрон нæбал адтæй...

24.10.2003

ФЫСДЖЫТÆ ХУДЫНЦ

ГАДЖИТЫ Илас

ХÆРЗГÆНÆГ КЪАМ

Ходы Камал хъæлдзæг ныхас бирæ уарзы. Ноджы фылдæр та кæддæр уарзта йæ «Жигули»-йыл тагъд уайын. Калак æмæ Чъребайы-иу балæууыд, йæ фыдæлты уæзæг Ног Бæтæхъойыхъæу дæр нæ рох кодта. Фæлæ-иу, машинæ скъæргæйæ, хатгай хъусыныл фæци, кæмдæр ирон лæппутæ куыд дзæбæх зарынц, уымæ, æмæ-иу сын йæхæдæг дæр бахъырныдта. Семæ дæр-иу абадт иу фынгыл. Æмæ-иу æй уæд иннæ ирон лæппутæ æрурæдтой, фæндагыл цæуыны æгъдæуттæ кæй халы, уый тыххæй. Ивар та дзæвгар фидын хъуыд.

«Адонæн исты æрхъуыды мадзал хъæуы», – февзæрд йæ сæры. Иу бон бацыд йæ хæлар, автоинспекцийы бæрнон кусæг Гуыбаты Виталимæ æмæ йын йе ’мдзæвгæты ног æмбырдгонд балæвар кодта.

– Æз та дын цы балæвар кæнон, мæ фыд? – фæрсы йæ милицæйы капитан.

– Ды та мын – дæ къам. Æцæг, мæ фырт кæй дæ, уый дæр-иу дзы фæбæрæг кæн.

Камал Виталийæ зынгæ хистæр уыд, æмæ хъазгæмхасæнæй кæрæдзи хуыдтой фыд æмæ фырт. Къамыл дæр афтæ нысангонд уымæн æрцыд фæстæрдыгæй: «Дорогому папаше от любящего сына».

Поэтæн йæ хъул сах абадт. Автоинспекци-иу æй куы баурæдтой, уæд-иу, уыцы хуызист сæм равдисгæйæ, загъта:

– Нæ лæппу дæр уемæ кусы.

Уыдон-иу æм æркастысты æмæ-иу æй, хатыртæ кургæйæ, ауагътой.

Уыцы къамæй хъазт цас ахаста, уый бæрæг нæу, фæлæ хабар Виталийы хъустыл æрцыди, æмæ Камалæй йæ къам фæстæмæ байста.

УЫЙ ДЫН ДЗЫ ТЪОРТ

Уататы Бибо ма уæд нæ республикæйы культурæйы министр уыд, æмæ Аивæдты хæдзары бæрæг кодтой кæйдæр юбилей. Банкеты хистæрæн бадт Бибо йæхæдæг, йæ галиу фарс та – Малиты Васо.

Æртыккаг сидт куы ракодтой, уæд туркаг лæппутæ фынгмæ æрбахастой, йæ уæз 17 килограммы кæмæн уыд, ахæм тъорт фанерыл æвæрдæй.

Гуыдын адихтæ кæныны размæ министры бафæндыд туркæгты «адджын аивад» адæмæн равдисын. Йæ къам сисын баргонд уыди кинооператор Темыраты Миронæн. Тъорт цæмæй хуыздæр зына æмæ йæ уæлцъарыл кремæй фыстытæн бакæсæн уа, уый тыххæй йæ разырдæм акъул кодтой. Гуыдын фæбырыд æмæ Васойæн йæ лæгуын сæрыл æрхауд. Поэт, ног костюм йæ уæлæ, афтæмæй йæ быны фæци.

Адæм, цы ’рцыдис, уый фыццаг нæ бамбæрстой, стæй сыл худæг бахæцыд, æмæ артæнхæлдтæ кодтой. Сылгоймæгтæ уидгуытимæ уадысты æмæ Васойы уæхсчытæ æмæ фæсонтæй сæ тæбæгътæм адджинаг æвгæдтой. Бибо поэтæй хатыртæ куырдта, зæрдæ йын бавæрдта ног костюм балхæнынæй дæр. Уыцы бонты æвдыстой кино «Сладкая женщина». Иу сылгоймаг фæцарæхст, ныхъхъæр ласта:

– А Васо-то теперь у нас самый сладкий мужчина!

Адджинаг асдæрыны æфсон ын уый йæ былтæн куы апъа кодта, уæд роман «Сурмейы хæдзар» æмæ романтикон поэмæты автор бахудт.

Тыххæйты ма сыстад æмæ, паркет пъолыл адджын фæдтæ уадзгæйæ, йæхи ныхсынмæ араст.

ИРВÆЗЫНГÆНÆГ

Хъайтыхъты Геор ма Фысджыты цæдисы разамынды сæрдар куы уыд, уæд уарзта йæ кусæнуатмæ адæмы хонын æмæ сын йæ ног æмдзæвгæтæ кæсын. Иу сæрдыгон райсом та сбадт æмæ фæссихæрттæм ацъапп ласта поэмæ «Киров Туалгомы», фæлæ йæ кæмæн бакастаид, уый нæ уыд. Йæ сæр балкъонæй проспектмæ радардта æмæ Горькийы уынджы тигъыл лæугæйæ ауыдта поэт

Сидахъты Симоны. Уайтагъд йæ уæлхъус февзæрд æмæ йын йе уæхск æрхоста:

– Æвæццæгæн та Алагирмæ цæуыс. Дæ къухфыст дын типографимæ арвыстон. Дыууæ-æртæ мæймæ дæ чиныг рухс фендзæн.

– Уый мæт мæ нæй. Дысон-бонмæ æппындæр нæ бафынæй дæн. Мæ дæндаг мæ аргæвста, æмæ йæ дохтырмæ æппарынмæ цæуын.

– Йæ хос – мæнмæ. Цалынмæ трамвай цæуа, уæдмæ дын мæ ногфыст кадæг акæсдзынæн, æмæ дæ дæндаджы рыст æрбайсæфдзæн.

Симон уæздан лæг уыди. Йе ’мдзæвгæты æмбырдгонд цалдæр азы лæууыд чингуыты рауагъдады. Геор та йæ кæй сайы, уый æмбæрста, фæлæ йæхи ныффидар кодта. Сæргуыбырæй лæууыд æмæ йын йæ «шедеврмæ» хъуыста. Адæмон поэт йæ фыццаг рæнхъытæ бакаст ныллæг хъæлæсыуагæй, фæлæ уый фæстæ йæ гæндзæхтæ тилын байдыдта, бæстæ йæ сæрыл систа. Йе ’рра хъæрмæ хъусгæйæ, Симонмæ афтæ каст, цыма йын йæ сæры зæгæлтæ къуыры. Ризæг ыл бахæцыд. Дæндаджы рыст тынгæй тынгдæр кодта, телыхъæдыл йæхи бауагъта, йæ хид фемæхст. Цæуджытæ сæ алыварс æрлæууыдысты æмæ æнахуыр диссагмæ кастысты. Геор та не ’нцад, лæхурдта æмæ лæхурдта.

– Симон, бафæраз. Йæ тæккæ дзæбæхмæ йын бахæццæ дæн. Сымахыл фыст куы у, туалтыл, – загъта йын иу афон æмæ та дарддæр ахæцыд.

Сидахъы-фырт хæсты рæстæджы дæр ахæм уынгæг уавæры никуы бахауд. Фондз трамвайы ауагъта, æхсæзæм куы ’рхæццæ, уæд кæцæйдæр фæзынд «Проспекты директор» (афтæ хуыдта йæхи) Хъайттаты Сергей. Симоны трамвайы абадын кодта, йæхæдæг йæ бынаты алæууыд. Поэт æмæ драматург кæрæдзи къухтæ райстой æмæ ныххудтысты.

ПАРТИЙЫЛ ÆХСИТГÆНÆГ

Ситохаты Саламджери цалдæр мæйы дикторæй акуыста Цæгат Ирыстоны радиойы. Кæсын-иу æй бахъуыд «СЦКП» (Советон Цæдисы Коммунистон Парти) арæх кæм æмбæлд, ахæм текст. Йæ

раззаг дæндæгтæй иу саст уыд, æмæ-иу кæсгæ-кæсын дамгъæ С-йæ рауади æхситт.

Партийы обкомы пропагандæ æмæ агитацийы хайады сæргълæууæг Тотраты Абхаз уый æнæ бафиппайгæ нæ фæци, æмæ йыл куы амбæлди, уæд æй бафарста:

– Барæй афтæ кæныс, æви уый цавæр æхситт вæйиы?

– Мæ раззаг дæндæгтæй иу саст у, – загъта Саламджери æмæ йæм æй равдыста.– А дыууæ боны мын ног сæвæрдзысты.

– Освистал ты нашу партию, освистал.

1937 аз куы уыдаид, уæд Саламджерийыл Сыбырмæ ахситт кæнын кодтаид, фæлæ ныр йæ къухтæ баст уыдысты. Ситохы-фырты Горæтгæрон районы радиомæ арвыстой, æмæ дзы Левитаны хъæлæсимæ дикторæй фæкуыста зæронды кармæ. Информацитæ дæр йæхæдæг амал кодта. Фыста æмдзæвгæтæ, радзырдтæ, пьесæтæ. Мыхуыры йын рацыд 12 чиныджы поэзи æмæ прозæйæ. Уыд Фысджыты цæдисы уæнг, радтой йын нæ республикæйы сгуыхт кусæджы кадджын ном. Кæмæндæр йæ сины саст куыд фæрæстмæ, Саламджерийæн та афтæ – йæ дæндаджы саст.

«ÆВСЁ» ЗÆГЪ ÆМÆ ЙÆ АНАЗ

Советон дуджы фыссæг ныræй кадджындæр уыди. Адæмты фыд Сосо сæ хуыдта «адæймаджы уды инженертæ», «пролетарон хъуыддаджы винтытæ æмæ болтытæ». Ленинон, Сталинон, Паддзахадон премитæ сыл ихуарæгау кодтой дуне æхцатимæ. Лæвар фатер, ног хæдтулгæ дын аслам аргъæй. Фысджыты цæдисы уæнгтæ паддзахады хардзæй улæфыдысты санаториты. Поэты алы рæнхъæн дæр фыстой сом æмæ 60 капеччы (ныры æхцайæ 100 сомы). Сæ чингуытæ сын типографитæ уагътой конвейерæй. Æцæг, Ленин, Сталин, парти æмæ советон цардарæзтæй æнæвгъау æппæл.

Иу поэтæн та Мæскуыйы йæ чиныг рацыд, æмæ йе ´ртæ кæрдзынмæ æрхуыдта фысджыты.

Цæрукъаты Алыксандр æмæ Багаты Лади фæрсæй-фæрстæм бадт фесты. Ладимæ-иу сидты бар куы ’рхауд, уæд бирæ дзырдта. Алыксандр дзы сфæлмæцыд, æмæ та уый æд сыкъа куы сыстад, уæд æм нал фæлæууыд:

– Лади ,«æвсё» зæгъ æмæ йæ аназ.

Баснятæ фыссæгæн дæр ма цы гæнæн уыди: бахудт æмæ нуазæн йæ былтыл сдардта.

ЧИНЫГДАВÆГ

Ме ’фсымæр Георги уæд Коцойты Арсены уынджы цард, арæх-иу æм æрбауади поэт Балаты Тембол. Иу хатт æм æхсæвиуат дæр бакодта. Йæ иу къулыл хæрдмæ чингуытæ амад кæмæн уыдысты, уыцы уаты схуыссыд диваныл. Фæсæмбисæхсæв рабадт æмæ чингуытæм фæкомкоммæ.

Бирæ сæм фæкаст, стæй дзы иу равзæрста æмæ йæ сабыргай иннæты ´хсæнæй æддæмæ ласын райдыдта. 500 чиныгæй амад къул ракалд, æмæ Тембол йæ быны фæци. Гуыпмæ иннæ уатæй Георги рагæпп ласта. Сыхæгтæ, Сланты зæронд ус æмæ лæг дæр ын йæ дуар ныххостой æмæ æрбауадысты. Чингуыты кæри фæйнæрдæм акодтой æмæ дзы «Волчы» сластой. Волк ном Тембол йæхиуыл йæхæдæг сæвæрдта, Георгиимæ ма Мæскуыйы литературон институты иумæ куы ахуыр кодтой, уæд.

Кæй дзы адавынмæ хъавыдтæ, зæгъгæ йæ ме ’фсымæр куы бафарста, уæд уый Дзанайты Иваны чиныгмæ ацамыдта:

– Нæхи Нигеры, æндæр кæй?!

– Æз дын æй афтæмæй дæр раттаин. Æгайтма æгасæй баззадтæ.

МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ

● 12 июлы РЦИ-Аланийы Фысджыты цæдисы уыд семинар, æмдзæвгæтæ æмæ прозаикон уацмыстæ фыссынæй кæстæрты ‘хсæн йæхи чи фæлвары, уыдонæн. Фысджытæ Агънаты Гæстæн, Скъодтаты Эльбрус, Колыты Витали, Хохойты Энвер, Гуырдзыбеты Иринæ æмæ Дзæуджыхъæуы Центрон чиныгдоны хайады сæргълæууæг Мурасты Риммæ сын равзæрстой сæ уацмыстæ æмæ сын скодтой цæстуарзон фиппаинæгтæ.

● 13 июлы йæ цардæй ахицæн УФ-йы сгуыхт æмæ Цæгат Ирыстоны адæмон артисткæ, Ирыстоны намысы майданæй хорзæхгонд, номдзыд ирон оперон зарæггæнæг Котолиты Мария Сергейы чызг.

● 28 июлы Хъарман-Сындзыхъæуы поэт æмæ дохтыр Айларты Чермены 85 азы юбилейы фæдыл уыд мысæн изæр. Сарæзтой йæ РЦИ-Аланийы Фысджыты цæдисы разамынд æмæ Сындзыхъæуы Культурæйы хæдзары чиныгдоны директор Бибылты Фатимæ. Архайдтой дзы фысджытæ, нывгæнджытæ, дзыллон хабархæссæг фæрæзтæ.

● 31 июлы РЦИ-Аланийы Фысджыты цæдисы уыд цæлхæмбырд Ирыстон Уæрæсеимæ барвæндонæй баиуы 245 азы кадæн. Архайдтой дзы Цæгат Кавказы Фысджыты цæдисты сæрдартæ, Абайты Васойы номыл гуманитарон æмæ социалон иртасæнты институты æмæ Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты ахуыргæндтæ. Ныхас цыд Цæгат Кавказы адæмты Уæрæсеимæ баиуы ивгъуыд, абон æмæ фидæны фарстатыл, литературæйы фæрцы кæрæдзиимæ хæлардзинады ахастдзинæдтæ фидардæр кæныныл. Цæлхæмбырдмæ сæ Арфæйы фыстæджытæ æрбарвыстой РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Битарты Вячеслав, УФ-йы Фысджыты цæдисы сæрдар Николай Иванов.

● 8 августы Цхинвалы Цæгат æмæ Хуссар Ирыстоны разамынд æмæ цæрджытæ сарæзтой, Хуссар Ирыстоны сæрвæлтау сæ сæртæ чи снывонд кодта, уыдоны мысæн бон.

● 2008 азы 26 августы Уæрæсейы Президент Дмитрий Медведев йæ къух бавæрдта Хуссар Ирыстоны паддзахадон хæдбардзинад банымайыны тыххæй Указы. Ахæм уынаффæ рахаста, Гуырдзыстоны разамынд цы фондзбонон хæст бандзæрста, уый фæудæй дыууæ къуырийы фæстæдæр. Æрвылаз 26 августы ирон адæм бæрæг кæнынц уыцы бон.

● 8 августы йæ цардæй ахицæн РЦИ-Аланийы театралон архайджыты цæдисы уæнг, режиссер, Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты аивæдты факультеты театралон аивады кафедрæйы хистæр ахуыргæнæг Цæлыккаты Земфирæ Мæирбеджы чызг.

● 15-31 августы Цæгат Кавказы нырыккон аивады афæдзы сæйраг мадзал – XII æппæтадæмон симпозиум «Аланика»-йы архайынæн Дзæуджыхъæуы æрæмбырд сты уæрæсейаг æмæ фæсарæйнаг нывгæнджытæ. Уыдон Ирыстоны нывгæнджытимæ сарæзтой иумæйаг проекттæ бынæттон культурæ æмæ цардыуаг хуыздæр базонынæн. Ацы аз симпозиум схуыдтой «Акæс фидæнмæ». Уыцы хъуыды та æрцыд «Аланика-2019»-ы куратор Витали Пацюковмæ.

Цъарыл разæй:

Есенаты Æхсар. *Алайнаг кувæндон*

* * *

Шеф-редактор М.Б. БУТАЕВА
Дизайн, верстка М.Т. БАГАЕВ
Корректор А.К. КАРГАЕВА
Специалист по информационным ресурсам А.А. ГАБИСОВ

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алания.

Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00148 от 9 июня 2017 г.

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна, уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

Журналмæ цы къухфыстытæ лæвæрд цæуынц, уыдон редакци рецензи нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ нæ дæтты.

Учредитель: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций РСО—Алания 362003. г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

Адрес редакции: 362015, г. Владикавказ, пр. Коста 11.
E-mail редакции: mahdug@mail.ru; http: // www.mahdug@mail.ru.
Тел.: гл. редактор – 25-09-64;
отдел поэзии, корректор – 25-09-74; бухгалтерия, компьют. цех – 25-22-47.

Подписано к печати 15.07.2019 г. Формат издания 60x84 1/16. Бум. офсет. №1.
Гарнитура шрифта Times New Iron.
Печать офсетная. Усл. п. л. 8,37. Учетно-изд. л. 8,43. Тираж 1000 экз.
Заказ №485. Цена свободная. Выход из печати 26 августа 2019 г.

Отпечатано в ОАО «Осетия-Полиграфсервис»
РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.